# МАХ ДУГ



1

2025





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

**1**
2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........ 5

**ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪО: 125 АЗЫ**
Литературæйы зиууон ........ 8
ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо. *Радзырдтæ* ........ 10

**ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТ: 90 АЗЫ**
ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат. Æхсæвы тарæй райхъуыст хъæлæстæ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 20

**ЦОМАЙТЫ РОСТИСЛАВ: 65 АЗЫ**
ЦОМАЙТЫ Ростислав. Тæхынц зырнæджытæ мæ сæрмæ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 26

**ПРОЗÆ**
ХУЫГАТЫ Сергей. Арвы нæмыг. *Роман* ........ 31

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
ТАБОЛТЫ Артур. Шпион. *Роман* ........ 95

**СÆ НОМÆН, СÆ КАДÆН**
БЫРНАЦТЫ Барон. Мортешы чумæдантæ. *Радзырд* ........ 114
Цæй æмæ та ахудæм! *Миниатюрæтæ* ........ 118

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
КОКОЙТЫ Эльзæ. Хуры хурзæрин ræу тын. *Æмдзæвгæтæ* ........ 122

**НÆ УИДÆГТÆ**
МАМИАТЫ Таймураз. Дзигойы фæндæгтыл балц. *Уац* ........ 132

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
НАФИ. Поэтæн мæрдырох нæй. *Уац* ........ 136

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# ӔМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТӔ



## УӔЛАХИЗТӔМ ФӔНДАГЫЛ

Ӕппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас» ацы аз йæ куыст адарддæр кæндзæн, «Аланты Ныхас», зæгъгæ, ахæм номимæ. Ахæм ном организацийыл бæрзонд хæстæ æвæры, æмæ сæ æххæст кæндзыстæм Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны разамонджыты æххуысæй.

Демографи, æвзаг, экономикæ, фæсивæды хъомылад – æппæт уыдæттæм здæхт цæудзæн стыр æргом. Ноджы ма – Сæрмагонд æфсæддон операцимæ, нæ хъайтар фæсивæдæн æххуысы фарстатæм.

Ирон адæмы XI съезды ныхас цыд Ирыстон дыууæ дихы кæнæг арæныл. Уый тынг тыхсын кæны цæрджыты, къуылымпы кæны экономикæйы æмæ бирæ æндæр къабæзты рæзт, æмæ ам дæр нæ хæс у нæ хъуыдытæ æмæ хъæппæристæ алы æмвæзады бæрнон кусджытæн дзурын.

Ӕхсæнадон организацийæн, иуæй, йæ авналæнтæ уæрæх не сты, фæлæ, иннæмæй, йæ бон у дзыллæйы цин æмæ сагъæс хицаудзинады оргæнтæм хæццæ кæнын, æмæ нын уый нæ ныфсыл ныфс æфтауы. Нæ активисттæ раздæрау æмбæлдзысты адæмимæ горæттæ æмæ хъæуты, цæудзысты фембæлдтытæм скъолатæм æмæ иннæ ахуыргæнæндæттæм, æмæ афтæмæй бæрæггонд цæудзæн, ныртæккæ сæйраг æргом цæмæ аздахын хъæуы, уый.

Цæгат Ирыстоны ветеранты советы сæрдар уæвгæйæ, ме ‘мхъуыдыгæнджытимæ архайдтон ацы азы сæйраг бæрæгбон – Уæлахизы 80-азмæ цæттæ кæныныл. Кусы оргкомитет «Уæлахиз», æмæ уый иумæйаг пъланы фæлгæты æвдисæн уыдзыстæм бирæ хорз хабæрттæн. Нæ республикæйы ма баззад Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 16 ветераны, æмæ уыдонмæ арæзт уыдзæн нæ бузныджы æмæ арфæйы ныхас. Мадзæлттæ та ахъаз уыдзысты нæ хъæбатыр фыдæлты рухс ном

мысынæн, ног фæлтæрты хъомыладæн, нæ фидæн ивгъуыдæй аразынæн. Ацы хъуыддаджы дæр «Аланты Ныхас»-ы уындзыстут раззагдæр архайджытимæ.

Æнæмæнг æнгомдæр балæудзыстæм Сæрмагонд æфсæддон операцийы æдзард хъæйтарты бинонты фарсмæ. Уыдон хъуамæ æнкъарой, сæ зын уавæрты иунæг кæй не сты, сæ рыстæй сын йæхимæ айсынил æппæт æхсæнад дæр кæй архайы…

«Аланты Ныхас»-æн ис ахъаззаг куыст кæнæг хуссарирыстойнаг хайад. Уыимæ иумæ æнгомдæр кæндзыстæм дыууæ республикæйы 'хсæн ахастытæ. Ирыстонæй дард рæтты не 'мзæххонтимæ кусынц ирон æхсæнадтæ æмæ диаспорæтæ, æмæ уыдонæн дæр организаци раздæрау уыдзæн ныфсы мæсыг. Æхсæнад æрбангом кæныны охыл æнæмæнг æмгуыст кæндзыстæм бирæ æндæр алыхуызон организацитимæ дæр. Ирыстон бирæнацион республикæ у, æмæ алы адæмыхæттытæ кæрæдзийы куынæ 'мбарой, хуыздæр фидæнмæ иумæ куынæ тырной, уæд ницавæр рæзтыл дзурæн уыдзæн.

Ног æнтыстытæм тырны нæ Фæсивæдон комитет. Уый нæм æрбахæстæг кæндзæн, йе 'мгæрттимæ кусын, раст фæндагыл сæ аразын кæй фæнды, фылдæр ахæм патриотты. Тынг хорз фæсивæд нæм ис, æмæ сæ мах, хистæртæ, хъуамæ нæ царды фæлтæрддзинадæй хайджын кæнæм. Нæ иннæ комитетты дæр бамбырд хъуыддагыл зæрдæйæ тыхсæг, хорздзинад тауынмæ арæхсæг адæм.

Журнал «Мах дуг» хауы, Ирыстоны мыхуыры оргæнтæй ирон æвзаг хъахъхъæнын æмæ парахат кæныныл æнувыддæрæй чи архайы, уыдоны рæнхъмæ. «Аланты Ныхас» дæр уымæ стыр æргом здахы, æмæ ацы аз царды рауадздзæн æвзаджы фарстатимæ баст хъæппæристæ. Алчи дæр хъуамæ æмбара – æвзаг цæры, цалынмæ йыл адæм дзурынц, ног литературон уацмыстæ йыл нывæндынц, сабиты йыл æфтауынц, уæдмæ æмæ йæхи бынаты бавæрæн хæсса, ирæттæ цæмæй ирæттæй баззайой, уымæ.

Куыд уынæм, афтæмæй нæ тырнæнтæ, хæстæ æмæ нысантæ бирæкъабазджын сты. «Аланты Ныхас» уыд æмæ уыдзæн адæмимæ, æнкъардта æмæ æнкъардзæн æхсæнады улæфт, архайдта æмæ архайдзæн Ирыстоны хуыздæр сомбоны сæраппонд. Æмæ мæ фæнды, не 'ппæтæн дæр Ног аз ног хæрзтæ цæмæй æрхæсса, нæ кæстæртæ сабыр дуджы цæмæй хъомыл кæной, Уæрæсеимæ иумæ цæмæй нæ райдзаст фидæнмæ тырнæм. Æппæт уыдæттæн уавæртæ ис, алцы дæр у нæхицæй аразгæ, æмæ кæрæдзийы фарсмæ куы балæууæм, уæд не 'гъдауы, нæ кад æмæ намысы мæсыг фидарæй-фидардæр æмæ бæрзондæй-бæрзонддæр кæндзæн!

*ФРИАТЫ Хъазыбег,*

*Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы сæрдар*

# ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪО: 125 АЗЫ



**(1900 – 1937)**

*Сгуыхтыл дис кæнын, тохы романтикæ уарзын, лæгдзинад поэтизаци кæнын, намысджын адæймагæн кад кæнын – уыдон сты Сикъойы сфæлдыстады эстетикон æууæлтæ.*

*НАФИ*

# ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЗИУУОН

Уый дæр уыд, йæ цард Ирыстон æмæ ирон адæмы хæрзæбонæн чи снывонд кодта æмæ уый тыххæй чи бацарæфтыд, уыцы зынгзæрдæ патриоттæй, ирон дзырдаивады размæцыдæн стыр ахъаз чи фæцис, уыцы номдзыд фысджытæй – Хъуылаты Садуллæйы фырт Созырыхъо (Сикъо). Хъуылайы-фырт æртынæм азты райдайæны бахауд Ирыстоны тæккæ хъомысджындæр æхсæнадон архайджыты номхыгъдмæ, уыди дæсны нывгæнæг æмæ литературон куыст цырынгæнæг.

Созырыхъо райгуырд 1900 азы тъæнджы мæйы Хуссар Ирыстоны Згъуыбиры хъæуы. Бинонтæ уыдысты бирæ, фæллойуарзаг æмæ æнгом. Мад æмæ фыд сæ зæнæджы хистæры бафтыдтой ахуыры фæндагыл. Фæлæ Садуллæ 1909 азы цардæй ахицæн, æмæ хæдзарыдзаг бинонтæ баззадысты мады æвджид. Æййæфтой царды зынтæ, уыдысты цыбыркъух, фæлæ лæппуйы йæ ахуырæй нæ фæиппæрд кодтой. Созырыхъо фыццаг каст фæци Уанелы хъæууон скъола, стæй йæ 1909 азы радтой Гуры гимназмæ. Зæрдæргъæвд лæппу рæвдз разынди ахуырмæ, хорз арæхст ныв кæнынмæ, гитарæйыл цæгъдынмæ.

Æрбалæууыд знæт дугивæн – 1917 аз, æмæ Созырыхъойы дæр нал æвдæлд ахуырмæ, йæхи снывонд кодта революцион змæлдæн, ирон фæсивæды разæнгард кодта сæрибары сæрыл тохмæ.

Ирон адæмы ныхмæ расидтæуыд æгъатыр геноцид. 1920 азы Ирыстоны хуссар хай туджы лæсæнты бын фæкодтой Гуырдзыстоны националистон тыхтæ. Цхинвалы йæхи кæрты фыдмард акодтой Созырыхъойы мад Натъайы йæ хæрæфыртимæ, фæмард сæ дарæг, сæ аудæг – Созырыхъойы фыдыфсымæр Алыксандр. Уыцы æвирхъау цаутæ фæстæдæр фыссæг ирдæй равдыста йæ зындгонд уацмыс «Тугæй æлхæд»-ы. Созырыхъо архайдта Бургъустаны хæсты дæр, æмæ дзы уый дæр 1921 азы сыздæхт уæлахиздзаутимæ.

Хъуылаты Созырыхъо иудадзыг уыд æхсæнадон куысты тæккæ тæмæны. 1921 – 1923 азты куыста Хуссар Ирыстоны фæскомцæдисон организацийы разамонæгæй. 1923 – 1928 азты ахуыр кодта Мæскуыйы Тимирязевы номыл хъæууонхæдзарадон академийы. Райста экономисты дæсныйад, фæлæ, фæстæдæр йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй йæ зæрдæ тынгдæр æхсайдта сфæлдыстадон, литературон куыстмæ.

1928 азы сыздæхт Ирыстонмæ æмæ кусын райдыдта журнал «Фидиуæг»-ы редакторæй. Архайдта мыхуыры куыст æмæ культурæйы размæцыдыл. 1930 азы кæфты мæйы Цхинвалы уыдис Ирыстоны фысджыты съезд. Сæйраг докладгæнæг дзы уыд Созырыхъо. 1931 азы йæ кусынмæ акодтой Калакмæ, Гуырдзыстоны Компартийы ЦК аппаратмæ. 1935 азы йæ снысан кодтой Хуссар Ирыстоны рухсады адæмон комиссарæй. Уыцы бынаты фæкуыста 1937 азмæ, йæ царды трагикон кæронмæ.

Созырыхъо йе сфæлдыстадон куыст райдыдта поэтикон фæлварæнтæй. Цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон бирæ не сты, фæлæ ахсджиаг бынат ссардтой ирон поэзийы къæбицы. Сæ мидис у хуымæтæг, æмæ сын ис иунæг нысан – сæрибармæ тырнын. Сиды сæ цагъарадон цардыл хъоды кæнынмæ («Гаджидау», «Ахæсты катай», «Баст цæргæс», «Æхсæв», «Тох æмæ фæллой»).

Чи зоны йын фылдæр бантыст поэтикон уацмыстæ сфæлдисын, фæлæ йын не 'рхæццæ сты абоны онг, 1937 аз ын йæ цардау скуынæг кодта йе сфæлдыстадон бынтæ дæр, йе 'мдугон æмæ æмкоймаг Беджызаты Чермены уацмысты фылдæр хай дыууынæм азы сыгъд куыд æрцыдысты, афтæ. Баззад ын дыууæ кадæджы: «Тотырадзы зарæг» æмæ «Таймуразы зарæг».

Дзырд дæр ыл нæй, Созырыхъойæн йе сфæлдыстадон хъару ирддæрæй кæй разынд прозæйы жанры. Йæ радзырдтæ сты ирон новеллæйы иууыл бæрзонддæр æмвæзадыл. 1928 азы Цхинвалы мыхуыры рацыд йæ новеллæты æмбырдгонд «Таурæгътæ». Уыцы æмбырдгондмæ хаст æрцыдысты «Фыййауы катай», «Хохаджы хъæстытæ», «Номылус», «Æртындæсæй иумæ», «Иудзонгон», «Муссæйы скъола» æмæ «Ног фæндаг». 1931 азы та йын Дзæуджыхъæуы рацыд æмбырдгонд «Уацмыстæ. 2-аг чиныг». Ацы чиныгмæ та йæ хуыздæр уацмыстæй хаст æрцыдысты «Æфсæн уæйыг», «Дзуттаг Ошуахъ», «Мæрдты бирæгъ», «Музейы», мысинæгтæ «Тугæй æлхæд», пьесæ «Хъæу фенкъуыст» æмæ кадæг «Тотырадзы зарæг». Уыдон сты йæ зындгонддæр уацмыстæ.

Курдиатджын фыссæгæн йæ уацмысты астæумагъз сты романтизм æмæ реализмы фæрæзтæ.

Созырыхъо, куыд мидхæсты активон архайæг, йæхи цæстæй федта социалон ныхмæвæрддзинæдтæ æмæ стыр хæсты тугуарæн фæс-

тиуджытæ, бавзæрста сæ йæхи удыл. Уымæ гæсгæ йе сфæлдыстады сæйраг бынат ахсынц мидхæсты цаутæ, хæсты нывтæ æмæ трагикон хъысмæттæ. Равдыста сæ бæрзонд аивадон фæрæзтæй, реализмы фæлгæтты.

Йе сфæлдыстады ахсджиаг бынат ахсынц советон царды мидзмæлд æмæ æууæлтæ. Уый йæ хъус дардта ног цардыуаджы рæзтмæ, адæмы ахастмæ æмæ сæ лæмбынæгæй равдыста йæ зындгонддæр уацмысты.

Ахсджиаг бынат ис Созырыхъойæн ирон прозæйы жанры, нымад цæуы ирон советон литературæйы бындурæвæрджытæн сæ иуыл.

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

# МУЗЕЙЫ

*Радзырд*

Де знаг гæды зæгъæд: мæнг ныхас кæмæй нæ сирвæзы, фæлæ ацы хабарæй мæнг ницы ис.

Айразмæ сæмбæлдтæн мæ хорз æмбæлттæй иуыл.

Мæ цонгыл мын фæхæцыд æмæ мæ музеймæ баласта.

Ницы æмбарын музейы хабæрттæн: цæйдæр æрхуыйы гæппæлтæ дзы ис, фыдæлтыккон къухдарæнтæ, хæцæнгæрзтæ. Мæ фыд Малхазы не ссардзынæ уым, уый йеддæмæ дзы цы нæ ис! Йæ иу хатæны та – рагон хъадамантæ: цагъайраг адæмы уыдонæй бастой раджы заманы. Уыдис дзы зæронд тырысатæ, бирæ цыдæртæ.

Уалынмæ кæсын: иу хицæн фæйнæгыл сырх хъæдабæйы уæлæ сæры къуыдыр, адæймаджы сæры къуыдыр.

Абон дæр мæ разы цыма лæууы, афтæ мæм зыны. Рох мæ нæ кæны уыцы диссаджы сæры стæг. Лыстæг æм æркастæн: кæрæйкæронмæ фаст, æхсаргардæй цæф у æнæмæнг. Арæхстджын къухæйноджы йæ уæлæ фыст: «Ацы сæры къуыдыр у хохаг ирон сылгоймаджы. Идæдз ус уыд. Иунæг. Фырт ын уыдис. Уый дæр ын фæстаг тохы амардис.

Нæ бацауæрста сау знаг сылгоймагыл дæр. Ссардтон æй Дзауы комы, музейæн æй лæвар кæнын. 1921 аз. Дауыт Хъоранели».

Дзауы комы иу къуыппы уæлæ – хъæу. Йæ уæлæ – тар хъæд, йæ быны та фæз хъæдабæйау цъæх дары.

Уым ӕрбадтысты ӕфсад, нымӕцӕй дзӕвгар. Сӕ бӕхтӕ – баст, ӕхсынынц идӕттӕ, хуырррытт кӕнынц. Цалдӕр сармадзаны сӕ дзыхтӕ ӕфцӕджы ʻрдӕм саразтой, цыма исты хӕринаг домынц сӕхицӕн, уыйау.

Ацы ʻфсады цы хъуыд ам, уый бӕрӕг нӕ уыдис. Чи зоны, загъдкъахӕн дӕр кодтой. Ӕрмӕст уый алчи дӕр зыдта, хъӕуы адӕм сӕм зулмӕ кӕй кастысты, цыма сӕ се сӕфт уыдтой, уыйау.

Иубон куы уыдис, уӕд хъӕугӕрон цӕрӕг Сабе уӕливыхтӕ скодта, ацы ӕцӕгӕлон хӕстон адӕмӕй дыууӕ ӕфсӕддонмӕ фӕсидти, дзаг фынг сын сӕ разы ӕрӕвӕрдта. Сӕ дӕрзӕг цинелты мидӕг рабадтысты уыдон дӕр.

– Ахӕр, мӕ хур, ахӕр, – дзуры йӕ уазджытӕй иуӕн, къӕсхуырдӕр сӕ чи уыд, уымӕн, йӕ ном – Дауыт. Иннӕ нырма хорз архайы, нӕртон комдзӕгтӕ кӕны, цыма иу къуыри къутуйы бын фӕцис ӕххормагӕй, уыйау.

Сабейӕн йӕ фезмӕлд нырма цӕрдӕг уыди, арӕхстджын. Йӕ цӕсгомыл мады рӕвдыд ӕнгас мӕйрухсау ӕрттывта.

Ӕфсин ӕмӕ уазджытӕ гӕзӕмӕ ӕмбарынц кӕрӕдзи. Сабейӕн быдыры хӕстӕджытӕ уыди, цыдӕртӕ базыдта гуырдзиагау. Дауыт дӕр иронау чысылтӕ ӕмбӕрста, – хӕрз лӕппулӕг, къӕсхуыр, йӕ сау цӕстыты мидӕг ӕдзух дӕр мидбылхудт зынд.

– Дӕ хуызӕн, раст дӕ цахъхъӕн фырт мын ис, мӕ хъӕбул... – сирвӕзти Сабейы дзыхӕй, фӕлӕ уайтагъд ферхӕцыд, цыма тасы къӕм февзӕрди йӕ цӕсты.

– Ӕмӕ кӕм ис ныр? Баууӕнд ныл, махӕй ма тӕрс!

Дауыты зонджын цӕсгомыл зындис, йӕ бафарсты мидӕг хиндзинадӕй, сусӕг фыдӕхӕй кӕй ницы уыд.

– Нӕ зонын, мӕ хъӕбул, сымах ссыдмӕ ӕфцӕгӕй ахызт. Цы уын ӕй бамбӕхсон, нӕ бӕззынц нӕ хицӕуттӕ, хъыгдарынц адӕмы.

– А-а, ӕвӕццӕгӕн, уый дӕр махимӕ хӕцынвӕд кӕны?

– Хӕцинаг нӕ бӕргӕ ницы уыди. Кӕсут, ныр иунӕгӕй баззадтӕн хъӕды халонау, мӕ ахсджиаг та, чи зоны, искуы ӕххормаг у. Дӕ хуызӕн у уый дӕр, дӕ цахъхъӕн.

– Раст зӕгъыс, мӕ мады хай, хылаг нӕ ницы ис...

Ам чысыл иууылдӕр ӕгуыппӕгӕй абадтысты, цыма, цӕуыл дзырдтой, ууыл сын не ʻмбӕлди дзурын...

Фæцыдысты уазджытæ.

Уайдзæф кæнынц Сабейæн йæ сыхæгтæ.

– Акæс-ма дæлæ, нæ хъæутæ нын æрцахстой, æрбадтысты нæ зæххытыл, ай та сын цæл кæны.

– Адæм сæ æддæмæ ракæсын нæ уæндынц, амæн та цыма дынджыр хæрзиуæгтæ æрхастой, уыйау сæ хынцы.

– Базонид ма дæ ацы хабар дæ фырт Бимбол!

– Цы кæнон, мæ хуртæ, – къæмдзæстыгæй дзуры Сабе, – сæ иу раст йæхи хуызæн у, Бимболы хуызæн, æндæра мæ хæдзархалæг уыдон куы сты.

«Мæгуыр идæдз усимæ не ‘мбæлы загъд кæнын», – бамбæрстой иууылдæр мады зæрдæ...

Уыцы рæстæг алыхуызон тас ныхæстæ хъуысыд дæлейæ æмæ фæсхохæй дæр. «Æрцæуынц нæхиуæттæ, æваст бирæ æфсад ракæнынц семæ», «Дæлейæ дæр, дам, куы ‘рбацæуынц, дæлейæ. Сызмæлыдысты меньшевиктæ, сæ тыхтæ иууылдæр ацырдæм сарæзтой».

Сæфдзысты адæм, æнæ туг ныккалгæ дзы нал ис. Алчи йæ фæллæйттæ арфдæр æфснайы, цуайнæгтæ, фæрæттæ уæрмыты ныгæнынц.

Иуизæр, талынггæрæтты, Дауыт дыууæ æмбалимæ Сабейы хæдзары фæмидæг. Исдугмæ мæгуыр ус джихæй аззад, йæ уæрджытæ ма йæ тыххæй баурæдтой. Цы ‘рцыд, цы сæ хъæуы ахæм æнафоны?

Бакаст сæм комкоммæ, уыдон дæр – тарстхуыз, цыма цыдæр æнахуыр хъуыддаг сусæг кодтой, уыйау.

Æрæджиау Дауыт сдзырдта хæрз ныллæг хъæлæсæй.

– Мæ мады хай, Сабе! Ма тæрс махæй: мах лидзæм фалæмæ, фæсхохмæ, дæ фырт Бимбол кæм ис, уырдæм.

– Бимбол!.. Куыд зæгъут?.. Уырдæм лидзут? – зæгъы Сабе, йæ зæрдæ къултыл йæхи ныххоста.

– О, мæ мады хай, æз æй æрцагурдзынæн. Мах дæр уый æмбæлттæ стæм. Цъаммар меньшевикты ам уадзæм. Ницы йæм æрвитыс?

Зæронд ус исдугмæ æдзынæгæй алæууыд, йæ цæстытæ атартæ сты, стæй цины тын фæзынд йæ былтыл, схудтысты цæстытæ æнахуыр ныфсæй. Мæллæг къухæй бадзæбæх кодта йæ сау кæлмæрзæн. Чысылгай бамбæрста, цæй мидæг ис хъуыддаг.

– Бимболмæ...

Бауад Сабе къуыммæ, сыгом кодта рагон сæгæйдзаг чырын. Тагъдтагъд иу къаннæг хæцъилы баст systа, ноджы – дыууæ цъындайы.

– Айс, мæ хур, адон. Æртæ сомы – сæ мидæг. Рагæй мын сты æвæрд. Ратт сæ Бимболмæ. Зæгъ ын: йæ сæр хъахъхъæнæд, фæлæ худинаджы дæр ма бацæуæд... Цъындатæ та дæхицæн.

Рацыдысты æнафоны уазджытæ. Бирæ фæкаст Сабе сæ фæстæ, цалынмæ æртæйы дæр изæрдалынг нæ бамбæхста йæ сау пæлæзы мидæг, уæдмæ.

Сфардæг сты хъæды. Ныууагътой, дæлæ фæзы цы ‘фсад бады, уыдон. Сæ разæй – Дауыт, бæрзонд, къæсхуыр æфсæддон, йæ цæсгомыл – зонды нысæнттæ, зыны йыл, æвзыгъд кæй у царды, фидар – хъуыддаджы мидæг.

Диссаг нæу, цæмæн лидзынц сæхиуæттæй? Исдугмæ зын бамбарæн уыд уый Сабейæн.

Раст цыма йæхи хъæбулы арвыста балцы, уыйау цæстытæ доны азылдта, æрбадтис къæсæрыл, йæ мæллæг къухтæ уæрджытыл æрæвæрдта.

Цы нæ бавзæрста йæ цæрæнбонты Сабе! Йæ лæг раджы амарди, сидзæргæсæй баззади. Цалдæр лæджы куыст йæхæдæг фæрæзта. Нæ йын уыд æрæнцой. Хъæубæстæ йæ се ‘ппæт мады хуызæн уарзтой. Уазæгыл, хæстæгыл уый хуызæн ничи бацин кодтаид.

Йæ фырт Бимбол, йæ иунæг ныфс, йæ цæсты рухс ма уый у. Схъеллауаг, мæгуыр, ацы фыдзаман æй фæсхохмæ йе ‘мбæлттимæ фæхаста.

Уастæн сæ бындур ныззилæд, дæлæ фæзы чи ‘рбынат кодта, уыдонæн! Цæмæн нæм æрбаластой сармадзантæ, куы ницы сæ хъыгдарæм.

Цы сæ хъæуы ам, цæмæн æнад кæнынц адæмы цард? Цымæ, кæд фехъусдзæн бæрæг йæ ахсджиаг хъæбулæй? Уæлæ сæм арвæй иу стъалы æрттивы, дардæй тæмæнтæ калы.

Раст Бимболау сидзæр, иунæгæй аззад фæсвæд.

Комы дон æнкъардæй йæ уынæр нæ уадзы...

Рацыд æрмæст цалдæр боны. Сызмæлыд бæстæ, схæццæ сты адæм... Уый фæстæ цы ‘рцыдис, уый алкæмæн дæр зындгонд у.

Сыгъдысты хъæутæ, сæ пиллон уæларвмæ æххæссыди. Адæм ныууагътой сæ фыдæлты бæстæ иууыл, сæ хуымзæхх.

Кæмттæн сæ хъæрзын фæсхохы онг хъуысти.

Бирæ нæ ахаста уыцы фыдрæстæг. Æрбырстой фæстæмæ, сæ бæстæ та байстой нæхиуæттæ. Алчи та аразы ног цард æнцойæ.

Дауыт дæр семæ, æвзыгъд æмæ фидар. Бирæ фæцагуырдта æфсæддон Бимболы, Сабейæн йæ фырты, фалæ дæр, ам дæр.

– Æвæццæгæн, нал ис, – загъта йæхицæн. – Гъе мæгуыр Сабе, куыд цæрдзынæ йæ фæстæ?..

Дауыт агуры уыцы хъæу. Хъæу та ма кæм баззад?! Сау знаг сæ иууылдæр бакодта зынджы хай. Дур-систæ уæлмæрдау сабыр уыдысты, сæ мидæг хæмпæлæй бацæуæн нал уыди.

Мæнæ Сабейы агъуысты хæлддзаг. Цы фæци йæхæдæг? Къултæ ныккалдысты, змæлæг сæ нал ис. Раст цыма карз тымыгъ бæстæ ныссæрфта.

– Ай та цы диссаг у?.. – джихæй баззади Дауыт.

Къæбыртыл стæгдар...

Зæрдæ ныккæрзыдта, дæндæгтæ фидар нылхъывтой кæрæдзи.

Сæры къуыдыр систа йæ къухмæ, ныккаст æм æдзынæг.

Нал федта цæсгомыл мады рæвдыд æнгас. Уазæгмæ нал дзуры хохаг нæртон ус.

Æхсаргарды цæф сæры фахс афаста кæронмæ. Сау знаг сахуырста туджы йæ къухтæ.

– Рухсаг у, Сабе, рухсаг, мæ мады хай! – суанг къæхты бынæй сдзырдта Дауыт.

* * *

Ныр фендзынæ музейы урс сæры къуыдыр, ставд дамгъæтæй фыст ис йæ уæлæ: «Иунæг фырты мад, хохаг идæдз ус»...

Уый у Сабейы æнамонд сæры стæг.

Диссаг, цы нæ ис ацы музейы?!

# МÆРДТЫ БИРÆГЪ

*Радзырд*

Бæрзонд æврæгъты сæрæй хур æдзынæг ныккасти, буар судзы, бæстæ дзæгæрæг кæны...

Знауыр йæхæдæг æфсæддон уыд. Исдугмæ знаджы ныхмæ

фидар æндонау лæууыд, мæсты фæранкау тохæн йæ гуылфмæ лæбурдта. Хæрз æрыгон, фæлæ йæ цæстыты æнахуыр хъазуаты арт сыгъдис.

Стæй нæмгуытæй сцух, лидзæг адæмимæ баиу ис.

Цард доны къусæй уæлдай нæу, куы иуæрдæм фæкъул вæййы, куы иннæрдæм, цалынмæ йæ бынат не ссары æмæ донæн йæ чъизи не 'рбады.

Сау знаг фæтых ис уæд махыл, фæуæлахиз, нæ хуымтæ нын æнæвгъау ныссæста, хæдзæрттæ зынджы хай бакодта.

Фæлыгъдыстæм дард бæстæм, нæ хуыздæр æмгæртты ныууагътам фæсте хæсты быдыры.

Диссаг, фыны хъуыддæгтæ уыд уыцы рæстæг: байгас вæййынц хъæдгæмттæ, айрох вæййынц фыдæбæттæ адæмæй.

Уæд зæрæдтæ рабадынц æмæ сæ сывæллæттæн фидауц таурæгътæ радзурынц.

Адæмтæй хæцынхъом чи уыд, уыдон исдугмæ знаджы ныхмæ сæ риутæ радтой, знаджы фæндагыл сæ буæрттæй фидар быру скодтой. Хæцынхъом чи нæ уыд, уыдон та сыстадысты сæ хохы цъассытæй, ныууагътой сæ артдзæст.

Устытæ сывæллæтты алы бызгъуырты тагъд-тагъд нуæрстой æмæ сæ скъæфтой.

Чи та, хæцынхъом уæвгæйæ, тасы бын фæцис, тæрхъусау фæсвæд æмбæхстис.

Цæуы ныр Знауыр кæдæмдæр, йæхæдæг дæр æй нæ зоны, кæдæм цæуы, уый, иннæтæ йæ куыд нæ зонынц, афтæ. Фæсте дард баззадысты райгуырæн кæмттæ, æнкъардæй кæсынц урссæр уæйгуытау бæрзонд æврæгътæ. Разæй та, зæгъынц, кусæг адæм уæлахиз кæм фесты, уыцы амондджын бæстæ. Уым ис се 'нхъæлцау, сæ ныфс.

Йе 'рчъитæ бынæй баихсыдысты, хуыртæ æнæвгъау æфхæрынц зæвæтты, судзаг сындзытæ сæ ныхсынц.

Ахуыр у ахæмтыл Знауыр. Æниу дзабыр та кæд зыдта? Йæ цæрæнбонты бæгъæввадæй згъордта хохы къуыбыртыл.

Зæронд уæлдзарм худы бынæй сау хид лæдæрсы, хурæй сыгъд рустыл дæлæмæ згъоры.

Æмбæлынц ыл лидзæг адæм æд фос, æд уæрдæттæ. Се 'ппæтæн се

‘рфгуытæ – æлхынцъ, судзаг хъуыды сын æфсæн гутонау фæзгъæртæ кæны сæ зæрдæтæ.

Бызгъуыртæ, талынг мæгуырдзинад семæ рацыд, нæ сæ уадзы цух бынаты дæр æмæ балцы дæр. Мæгуырдзинад у сæ æнусы чъегъре.

Хаттæй-хатт фехъуысы хъæрзын, арф, къæхтыбынæй улæфт, зæрдæхалæн хъарæг.

Чи та цæф сырдау ныууынæргъы, мæсты лæбурд фæкæны йæ къухмæ дæндагæй – маст райсыны мондаг æхсиды йæ риуы.

Фосы уаст æмæ уæрдæтты гыбар-гыбурæй нал хъуысы æвваxс æхсæрдзæнты карз уынæр.

Знауыр цæуы йæ фæндагыл. Раст къуымых фæрæтау нал кæрды йæ зонд, не ‘мбары ацы хабæрттæ. Айнæг къæдзæхау йæ зæрдæмæ нал хъарынц адæмы оффытæ. Мæйдар æхсæвау сау цæстытæн сусæг маст – сæ мидæг.

Цыма бакъуырма бынтондæр. Ахæм рæстæг, зæгъынц, лæджы царм æфсæйнагæй раивы.

Йæ куырæт, йæ фæсмын зæнгæйттыл фæндаджы урс рыг сбадтис. Сабыргай лæдæрсы туг йе ‘рчъиты скъуыдтæй.

Иу ран, фæсвæндаг, æртæ ‘фсæддоны баййæфта. Цæуылдæр хъæлæба кæнынц, æнæмæнг, хыл кæнынц; кæмдæр тыхдзинад бакодтой, æвæццæгæн, цæйдæр дарæс ратон-батон кæнынц, – чи зоны сæ мæрдтæй дæр раластой.

Знауыры къуымых зонд хорз зыдта æрмæст уый, адон æфсæддонтæ кæй не сты, халоны йæ сау бырынкъ куыд хъæуы, адон дæр сæ хæцæнгæрзтæ раст уымæн кæй дарынц.

«Адæм сæфгæ кæнынц мæнæ, адон та бызгъуыртыл тонынц сæ кæрæдзи», – хъуыды кæны йæхинымæр.

Бирæ ис нæ дунейыл фæллойгæнджыты ‘хсæн дæр æвзæр, æнæгъдау адæм. Уæлдай сарæх вæййынц ахæмтæ фыдрæстæджы: æмбыд цъымара сызмæлы, хилæг æддæмæ ралæсы. Æрмæст бæлвырд кусæг адæм фæкæнынц сæ хъуыддаг.

Ныууагъта сæ уым.

Бафтыд тар хъæдмæ, бæрзонд бæлæстæм, цыма уазæгуаты бацыд, уыйау. Æнæнымæц гуымиры æфсæдтау йæ алыварс æртыгуыр сты.

Æгæр ыл æрталынг, искуы æрцагурын хъæуы æхсæвбынат, –

уæдмæ йæ кæд йе ‘мбæлттæ дæр æййафиккой. Йæ къух разæй хæссы, цæмæй бæласы хих йæ цæсты ма фæныхса. Йæхицæн фæндаг гæрды.

Кæсы, бæлæсты аууонæй дард цæйдæр рухс ферттивы – æвæццæгæн, лидзæг адæмæй исчи арт скодта æмæ йæ фæллад уадзы.

Æхсæвы рухс йæхимæ сайаг вæййы, адджын у зæрдæйæн, фæллад бæлццон æм йæхи фæхъары.

Диссаг уый нæ уыд, диссаг æндæр цæйдæр мидæг уыд.

Мидæмæ иу лæг бахызти. Зыны йыл, ацы бинонтæй кæй нæу, хъуызгæйæ сæм фæцæуы, æмæ йæ цæстæнгас – æнæфсис хуыснæджы æнгас. Гæккуырийæн ма вæййы ахæм цæстытæ.

Иу сырды мыггаг ис, мæрдты бирæгъ æй хонынц нæ бæстæйы. Сырдтæй уымæй æнæуагдæр нæй, йæ уындæй зæрдæ ныккæрзы. Уæлмæрдтæм æрцæуы уый æхсæв æмæ ног мæрдты къахы.

Раст ахæм уыд йæ бакаст уыцы æнахуыр лæгæн дæр.

Арæх иуæй-иу адæймаг вæййы искæцы сырды кæнæ хайуаны хуызæн, æмæ уæд ахæмтæ февдисынц царды дæр, кæй хуызæн вæййынц, уыдон миниуджытæ.

Ацы лæг уыд раст мæрдты бирæгъы хуызæн.

Чырын скалдта, архайы тагъд-тагъд, æвзары бызгъуыртæ, хъуымацы гæппæлтæ йæ хордзенмæ æфснайы.

Зыны йыл, йæ цæсгом æмбæхсы арты рухсæй, нæ кæсы хуыссæны ‘рдæм.

– Дон, дон! О, мæнæ мæлгæ куы кæнын... – схъæрзы хæрз уынгæгæй ус.

Уый та уæд фесхъиуы, фæцырд кæны йæ лæбурд, сау хуыснæгау бынты бакæсы хъæрзæгмæ.

Цъаммар мондаг, æнæуаг зыддзинад федта стигъæджы цæсты Знауыр. Бакæс æм, раст æцæг мæрдты бирæгъ: спырх кодта иууыл.

«Ай цы диссаг у, ацы налат хорз ми куынæ кæны», – йæ хъуыдыйы уыд Знауырæн. Фæлæуу, кæддæра цы кæнид дарддæр.

Риу гуыпп-гуыпп кæны, фыццаг афæлурс, стæй туг ныццавта цæсгоммæ.

«Ничи йæм кæсы ацы цъаммармæ! Нæй, джауыр, фæлæуу уал, кæд мын æнцонтæй нæ аирвæзис», – хъуыды кæны дарддæр лæппу, топпы сампалыл йæ къух æрсæрфта.

Фæци къахт чырын, тынгдæр æрæмбæрзта йæ пака худæй йæ цæс-

тытæ, æвиппайды бауад усы цурмæ, чъизи баз æнæуагæй фелвæста сæры бынæй, джигул кæны гобаны бын.

– Ныууадз, ныууадз мæ, чидæриддæр дæ, мæлын мæ бауадз! – сæнт цъæхахст фæкодта рынчын, февнæлдта лæгæн йæ цонгмæ.

Æнахуыр æрдиаг ныккодта сывæллон дæр, йæ чысыл къухтæй фæлæбурдта мадмæ.

Сæнхъæвзта туг Знауыры сæрмæ, маст æмæ æлгъæй йыл тынгдæр æрталынг и бæстæ.

– Ныууадз, джауыр, кæннод дæ марын ныртæккæ!

Лæг фесхъиудта, хордзентæ æрхаудтой йæ къухæй, æвиппайды дамбаца агъудæй систа, бирæгъау фездæхт йæ бынаты.

Ахæм рæстæг тæрхон цыбыр вæййы, – цæхæрцæст домбайы хуызæн Знауыр фæтагъддæр.

Æнафоны гæрах ныййазæлыд тар хъæды, кæмтты нæргæйæ афардæг, æмæ, цыма талынг æхсæв йæ фынæйæ фесхъиудта, уыйау хуыснæг йæ хордзентыл куырисау æрфæлдæхт, адæргъ и зæххыл...

Бирæ диссæгтæ баййæфта Знауыр: федта хорз, лæджыгъæдджын адæмты, фæлæ цъаммар, æнæуагæй дæр къордтыл фембæлд йæ дунейы, уæлдайдæр уыцы фыдрæстæджы.

Иу кадæджы мидæг адæм сфæнд кодтой цъымара, низджын бæстæй фæлидзын. Сæ фæндаг зын уыдис, фæлæ сын уæддæр бантысти райдзаст быдыртæм æрцæуын.

Знауыр нæ цудыдта уыцы фæндагыл.

# ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТ: 90 АЗЫ



**(1935 – 2000)**

*Ӕнæкæрон уæззау æмæ бæрнон у поэты куыст. Ӕнæнымæц нывæндтæ домы йæхицæн. Ӕрмæстдæр нæрæмон, курдиатджын, кусынæй бафсис кæмæн нæй, иудадзыг йæхимæ æгъатыр чи у æмæ сæфынæй чи нæ тæрсы, ахæм иугай удгоймæгтæ ссарынц поэты ном æмæ кад.*

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

# ÆХСÆВЫ ТАРÆЙ РАЙХЪУЫСТ ХЪÆЛÆСТÆ

## ЦЪЫРЦЪЫРÆГТЫ УАСТ

Æхст куы фенцайы,
куы фæсабыр вæййы бæстæ,
Уæд æнæнхъæлцау
æхсæвы тарæй
райхъуысы хъæлæстæ —
Диссаг:
уасынц цъырцъырæгтæ
кæддæрау, кæддæрау –
Нæй сын равзарæн–
сты зæрдæнкъард æви зæрдæрай.
Уасынц,
цыма æхстимæ
кæнынц ерыс, быцæу.
Æхст дунейæн
арфæйаг, цардвидауц нæу.
Абон уа, сом уа –
банцайдзæн
цадæггай кæнæ æваст,
Фæлæ нæ банцайдзæн
никæд
цъырцъырæгты уаст.
Æви ирон адæм
цагъд куы фæуой
æмæ куы нал уой,
Уæд банцайдзæн?
Кæннод та суыдзæн
æнустæм марой?!

* * *

Уары.
Ærымысыдтæн саби-фыййæутты æгъдау.
Раластон мæ дзаумæттæ,
дуры бын сæ бакодтон.
Æмæ слæууыдтæн хъæдгæрон,
бæгъæмвад, бæгънæгæй.
Мæ къæхтæ зæххы
уидæгтæ уадзынц,
Цъирынц зæххы сой,
зæххы уымæлад.
Хатын,
цыма
рæзын.
Диссаг!
Рæзын.
Мæ цæнгтæ
цæуынц хæрдмæ,
сыфтæр æфтауынц.
Къалиутæ ссæуы
мæ зæрдæйæ,
мæ фæсонтæй.
Рæзын.
Дунемæ кæсын
джихгæнгæ,
цингæнгæ.
Дунейы цæссыгтæ
мæ сыфтæртыл лæдæрсынц.

* * *

Мæ фыны уæ
уынын цæугæйæ,
Алкæддæр –
худгæйæ уа æви кæугæйæ,
Цинæй уа
æви мастæй мæлгæйæ,

Уынын уæ,
уынын уæ цæугæйæ.
Мæ судзаг мæрдтæ,
цыдыстут хуысгæйæ,
Уæ сау табæтты –
рисгæйæ, тыхсгæйæ.
Æви рыстæн æз, –
сымах нæ рыстыстут?
Æви тыхстæн æз, –
сымах нæ тыхстыстут?
Æз куы ацæуон
мæ сау табæты хуысгæйæ,
Алкæддæр –
худгæйæ уа æви кæугæйæ,
Цинæй уа
æви мастæй мæлгæйæ.
Уæддæр уæ
уындзынæн цæугæйæ.

## ХЪÆДДАГ КУЫЙТÆ

Æхсæвыгон хъæдæй
æрцæуынц хъæддаг куыйтæ,
Хъæугæрон бацахсынц
къуыппытæ, адгуытæ.
Хъæддаг куыйтæ раздæр-иу
æввахс нæ цыдысты,
Фæлæ ныр хъæуæй
бирæтæ фæлыгъдысты.
Сæ хæдзæрттæй нал кæлы рухс,
нал хъуысы хъæлæба,
Æмæ ныр нæхи фæуромæм:
– Сысс! Фæлæуу-ма!
Æмæ хъусæм, хъусæм,
тасæй нал кæнæм фынæй,
Хъæддаг куыйтæ цы кæнынц,
уымæн бамбарæн нæй:

Дзургæ æви рæйгæ?
Худгæ æви кæугæ?
Заргæ æви симгæ?
Рæйгæ æви ниугæ?
Хъазгæ æви хъæрзгæ?
Æви фæзмгæ, фæзмгæ?
Кæй? Кæй фæзмынц?
Мах чи кæны цæгъдгæ, сургæ –
дывыдон,
Иудадзыг нæм чи лæбуры,
чи бырсы, уыдон.

* * *

Дзурын къæбысмæ:
– Рауай мæ хъæбысмæ!
Фæлæ мæм нæ цæуы æввахс,
Цыма не 'мбары
адæймаджы ныхас.
Ныххæбæцц зæххыл æмæ кæуы:
– Мæн дзыццайы хъæбыс хъæуы!

* * *

Уый – хæрзвидауц –
йæ уарзтæй, йæ мастæй,
йæ рæстæй, йæ хæстæй
Цал хатты амард,
фæлæ-иу нæ амард
бынтон, æххæстæй.
Ничи-иу æй базыдта,
æрмæст æй йæхæдæг зыдта.
Иунæгæй хордта йæ зын, –
кæмæн нæу зын та,
Фæлæ амæн йæ зын –
нæй йын æндæртимæ абарæн,
Уаз у йæ зын –
æмæ зын бамбарæн цъаммарæн.

Æмæ ныр мæнæ амард,
куыд амæлдæуы, афтæ –
бынтон, æххæстæй,
Амард мæгуырæй,
йæ уарзтæй, йæ мастæй,
йæ рæстæй, йæ хæстæй.
Ныр æй алчи дæр базыдта,
æрмæст æй нæ базыдта йæхæдæг
Æмæ йæхиуыл нæ, –
мæрддзыгойыл бафтыдта æрхæндæг.
Хиуæттæм, зонгæтæм –
æрмæст йæ кой,
нæй сæм æндæр кой,
Скодтой йыл ног дарæс,
табæты йæ нывæрдтой,
Æмæ йæ фæхæссынц ингæнмæ,
дзæнæт, дам, йæ бынат –
сыгъдæг, сатæг...
Æмæ – диссаг! –
мæнæ йæхæдæг дæр
йæхи марды фæстæ
фæцæуы цадæг.
Йæхæдæг йæхиуыл
сыджыт ныккалдта,
цырт-хъил дзы
ныссагъта,
Йæхæдæг йæхицæн
«рухсаг» загъта,
арахъхъæй æртæхтæ æртагъта.
Æмæ цæрдзæн –
кус æмæ сгуых,
тыхс æмæ быхс,
рай æмæ дуд...
Æмæ йæ искæд куы фенын, –
барухс дзы вæййы мæ уд.

# ЦОМАЙТЫ РОСТИСЛАВ: 65 АЗЫ



**(1960 – 2015)**

*Цæр, мæ хæлар, а зæххыл рæстудæй,*
*Ницы ис рæст уæвынæй хуыздæр.*
*Хуры цæст дæм бирæ азты худæд,*
*Хурæмвæз мын хæсс бæрзонд дæ сæр.*

*ЦОМАЙТЫ Ростислав*

# ТÆХЫНЦ ЗЫРНÆДЖЫТÆ МÆ СÆРМÆ

## МАДМÆ

Райы мæ мидвынты алкæд дæ хуыз, –
Нал дæ дæхæдæг мæ цуры.
Рæстæджы фæлм дыл æппары йæ хыз,
Демæ ма мидвынты дзурын.

Нал мын фæтæрсыс æрхауынæй ныр,
Налдæр фæриссы дæ зæрдæ.
Цин уа, зианы, – дæн алкæм æмыр,
Д‘ ацыды фæстæ æндæр дæн…

Нал мæ æндавынц æрдхæрдтæ, хæдзар,
Налдæр æрцæуы цъæх уалдзæг.
Суадз-иу мæрдты бæстæй, суадз ды æвзар,
А зæххыл не ‘ппæт дæр – уазæг...

Сыстдзæни ногæй мæ разы дæ хуыз,
Худдзынæ мидбыл хъæбулмæ.
Рæстæджы фæлм ныл æппардзæн йæ хыз,
Иубон цæудзынæн дæ цурмæ.

## МÆ ИРЫСТОН

Мæ удлæууæн,
Мæ Ирыстон,
Мæ хъыг, мæ цин, мæ дарæг.

Мæ утæхсæн,
Мæ царддæттæг,
Мæ маст, мæ уарзт, мæ зарæг.

Мæ ивгъуыдæй
Мæ фидæнмæ –
Мæ цæсты рухс, мæ зæрдæ.

Мæ абонæй
Мæ райсоммæ –
Дæ таурæгъон изæртæ.

Мæ Ирыстон,
Нæ зæдбадæн,
Мæ зырнæйзылд – мæ авдæн.

Мæ Ирыстон,
Мæ удлæууæн,
Йæ уидаг дæ мæ цардæн.

* * *

Æз хуры тынил стъалытæ кæнын, –
Æз аразын мæ уарзонæн фæрдгуытæ.
Нæ Фарны бæлас, ма баком кæлын, –
Мах тынг хъæуынц дæ сыгъзæрин фæткъуытæ.

Æз хуры тынил бакодтон æнгуыр, –
Сыгъзæрин кæсаг хъуамæ ныр æрцахсон.
Хуыцау мæм касти, бахудти фæлмæн:
Куыд ис уæлæрвты дымгæйæн æрцахсæн?..

Æз хуры тынил стъалытæ кæнын, –
Дæ хъуырыл хъуамæ бакæнон фæрдгуытæ.
Нæ Уарзты бæлас, ма баком мæлын, –
Æрзайдзæн та дыл царддæттæг фæткъуытæ.

## СУСÆГ УАРЗТ

Мах кæрæдзийы сусæгæй уарзæм,
Сты нæ хъыгтæ, нæ бæллицтæ иу.
Ис нæ амонд та, зонын æз, разæй,
Цины зарæг нæ зæрдæты сиу.

Хатт нæ уарзтæн цæстдзыдæй фæтæрсæм, –
Исчи махæн куы скæна кæлæн.
Цæй, нæ зæрдæтæ хохмæ фæхæссæм,
Уым нæм уарзты дуаг худдзæн фæлмæн.

Уым нæ уарзтæн уыдзысты æвдисæн
Хæхтæ, стъалытæ, рухсдзæлхыг мæй.
Уым нæ тæрсдзыстæм фидис-фæдисæй,
Уым нæ удтæ цæрдзысты фæрнæй...

Мах кæрæдзийы сусæгæй уарзæм,
Сты нæ хъыгтæ, нæ бæллицтæ иу.
Ис нæ амонд та, зонын æй, разæй,
Уый цур махæн зындзинад дæр циу?!

* * *

Тæхынц зырнæджытæ мæ сæрмæ,
Хæссынц сæ базыртыл сæ цин.
Æз дæр мæ ивгъуыды къæсæрмæ
Зырнæгау фæззæджы тæхин.

Фæлæ мыл рацыдысты азтæ, –
Мæ зæрдæ алцæуыл тыхсы.
Зырнæджытæн сæ фæстæ кастæн,
Мæ риуæй та цыдис хъæрзын.

Тæхынц зырнæджытæ мæ сæрмæ,
Кæдæм у ныр, цымæ, сæ каст?
Кæм сæм кæсынц ныр та æнхъæлмæ,
Кæмæн фæсурдзысты сæ маст?..

## МИТГÆЛÆБУ

Уыд зымæг,
Фæцыбыр бон,
Донвæдты
ныссалди дон,
Урс кæрц байтыгъта
нæ фæзты,
Урс бæмбæгæй
байдзаг бæстæ.
Арвыл
митгæлæбу хъазы,
Дымгæимæ симды бацыд.
Æз кæсын
йæ фæзындмæ æнхъæлмæ.
Уæлæ и,
фæзынд мæ сæрмæ.
Къухæй йæм
фæсидтæн рæвдз,
М ‘арм дын уæд
хуыссæнуат,
къæс...
Митгæлæбу
сидтмæ ‘ртахти,
М ‘армыл абадт...
æмæ ‘ртади...

## ФÆСТАГ НÆРТОН ЛÆДЖЫ НЫХАС

Ис дын бар, æмæ ныббар,
О Хуыцау, нæ рæдыд.
Уæм дæуæй цæмæй хæдбар,
Уый-иу нæ æрфæндыд.

Арæх дыл æвæрдтам фау,
Нал дæм куывтам ронгæй.
Ныр ысты нæ бонтæ сау,
Ныр мæлæм ыстонгæй.

Мах нæ фæндыди фыдвæд, –
Æмæ цагътай нарты.
Раджы фесæфти нæ фæд, –
Басыгътай нæ арты.

Æмæ дæм уыдтæн хæрам,
Кодтон дæм æртхъирæн.
Фæлæ мæ ныууагътай ам, –
Бын æндæр адæмæн, ирæн.

Рабирæ сты ир, уæдæ,
Райдыдтой цæрынтæ.
Ногæй сæм ныхмæ фæдæ,
Бафтыдтай сыл рынтæ...

Бар дын ис, æмæ ныббар,
О Хуыцау, нæ митæ.
Мах ныр дæр ыстæм æбар,
Раст куырмæджы хитæм.

Нал дæм сисдзынæн мæ фат,
Нал кæнын æртхъирæн.
Курын: нартæн ног цард ратт,
Рухс фидæн – мæ Ирæн.

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# АРВЫ НÆМЫГ*

*Роман*

## 23

– Ахæм бонтæ æрмæст ацафон вæййы, – загъта Къæпсыр.

– Ома? – бакаст æм Зæрисæр.

– Æрæгвæззæг куы ралæууы, уæд, – хъарм æмæ фæлмæн бонтæ, сæ хъарм дæр æндæрхуызон кæмæн вæййы æмæ сæ фæлмæн дæр – хъармдæр æмæ фæлмæндæр. Сæрдыгон хур бонтæ æгæр хъæбæрвад вæййынц, уалдзыгон хур бонтæ та цыма искуыцæй раирвæзынц æмæ, кæм æрæмбæхсой, ахæм бынат фæагурынц. Фæлæ фæззыгон хур бон! Ацу, искуы иу уæлбарыг ран сбад æмæ йæм кæс æмæ кæс! Кæд дæ фæнды, ныхас дæр акæн йемæ! Уæлæ, дам, Сыбæлаты Сæхæм йæхиимæ ныхас кодта. Фæлæ уыдон ныхæстæ сты. Уæдæ куыд хъуамæ ныхас кæна лæг йæхиимæ? Цы ныхасаг æй и йæхиимæ?! Уый-иу бонимæ ныхас кодта, бонимæ! – Къæпсыр афтæ фæлмæн дзырдта, цыма йæ ныхæстæй исты куы баныдзæва боныл, æмæ исты куы кæна уыцы дзæбæх бон, уымæй тарсти.

Зæрисæр æмæ Æзнауырæй чи куыд бадти, афтæ базылдта йæ цæстытæ Къæпсырмæ.

– Æмæ цы?! Ай хуызæн фæлмæн хъарм бонимæ аныхас кæндзынæ, уымæй хуыздæр цы и?!

– Фæлæуу-ма, дунезонæг, æмæ куыд ныхас кæндзынæ бонимæ, ды йæм дзурдзынæ, фæлæ дæм уый дæр дзурдзæни? – бафарста Къæпсыры Зæрисæр. Хъазгæ нæ кодта, æцæг æй бафарста.

– Дзурдзæн, дзурдзæн! Ды йæм дзæбæх бадзурын базон, стæй хъус, кæддæра дæм æрдзæмæрдзæмгæнгæ ницы æрбадзурид? Уыцы дзæбæх сабыр фæззыгон бон. Мæнæ, саджысæт чи хуыйны, уый дæр ахæм бон куы рæцæуы.

– Саджысæт алы фæззæджы нæ рацæуы, уый, мæнæ хъарм зымæг уыдзæн, уый куы сбæрæг вæййы кæмдæр арвы тыгъды, уæд рацæуы хæрзæггурæггаджы хуызæн. Æццæй афтæ нæу? – Æзнауыры уæрагмæ бавнæлдта Зæрисæр.

---

* Кæрон. Райдайæн 2024 азы 6 – 9, 11-æм номырты

– Æз дæр афтæ фехъуыстон, – загъта Æзнауыр. – æнæуи цыдæр дзæбæх у, стæй цыма цыдæр æрдзон сусæг рацæйхæссы уыцы хæрдгæбыды хуызæн!

Æртæйæ бадтысты, куыройы донмарæн нучы сæрмæ кæм рахæццæ и, уым цы урс дуртæ уыди, уыдонæй фæйнæйыл. Бынæй куыройæ хъуысти духъы къуырцц-къуырцц, æмæ уыцы иугъæдон фæткыл барст къуырцц-къуырцц цыма боны хъармы йæхицæй хицæн кодта, афтæ зынд. Слæгъз сты куыройы фыдтæ, армытъæпæнæй уæлдай сыл духъы фæд нал баззад. Агуырдта Зæрисæр духъгæнæг. Исты æмбырдмæ бахауд, уæд хъуамæ дыууæрдæм рауай-бауайæн бахъуыдаид, фæлæ марадз-зæгъай! Чи зыдта, уыдон дæр нæ састысты, кæй зыдтой, ууыл – чи сæ зивæг кодта, кæй та йæ зæрдæ нæ хаста: уæдæ бæстæ хæмпæлы бын куы фæци, уæд ды та куыройы фыдмæ ныггуыбыр у æмæ йæ духъы бырынкъæй æркъуырцц-æркъуырцц кæн! Æзнауыры зæрдæ фехсайдта Габеламæ – ацы Габела ма зона?! Радзырдта йын Зæрисæры тыхст, æмæ бахудти Габела.

– Æмæ ма æз мæ къухмæ духъ куы райсин, уымæ мæ былыцъæрттæ куы хæрын.

Ныр уæллаг фыд систой, иуварс æй æрæвæрдтой æмæ бинагмæ бауырдыг и Габела.

Уæд дæр куыройгæс уыди Зæрисæр, токæй зилгæ куыройыл куыста. Райсомæй изæрмæ ссадта нартхор – лæхурдта нартхоры æфсиртæ афтæ æд хъузг, æмæ скъæфтой уыцы лæхурæг фермæтæм, фылдæр хуыты фермæмæ – уалæ хуыскъададжы кæрон уыцы атагъайы цы фермæ уыд, уырдæм. Уым уыйбæрц хуытæ уыди – стыртæ æмæ гыццылтæ – æмæ, æвæццæгæн, нымад дæр нæ уыдысты. Стæй, колхозы куы ницыуал баззад, йæ бынтæ дæр ын куы ныссæрфтой, уæд æрлæууыд куырой æмæ ныссабыр, афтæ ныссабыр, цыма мæлгæ акодта. Йæ фæстæ иугай æрлæууыдысты хъæуы куырæйттæ дæр. Сæ цæлхытæ хус кодтой, сæ фæрчытæ згъæлдысты. Кæмæн сæ йæ фисын ныззылын ис, кæмæн йæ агъуыст ныккалди. Хорз уыди, æмæ сæ фыдтæ æвыдæй баззадысты.

Æмæ-иу йæ сæрыл ныххæцыд йæ дыууæ тъæпæн къухæй Зæрисæр. Цы фесты уыйæппæт фос, цы фæкодтой уыйæппæт стуртæ æмæ хуытæ?! Кæдæм сæ фæтардтой? Кæуылты сæ фæтардтой? Æмæ сын тард кæд фесты? Куыд сын фесты тард? Æмæ, былæй чи фæцæйхауы æмæ ма исты тæссонд къутæр чи ацахсы – хауын дæр æй чи нæ уадзы, фæлæ йæ уромгæ дæр дзæбæх чи нæ кæны, ахæм лæджы цардæй царди

Зæрисæр уыцы бонты. Сæ рæзты къанауы дон кæуылты уад, уым кæддæр фæрвыты бын Сауийæн цы бадæн сарæзта, ууыл-иу бадт æмæ, дон дзыккубыдæй куыд уади, уымæ касти. Афтæмæй иу бонрæфты йæ уæлхъус алæууыд Къæпсыр. Æмæ йыл бустæ кæнынмæ фæци:

– Хъæу æгуырой фæци, уый зоныс?

– Æрмгуырæйттæ зилæнт, – бахудти Зæрисæр.

– Æз хъазгæ нæ кæнын.

– Æз дæр.

– Æз абондæргъы куырæйттыл зилын. Уæртæ Хихаты Хадæ цы куыройы куыста, уый дзæбæхдæр у иннæтæй, æмæ йæ хъуамæ скусын кæнæм.

– Куыд?

– Куыд вæййы, афтæ! – загъта Къæпсыр. Стæй фæфидардæр кодта йæ ныхас: – Æнæ куырой хъæу цы хуызæн у, уый зоныс?

– Цы хуызæн?

– Æнæдæндаг усы хуызæн.

Уыцы бон æрбамидæг кодта Зæрисæры. Дыккаг бон райдыдтой змæлын. Лæгтæ сæм фæдисы цæуæгау цыдысты. Бирæ сæ йæ гæрзтæ раивынмæ дæр нал фæцарæхст æмæ сæ дæлæрмтты хастой сæ кусæн пысултæ. Къуырийы бонмæ нучы дон асæххæтт кодта, фæрчытыл йæ дзæхст фæцыд, æмæ цалх азылди.

Ныр бадтысты, æнхъæлмæ кастысты, кæд æрлæудзæн йæ къуырцц-къуырццæй Габела, кæд рахиздзæн куыройы дуармæ, йæ хъæбæр тамакойæ газеты гæппæлыл бапъироз кæд стухдзæн æмæ, дæлæ куыройы раз, уыцы фæзы цы тъæпæн дуртæ и, уыдонæй искæуыл кæд æрбаддзæн, уымæ. Уæд æм уыдон дæр хъуамæ ныццæуой æмæ, семæ цы дурынидзаг æмæ æртæ чъиритйы æрбахастой, уыдонæй бакувой стыр Хуыцаумæ.

Æмæ бадтысты уыцы дзæбæх хъарм хурмæ.

– «Чапаев» та куы ʼвдисдзысты изæры, нæ цæудзынæ? – Зæрисæрмæ бакаст æмæ бахудти Къæпсыр.

– Куыд нæ цæудзынæн! Æмæ худгæ та цæуыл кæныс?

– Цымæ йæ цал хатты федтай ныр?

– Æмæ йæ цал хатты фæнды фен! «Чапаев»-мæ кæсынæй куыд хъуамæ бафсæда лæг?! – Къæпсырмæ йæ цæстытæ базылдта Зæрисæр. – Æз цалынмæ «Чапаев» федтон, уæдмæ цыма никуы ницы федтон, уæвгæ, уыдтæн æмæ нæ уыдтæн – ницы бæрæг ын и. Чи зоны, нæ

уыдтæн. Цыма мын «Чапаев» фенын кодта мæхи, мæхи дæр æмæ дуне дæр. Мæнæ иу ныв куы уыди зæронд чингуыты – лæг зæххы кæронæй акасти, тъæпæнсæр уæлхæдзарæй куыд акæсай, афтæ, æмæ йæ разы байгом и дунейы стыр тыгъдад, йæ мидæг уыйæппæт стъалы ныппырх и, афтæмæй. Мæнæн та, цыма, Чапаевы куы федтон уыцы кинойы, уæд байгом мæ разы дунейы тыгъдад… Уæд-иу искуыдæй-искуыдмæ районæй сластой кино. Иу цыбыр машинæйыл-иу æй сластой, цыма йе 'рдæг искуы фæндагыл хаугæ акодта машинæйæн. Киноæвдисæг Армадул – дæргъындзæг æмæ къæсхуыр лæппу, бакæс æм, уæд афтæ зынд, цыма йын стонджы уыди. Æмæ йыл нæ фидыдта уыцы нæргæ ном. Æппындæр ыл нæ фидыдта.

Къæпсыр æмæ Æзнауыр сабыр бадтысты, цыма сывæллæттæ уыдысты, æмæ сын аргъау кодта Зæрисæр.

– Махæн иу зест пец уыди, хохаг æддæгуæлæ хæдзары хуызæн, хæдзары астæу лæууыд йæ хъæл зæнгтыл. Арт дзы нæ уыди, æмæ афтæ зынд, цыма лæууынæй бафæллад æмæ ма гыццыл алæудзæн, стæй йæ къæхтæ йæ быны æрбакæндзæн, стур куыд æрбакæны йæ зæнгтæ йæ быны, афтæ æмæ æрхуысдзæн. Æз куыдтон, пецы раз тъæпæн бадтæн æмæ куыдтон. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу фæурæдтон мæ кæуын æмæиу загътон, хъæрæй-иу загътон: «Мæн киномæ фæнды!» Стæй-иу куы мадмæ бакастæн, куы – фыдмæ. Мад кæйдæр хæдон æмпъызта ме 'фсымæртæй – иу игæрхуыз æмпъузæн рабар-бабар кодта цыдæр фæныкхуыз хæдоны уæхскыл. Иуафон мæм æрбакаст, æрбадзырдта мæм: «Банцай, уæртæ лæппу, ардыгæй соммæ куы фæкæуай, уæддæр никæдæм ацæудзынæ – нæ хæдзары иу капекк дæр нæй, уый нæ зоныс?!» Фæлæ æз нæ састæн – куыдтон æмæ куыдтон. Фыд йæ хъæдын къахимæ архайдта. Йæ къах уæлиæутты хауд уыди, æмæ йыл нæ фидар кодта уыцы хъæдын къах. Кæм-иу æрбадт, уым-иу æй феуæгъд кодта, йæ уæрагъыл-иу æй рафæлдæхта æмæ-иу æм, хæстæй цы сырхфистон гуыбыр хæрынкъа æрхаста, уымæй нывнал-нывнал байдыдта. «Мæн киномæ фæнды!»

«Цы кино æвдисынц?» – æрбакасти мæм фыд. «Чапаевы кино!» – бадзырдтон æм æз æмæ кæуынмæ фæдæн.

Фыд зæхмæ æрæппæрста йæ хъæдын къах, фестад, рудзынджы размæ багæпп-гæпп кодта йæ иу къахыл. Уым йæ риуы дзыппæй кърандасы къахц фелвæста æмæ, рудзынджы дæлвæйнæгыл цы газет уыд, уый кæрон цыдæр афыста, стæй, цы афыста, уый раскъуыдта

æмæ мын æй мæ къухы фæсагъта: «Уый сæм ратт!» Уайтагъд клубы раз балæууыдтæн. Бахизæны чи ныттымбыл и, уыдоны æхсæнты бабырыдтæн, мæ къухы гæххæтты гæбаз ныхъхъил кодтон, афтæмæй. Армадул, æвæццæгæн, афтæ фенхъæлдта, æхца ис мæ къухы, уæлиæутты мæм равнæлдта. Цы йæм радтон, уый æхца куынæ разынд, газеты скъуыддзаг куы разынд, уæд æм кæсыныл фæци. Стæй йыл цыдæр фыст и, уый ауыдта æмæ йæ бакаст, æвæццæгæн æм диссаг фæкаст, цы фыст хъуамæ уа газеты гæбазыл кърандасæй, æмæ йæ уый тыххæй бакаст. Хъæрæй йæ бакаст: «Лæппуйы киномæ бауадзут. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг къæпхæны инвалид Сау». Уым йæ сæрыл схæцыд Армадул æмæ фæйнæрдæм ракæс-бакæс кодта. Йæ цæстытæ-иу куы стырдæртæ фесты, куы гыццылдæртæ. «Ай цы у?» – цыма, клубы бахизæны чи лæууыд, уыдоны се ‘ппæты дæр фарста, уыйау хъæрæй загъта Армадул. Стæй мæнмæ рагуыбыр астæуæй уæлæмæ æмæ ныр та мæн бафарста: «Ай цы у?» Æз ницы дзырдтон. Цы дзырдтаин?! Стæй ма дзурынæн уыдтæн?! Æмæ уæд гæххæтты гæбаз Армадулæй айста клубы хицау Хæныкъо æмæ та йæ уый дæр бакасти, Армадул æй куыддæриддæр бакаст, афтæ: «Лæппуйы киномæ бауадзут. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты инвалид Сау». Стæй фæсабыр сты уыйæппæт лæппутæ, цыма сыл исчи хъæр фæкодта, уый хуызæн. Æмæ уæд бафарста Армадул, комкоммæ никæй бафарста, æнæуи бафарста:

– Чи у?

– Йæ фыд, – загътой иу-цалдæрæй иумæ.

– Хæсты уыди?

– Уыди. Йæ къах хауд у йæ уæраджы сæрты, – уый Хæныкъо загъта.

– Æмæ йæ ном Сау хуыйны?

– Нæгъ! – фæхъæр кодтон æз. – Йæ кърандасы бырынкъ асасти, мæсты уыди æмæ.

– Кърандас уыд мæсты? – æнхъæл куыд ничи уыд, афтæ хъæрæй ныххудти Армадул.

– О! – сирвæзти та мæнæй.

Нæ зонын, куыд мæ сирвæзти, æвæццæгæн, тынг тæрстæн, куынæ мæ бауадзой, æмæ уыцы тасæй ницыуал æмбæрстон.

– Æмæ ма йын дзы бирæ баззад æнæ фыстæй? – бафарста та худгæ-худын Армадул.

– О! – схъæр та кодтон Армадулмæ.

– Цас? – цы хорз фæкаст Армадулмæ мæн рафæрс-бафæрс кæнын, нæ зонын.

Æмæ ныззылдтæн мæ бынаты, хъуамæ федде уыдаин. Фæлæ мын уым Армадул мæ цонгыл æрхæцыд.

– Кæдæм цæуыс?

– Нæхимæ, æндæр кæдæм?

– Цæмæ?

– Кæуынмæ, æндæр цæмæ!

Æмæ ныххудтысты ииуылдæр – æхца чи радта, фæлæ мидæмæ чи нæма бацыд, уыдон дæр худтысты, æмæ, æхца кæмæ нæ уыд, æмæ йæ нæ бауадздзысты, уый чи зыдта, уыдон дæр худтысты. Мæнæ зарæг лæппутæ куыд фæзарынц иумæ, афтæ худтысты уыдон дæр иумæ. Худт куы фесты, уæд Хæныкъо загъта: «Афонмæ йæ рахиз хъус ныззарыд Сауийæн. Йе 'взæры кой нæ кæнæм, йæ хорзы кой кæнæм. Дыууæ къахыл фæцыд фашистты фæдыл, нæ бæстæйы арæнмæ сæ фæсырдта, стæй уыдон арæнæй ахызтысты, уый та уырдыгæй иу къахыл раздæхти. Æмæ йæ нал хъуыды кæнут, цы кæфтытæ-иу кодта? Йæ дзабырты фындзтыл цы сæрачы гæппæлтæ уыди, уыдон ихсыдтытæй хаста иууылдæр – къахфындзтыл-иу кафыд, æмæ-иу баихсыдысты». Æмæ ма ноджыдæр кодтой мæ фыды кой. Чидæр сæ афтæ дæр загъта: «Кæд æй йæ зæрдæ зыдта, бирæ нал фæкафдзæн, æмæ уымæн афтæ кафыди».

Стæй æрлæууыди йæ ныхасæй Зæрисæр, лæг исты куы æрбахæссы æмæ йæ куы æрæвæры, уæд куыд æрлæууы, афтæ. Æмæ сæм куыройæ духъы къуырцц-къуырцц сыхъуыст, уыцы дзæбæх иугъæдон къуырцц-къуырцц.

– Стæй? – бафарста Къæпсыр.

– Стæй мын мæ цонгыл куыд хæцыд Армадул, афтæ мæ мидæмæ акодта. Уæдæй нырмæ, Чапаев йе 'хсаргард куы ныхъхъил кæны, йæ нымæты фæдджитæ базыртæй сæхи куы фæхæссынц, афтæмæй йæ урс бæхыл куы рацæйтæхы, уæд мæ сæрыхил арц сбады, ме уæнгты цыдæр ныссæх-сæх кæны, мæ цæстыты бынтæ та уымæл бавæййынц. Уæд та-иу тæхуды кодтон Чапаевы бахджынтæм: уыдонимæ фест, ды дæр афтæ ныхъхъил кæн де 'хсаргард æмæ афтæ рацæйтæх дæ бæхыл!

Æзнауыр хъуыста Зæрисæрмæ, цыма чидæр йæ урок дзырдта æмæ цин кодта, афтæ хорз кæй зыдта йæ урок, ууыл.

– Мæ фыд мæ цæсты скадджын ис. Хæсты кæй уыди, знæгтимæ

хæцгæ-хæцгæ уартæ арæны онг кæй фæцыд, уый дæр мæм цыма уæд бахъарыди. Уæдæ диссæгтæ нæ бакодта уыцы газеты гæбаз! Æхца йæ цуры ницыуал уыд. Æмæ мæ тынг æрфæндыд, исты хорз ын куы ракæнин. Æмæ сфæнд кодтон: иу райсом, йæхæдæг ма хуысгæ куыд кæна, афтæ йын хъуамæ йæ цырыхъхъытæ рахæссон æмæ йын сæ нæ разы къанауы доны ныхсон, хæрзæхсад ын сæ ныккæнон хъуамæ. Бацыдтæн, кæм хуыссыд, уырдæм, æмæ мæ, мæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнон, уымæ бирæ нал бахъуыд: йæ сынтæджы раз хъилæй лæууыд иунæг цырыхъхъ. Уый афтæ нæ фидыдта, уыцы иунæг цырыхъхъ, æмæ зæрдæ уазал кодта йæ уындæй. Æмæ мæ сæрмæ фæлæбурдтон мæ дыууæ къухæй. Уæдæ йын иу къах йеддæмæ нал и, æмæ, иу къахæн иу цырыхъхъ йеддæмæ нæ хъæуы, уый куыд не ‘рцыд уæды онг мæ хъуыдыйы!

– Кæсут! – æнæнхъæлæджы йæ хъæр фæцыди Къæпсырæн. – Æмæ, дам, царды хъулæттæ нæй! Уæдæ уый йæ цонгæй бакодта киномæ, мæн та мæ хъустæй раластой кинойæ! – йæ сæр фæйнæрдæм тылдта Къæпсыр, æмæ йыл фидыдта, куыд тылдта йæ сæр фæйнæрдæм, уый: иуæрдæм-иу куы атылдта йæ сæр, уæд-иу гыццыл фæлæууыд, цалынмæ-иу иннæрдæм тылдта йæ сæр, уæдмæ, мæнæ авдæн куыд фæузынц, афтæ. Чи йæм бакастаид, уый загътаид, хъазгæ кæны, фæлæ хъазгæ нæ кодта Къæпсыр, хъазгæ куы кодтаид, уæд ыл афтæ нæ фидыдтаид, йæ сæр кæй тылдта, уый.

– Кæд дæ раластой? – йæ бынаты æрзилæгау кодта Зæрисæр.

– Уæд.

– Æмæ цы кодтай уæд?

– Ницы.

– Уæдæ?

Къæпсыр бахудти, афтæ бахудти, цыма æрæджы бакодта, цыма йæ раздæр хъуыди бахудын.

– Ууылты, дам, цæмæн схызтæ?

– Кæуылты, дам?

– Бынты, дам.

– Зæххы бынты?

– Зæххы бынты нæ, фæлæ асдæрды бынты.

Æмæ ныр та Зæрисæр бахудти. Афтæ бахудти, æмæ йæ кæл-кæл ссыди.

– Багатыл ма балæсай?

– Кæннод сыл ды никуы балæсыдтæ!

– Æз сыл никуы балæсыдтæн.

– Æмæ уæд царды ницы федтай, æмæ уый зæгъай! Фыццаг уал уыцы рудзынггондыл бахиз дæ цыппар къахыл, кæддæр аргъуаны къултæ чи амадта, уыцы дзæбæх лæгтæ уæлдæф цæуынæн цы цыппæрдигъон рудзынггонд сарæзтой, ууыл, стæй дæ гуыбыны цъарыл лæсынтæ байдай, уæртæ Закаты уæрыччытæ бонрæфты уым кæй фæривæд кæнынц, уый мурмæ дæр ма дар – лæс æмæ, уартæ сценæйы рæбын иу цыбыр фæйнæг уагъдæвæрд кæм уыди, уырдæм сараз дæ ных. Уым фæйнæгыл дæ сæрæй схæц. Стæй дæ куыд ничи фена, афтæ слæс уæлæмæ æмæ дын – кино! Уый, лæппуйæ лæг чи кодта, ахæм фæндаг уыди, гъе! – фæйнæрдæм сæрæн кæстытæ акодта Къæпсыр. Зæрисæр æмæ йæм Æзнауыр худындзастæй кастысты. – Афтæмæй, уыцы изæр куы уыди, уæд дын киновдисæг адæмыл йæ цæст ахæссы. Адæм – бирæ, æхцатæм æркæсы, æхца – цъус. Йæ сæр йæ иу уæхскыл æркъул кæны, йе ‘ннæ уæхскыл æй æркъул кæны. Æмæ та æхцатæм æркæсы. Уæд бамидæг и æмæ йæ гуырысхотæ Хæныкъомæ куы бахæццæ кæнид: «Ай цы хабар у: адæм – бирæ, æхца – цъус». Хæныкъойæн йæ цæсты гагуытæ ма сдыууæрдæм уой! Йæ дзых та кæд нæ фæци хæлиу кæнынмæ – схæлиу и, схæлиу и дзых æмæ афтæ хæлиуæй баззади. Уæд æрхæцыдысты йæ цæстытæ – далæ разæй зæххыл тъæпæн бадтæй бадынц дуне лæппутæ. Хæныкъо зыдта клубы чъылдыммæ уыцы рудзынггонд, куыд нæ йæ зыдта! Уæдæ дзы Закаты уæрыччытæ бахизæг сты, уый дæр зыдта, куыд нæ зыдта уый дæр, фæлæ уæртæ сценæйы рæбын иу цыбыр фæйнæг уæгъдæвæрдæй баззад, асдæрд куы ивтой, уæд, уый нæ зыдта, цæмæй йæ зыдта?! Уæддæр йæ зæрдæ уырдæм ахсайдта, уыцы уæлдæфдзæуæнмæ. Ахæцыд киновдисæджы цонгыл, æмæ нæ уæлхъус балæууыдысты. Æз кæронæй бадтæн. Дыууæйæ мæм æрæвнæлдтой, цыма мæ хъæбыс кодтой, уый хуызæн; сæ иу мын мæ тæрттæм æрысмыста, иннæ – мæ фæсонтæм. Стæй мын мæ дыууæ хъусыл фæхæцыдысты фæйнæрдыгæй, раскъæфтой мæ æмæ мæ дуарæй феддæ кодтой. Бæгуыдæр, уырдыгæй уырдæм уæрыччыты багаты уæлæ фæлæс дæ гуыбыны цъарыл, уæд дæм багаты тæфæй мацы бахаццæ уа, уый гæнæн куыд и?! Уайтагъд мæ цуры балæууыдысты иннæтæ дæр. Лæууыдыстæм уыцы хъомпал лæудæй æмæ нæ цы дуарыл федде кодтой, уымæ кастыстæм. Стæй æз нæхимæ ацыдтæн, фæлæ иуцалдæрæй фæстæмæ бабырыдысты, æмæ

дыккаг бон хъæуы «Мамлюк»-ы кой йеддæмæ ницыуал уыди. Мæн таиу, мæхимæ фæлæбурон, уымæ бирæ нал хъуыди – уæдæ кæдæм хаудтæн?! Уæдæй фæстæмæ, цалынмæ Хæныкъо æмæ, кино чи æвдыстаид, уый лæппутыл ма азылдаиккой æмæ сæм разæй дæр ма сысмыстаиккой æмæ фæсте дæр, уæдмæ кино ницæй тыххæй райдыдтаиккой æвдисын.

Уым йæ ныхас фæурæдта Къæпсыр, афтæ цæхгæр фæурæдта йæ ныхас, æмæ фæцудыдтой Зæрисæр æмæ Æзнауыр, цыма уæрдоны фæцæйцыдысты, æмæ сонт урæд фæкодта уæрдон. Йæ цæстытæ фæйнæ ирды фæкодта Зæрисæр æмæ Æзнауырмæ:

– Омæ мæ куыд бауырна, сымах уыцы уæлдæфдзæуæны никуы атъыстат уæ сæртæ, уый?! А хъæуы не схъомыл стут?

– Æз æфсæрмы кодтон Армадулæй, – загъта Зæрисæр, – йæ цæст мыл æрхæцыд, æндæр-иу мæм хъуамæ йæ къух фæтылдтаид æмæиу мæ мидæмæ акодтаид. Куынæ-иу мыл æрхæцыд йæ цæст, уæд-иу нæхимæ рацыдтæн. Æввахс æм бацæуон, мæхи йæм бавдисон, уый мæ цæсгом нæ хъæцыд, æфсæрмы дзы кодтон. Уый-иу мæ агургæ кодта, цæмæй мæ киномæ бакæна, æз та ма йæм уæрыччы багатыл лæсыдаин мæ гуыбыны цъарыл?! Стæй нæм Армадул куы нал ласта кино, ам нæхимæ куы байдыдтой æвдисын, уæдмæ æз æгæр сыстыр дæн ууылты кæсынмæ.

Æзнауыр ницы загъта. Никуы бахызт уыцы рудзынггондыл, смудгæ дæр æм никуы ничи бакодта, æмæ цы дзырдтаид?! Æнæуи дæр цæмæйдæрты-цæмæйдæрты æндæрхуызондæр уыди иннæ лæппутæй. Ардæм цæуынмæ дæр нæ хъавыд, æппындæр нæ хъавыд. Цæй куыройы фыд æмæ цæй цыдæр! Ардыгæй уырдæм куыройы фыдыл чи схæца, уымæй йедзаг куы у бæстæ! Фæлæ йæм тынг ныххатыд Зæрисæр. Стæй Тинатин дæр уый фарс ма фæуа!

– Куыст бирæгъ нæу, никуы фехъуыстай? – худти Тинатин, – бынтондæр æнæмæт худты хуызæн уыд йæ худт. Цыма-иу йæ былты кæрæтты дæр аззади уыцы бахудты æнæмæтæй, æмæ-иу æм кæсгæйæ аззади Æзнауыр. Зæрисæрæй дæр-иу нал фефсæрмы кодта. – Стæй йын кæд гæнæн нал уа куыстæн æнæ бирæгъ фестгæ, уæддæр æй æз хъæдмæ нæ ауадздзынæн, йæ барцыл ын ныххæцдзынæн, – йæ къухтæ уыцы дзæбæх батылдта Тинатин. Ноджы Зæрисæр дзæбæх лæппу уыди – лæппу уыди, лæг уыди – уæддæр Æзнауырæн лæппутæ уыдысты иууылдæр йе ‘мкарæнтæ. Цы нæ зыдта æмæ йæ ныфс цæмæ

нæ бахастаид! Сæ картофты уæрмытæ дæр сын уый бамбæрзта. Уæлдæфдзæуæгтæ дæр сæм арæзта. Куыст куы фæци, уæд бахудти.

– Гъеныр æртæ зымæджы куынæ ныккæсат уæ уæрмытæм, уæддæр уый æнхъæл ма ут, æмæ уын дзы иу картоф дæр йæ бынатæй фезмæла!

Стæй та бахудти, ома фæдæн дзырд. Æмæ йын цы дзæбæх ном и, уый та! «Зæринсæр» уыдаид, æвæццæгæн, раздæр. Æмæ цы нæмттæ уыди раздæр, æмæ сæ фæсте уадзгæ фæцыдысты ирон адæм. Æмæ ирон зæххыл ирон ном нал баззад. Кæйдæр нæмтты бын бабырыдысты. Бадынц сыл уыцы нæмттæ, нæ сыл бадынц – уымæ каст нæй. Нытътъæпп ыл æй кæн, æрмæст ирон ном ма уæд, уый йеддæмæ цыфæнды уæд!

Зæрисæр дæллагхъæуккаг уыди. Афтæмæй Нарты æртæ хъæуæй Дæллагхъæу ничи хуынди. Æмæ ма сæм уæд æндæр хъæутæ дæр уыди, гыццылдæр хъæутæ, æмæ уыдонæй хуынди исчи, æвæццæгæн, Дæллагхъæу. Зæрисæрæн йæ ном хъуыстгонд уыди Нартæй Чынтæм. Стæг асаст æмæ йæ Зæрисæр сæвæрдта, уæд-иу уайтагъд æхсидынмæ фæци.

– Уыцы ном дыл чи сæвæрдта, нæ йæ зоныс?

– Мæ мадыфыд. Уый Нарты хабæрттæ, Нарты чиныг чи рауагъта, уыдонæй хуыздæр зыдта. Æмæ-иу куыд адджынæн кодта уыцы дæргъæй-дæргъмæ кадджытæ! Уæрхæджы фырттæ Дзылæу æмæ-иу Болатбæрзæйы кой уæлдай арæх кодта. Болатбæрзæйæн Зæрисæры чызг Уазæфтау куырдуаты баззад. Болатбæрзæй фæмарди гуымирты ныббырсты. Чызг саутæ скодта æмæ сæ нал систа, йæ бирæ курджытæ сæ къухтæ ‘хсынгæ фæцыдысты сæ фæд-сæ фæд. – Зæрисæр дзырдта æмæ дзырдта. Æзнауыр дæр зоны Нарты кадджытæ, уыцы хъуыды йæм æвваахс дæр не ‘рцыди. Кадæг æм йæхæдæг нæ уагъта ахæм хъуыды æрцæуын. – Стæй æфсад сарæзта Уазæфтау, чызгæфсад. Тархъæды астæу иу стыр æрдуз уыд, уырдæм сæ акодта æмæ уым сæхи хæцын ахуыр кодтой: фат куыд æхсын хъæуы, кардæй куыд цæвын хъæуы. Афтæ схæстон сты, æмæ сæ тасæй гуымиртæн ‘хсæв сæ хуыссæг фæлыгъд. Æмæ ма уый дæр искуы æрцыд, æмæ гуымирон лæгæн йæ хуыссæг фæлидза?! Мæнæн та-иу мæ цæстыл Уазæфтау уади: æрдынбос æрбаивæзта, йæ иу цæст æрцъынд, иннæ цæст ныйирд и, æмæ йæ сау пиллон кæлы цæстæн. Ныртæккæ фæцæудзæн æрдынбосы тъæпп, æмæ фат æхситгæнгæ фæцæйтæхдзæн.

Дзырд куы фæци Зæрисæр, уæд æхсызгон-æнкъард уыгъд бакодта йæ сæр:

– Иу Уазæфтау чызг ма рацæйцæуæд дæ уынгты!

– Уазæфтау! – загъта хъæрæй Æзнауыр дæр. – Ныр та цы нæмттæ æвæрд и нæ сылыстæгыл! Сылгоймаг кæй у, уый æппындæр нымад кæм нæу, ахæм цыдæртæ.

Уыцы ныхæстæ фæндагыл кодтой, ардæм куы цыдысты, уæд. Æмæ йæ æмбæрста Æзнауыр – куыд нæ йæ æмбæрста?! – йæхимæ куыд нæ ныхъхъуса, уый тæххæй йæм бадзурынц. Æмæ уый хорз у, фæлæ йæ кæй нæ фæфæнды, афтæмæй кæй рацæуы, уый дæр хорз у, цымæ? Нæ, уый хорз нæу, æвæццæгæн, тыхст уыди Æзнауыр. Йæхиуыл тыхсти, Кæсæбийыл тыхсти, Гасболыл тыхсти. Тынгдæр Гасболыл уыди йæ тыхст. Студентты афтæ æхсызгон чи хъуыди, уымæ бамидæг у, æмæ йæ, æппындæр кæй ницæмæн хъæуы, уыцы къуырма æмæ къуытты сывæллæтты скъолайы бамидæг кæн! Уый, хуымы ауæдзы йæ ахтонмæ йæ ләппынтæн хæринаг чи фæцæйхаста, æмæ иу хуыцауылгъыст дурæхсæнæй кæй æрæппæрста, уыцы цъиуы хуызæн каст Æзнауырмæ. Æмæ йæ ныр куы нал бауадзой университетмæ, уæд цы ми кæндзæн?! Æмæ уыцы хъуыддаг афтæ кæй зондæй бачынди, ууыл йæ цæсгом нæ судздзæн цæргæ-цæрæнбонты?! Ау, адæмы 'хсæнмæ цæуын æй нал хъæудзæн, адæмы цæстытæм кæсын, адæмы къухтæ исын? Æмæ цы цæсгомæй кæндзæн уыцы митæ? Стæй та-иу æм уыцы хъуыды æрцыд, – цымæ сын æнæрхъуыдыйæ афтæ рауад æви йыл хъуыды кодтой ууыл дæр? – ома гъеныр уым кæнæд паддзахады хицæутты кой! Уыцы къуыттытæ æмæ къуырматæн!

Мæнæ цытæ цæуы ацы рагон дунейы, рагон чи у, фæлæ нырма æнæхсæст чи у, уыцы дунейы! Æмæ-иу цы æнкъард худт бакодта, йæ ног куысты кой кæнын-иу æй куы бахъуыди, уæд! Сис дæ къухтæ æмæ сæ дæ сæры тъæпæнтыл тъæпп-тъæппæй ралæуу!

Æмæ йæм иннæ диссаг та уый касти Æзнауырмæ: уырдыгæй уырдæм æй базыдта, Габела йæ бæхуæрдон кæм баурæдта, уырдыгæй далæ арты фарсмæ кæм бадти æмæ чиныг кæм касти, уырдæм, фæлæ йæм хæстæг куы бацыд, уæд æй нал базыдта. Уый, æвæццæгæн, йæхи хуызæн кæй нал уыди, уый йæм дардмæ нæ зынди, æмæ уымæн афтæ уыди. Чи зоны, уымæн афтæ дæр нæ уыди, чи зоны йæ уырдыгæй дæр æнæуи афтæ базыдта æмæ йæ стæй уырдыгæй дæр æнæуи афтæ нал базыдта. Базонын æмæ нæ базонын – уым бирæ цыдæртæ зонын хъæуы.

Уæдмæ уартæ Тæбæккаты тигъыл фæзынди Саумелы мотоцикл.

Тагъд нæ цыди, афтæмæй бæстæ йæ сæрыл иста йæ хъæр, цыма йын цæуын нæ куымдта æмæ йæ цыма тыхыскъæрд кодта Саумел.

– Уæ хорзæх мæ уæд, æмæ мын æй ма басусæг кæнут, Саумелæн йæ цин уæлæмæ цæй тыххæй нæ хизы? – тынг зæрдæбынæй загъта Къæпсыр æмæ фæйнæ касты бакодта Зæрисæр æмæ Æзнауырмæ. – Ардæм куы слыгъди, уæд ма æз бæгъæввадæй рауай-бауай кодтон. Æндæр исчи афонмæ булкъон суыдаид! А Саумел та нырма лейтенант у, æнхъæлдæн.

– Хистæр лейтенант, – загъта Зæрисæр.

– Омæ уымæй хистæр лейтенант мауал уæд! Адæмæй рох дæр куы фæци, ам кæд æрцарди, уый, æмæ – хистæр лейтенант!

Æмæ бахудти Зæрисæр.

– Кæд, цæргæ дæр ам кæй æркодта, уый тыххæй йын дыууæ азы иу азмæ нымайынц?

– Ды хъазгæ кæныс, фæлæ æз хъазгæ нæ кæнын, – цыма æцæг рамæсты, уый дзагъул бакодта Зæрисæрмæ Къæпсыр. – Уæдæмæ æнцайдзынæн иу æвдæлон бон æмæ районмæ ныммидæг уыдзынæн æмæ хицæуттæй искæй бафæрсдзынæн – ацы æмæ ацы лæгæн йæ цинмæ цин цæй тыххæй нæ ‘фтаут?

– Кæд сæ просто рох фæци, йæхи загъдау, – бахудти Æзнауыр.

Уæдмæ бахæццæ куыройы размæ Саумел, мотоцикл баурæдта æмæ фæхæрд кодта, уыдон кæм бадтысты, уырдæм. Стæй сæм схæццæ, сæ къухтæ сын райста æмæ æрбадти сæ фарсмæ иу дурыл.

– Саумел, цыма мотоциклыл не ‘рбацыдтæ, фæлæ мотоцикл дæуыл æрбацыд, уый улæфт куы кæныс, – фездæхт Саумелмæ Къæпсыр.

Саумелæн йæ роныл цы сæрак гæххæтдон уыд, ууыл размæ æрбахæцыд, йæ къухтæ йыл æрæвæрдта æмæ загъта:

– Хъал дæ æмæ хъал ныхæстæ кæныс! Уæдæ ма мæ положенийы уаис!

– Цы кодта дæ положени?

Саумел йæ сæр фæйнæрдæм арадав-бадав кодта, афтæ зынд, ахæм зæгъинаг у, æмæ йæ йæ зæгъын фæндгæ дæр кæны æмæ йæ фæндгæ дæр нæ кæны.

– Алаганыл покушени скодтой.

Уыдон æм сæ цæстытæ базылдтой. Стæй йæ фæйнæ фарсты бакодтой:

– Куыд ыл скодтой покушени?

– Кæд ыл скодтой?

– Кæм ыл скодтой?

Саумел нæ базыдта, фæрстытæй сæ чи кæй уыди, уый, æмæ йæ уый хъæугæ дæр ницæмæн кодта, куыд ыл зынд, афтæмæй.

– Уæ вопростæн уын ответтæ раттын мæ бон нæу, уымæн æмæ, во-первых, хъуыддаг нырма мæхæдæг дæр дзæбæх нæ зонын, во-вторых, ахæм хъуыддаг нæу, алы тигъыл кæй читт-читт кæнæм! – афтæ куы загъта Саумел, уæд йæ гæххæтхæссæн байгом кодта, иу гæххæтт дзы систа æмæ йæ Ӕзнауырмæ бадардта. – Гъа-ма, Ӕзнауыр, уым дæ къух æрæвæр о невыезде.

– О невыезде! – загъта Къæпсыр, фæрсгæ нæ бакодта, æнæуи загъта, стæй та фæрсгæ бакодта: – Цавæр невыезд у?!

– Ӕвæццæгæн, сæ рæстæ æхсæдынц прокуратурæйæ- æндæрæй, ома кæсут – кусæм! Ӕзнауыры та куыстæй кæй систой, уый тыххæй йæм, ома æхсайы нæ зæрдæ.

Ӕзнауыр Саумелы къухæй ручкæ райста, агуыбыр кодта гæххæтмæ æмæ дзы бафыста йæ къух, æмæ йын цыма æхсызгон уыд, йæ къух кæй бафыста, уый, ахæм улæфт ныккодта.

Саумел гæххæтт айста, æркаст æм æмæ йæ бафснайдта гæххæтхæссæны. Уæдмæ куыройæ рахызт Габела, куыройы раз раст слæууыд æмæ бапъироз аразынил балæууыд. Ӕмæ бадис кодта Ӕзнауыр, уæдæй уæдмæ куыд бафæрæзта æнæ тамако сдымгæ, ууыл, стæй йæ дзыппæй систа йæ тамакойы къопп уый дæр.

## 24

Зазион раст лæууыд, уæлæмæ касти Ӕзнауыры цæсгоммæ æмæ йын амыдта:

– Уартæ æддиау чи и, уыдон тонынвæнд ма скæн, абабау. Кæрдо сæртæг хъæд у æмæ, кæм никъкъæрцц кæндзæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Стæй уыдонæн уыйас ницы вæййы, куы ‘рхауынц, уæд дæр. Цъæл иннæтæ ныввæйынц, мидæггæгтæ. Сæхи хойгæ рахæссынц уым дæлæмæ, уыцы ставд хихтыл ныскъуыдтæ æмæ ныхъхъæдгæмттæ вæййынц, æмæ сæ тæригъæдæй лæг амæлы.

Цæхæрадон сафтид и, бафснайдтой йæ, æмæ сфидыдта. Сæ

сыхæгты ус чи у, Сакъи, – хъæрæйдзураг æмæ хъæлдзæгарæзт – уый йæ тъæпæн æрмттæй кæрæдзийыл цъыкк-цъыкк ралæууыд. Стæй та афтæ фæкодта:

– Кæд алы нæуæг чындзы уат афтæ æрфснайд вæййы, уæд мæ арв ныццæвæд! Акæсæд-ма исчи, гъа! Гъеныр ма ам фæндыр ныццæгъд æмæ дзы дзæбæх ныссыртт-сыртт кæн иу хъуынджынрихи лæджы разæй!

Æмæ афтæ хæрзæфснайд никуы уыди, никуы йæ æвдæлди цæхæрадоны биноныг куыст бакæнынмæ, фæлæбурæггаг куыстæй та – дæ гал æгæвдæс! Æмæ бацыд Æзнауыр мæнгагъуысты фæстаг къулмæ. Уым къулыл тæссармæ цы дæргъæй-дæргъмæ асин лæууыд, уый райста æмæ фæцæйцыд, далæ цæхæрадоны кæрон уыцы зымæгон кæрдобæлас кæм уыди, уырдæм. Йæ зæрдыл æрбалæууыд Годжиатæ сæ кæрдо тонынмæ Бодзыботы цæхæрадоны куыд фæцæйцæуынц, йæ тæккæ астæуты йын сæ даргъ асин куыд фæцæйхæссынц, уый. Ныр быцæутæ бавæрдтой бæласмæ, фæзæронд, дам, и æмæ, дам, куы фæхъил уа, уымæй тас, дам ын у, йæ уидæгтæ, дам æй куынæуал бауромой. Акæс-ма, цас кæрдо, дам ыл вæййы, æмæ, дам, æнцон у уыйбæрц кæрдо уромын уый хуызæн къул бæласæн! Уыдæттæ йæхæдæг дзырдта Годжиа æмæ-иу йæ цæстытæ бахъулæттæ кодта Бодзыбойыл, цыма, бæлас къул кæй уыди, уый дæр Бодзыбойы аххос уыд, æмæ йыл бирæ кæрдотæ кæй æрзайы, уый дæр.

Бодзыбо ницы дзырдта. Лæууыд æмæ хъуыста Годжиамæ. Стæй дыууæйæ фæрсæй-фæрстæм бацыдысты сугты цагъдмæ æмæ дзы иумæ равзæрстой, быцæутæн чи сбæздзæн, ахæмтæ æмæ сæ се уæхсчытыл бахастой бæласы бынмæ, уым ын сæ йе ставддæр хихтæм ныццарæзтой. Куыст куы фесты, уæд бирæ фæкасти Годжиа быцæутæм. Стæй загъта:

– Хуыцауыстæн, Бодзыбо, лæджыйаргъ куыст бакодтам æз æмæ ды абон, фæлæ йæ зон.

Сæхи бæлас бæрзонддæр у. Годжиаты бæлас афтæ бæрзонд нæу. Уый æнæуи худæджы зад æркодта, уый йеддæмæ бæрзонд дæр афтæ нæу æмæ стыр дæр афтæ нæу. Фæлæ æнахуыр къæдз баци Бодзыботы цæхæрадонмæ, æмæ æгас хъæуыл йæ кой ахъæр. Сæхи бæлас уалæ кæдæм æмæ кæдæм фæцыд! Ноджы йыл бынæй къалиутæ нæй. Цыма йыл исчи куы схиза, уымæй тарст, уыйау йæхиуыл ахæцыд уыцы ставд зæнг. Ныр æм лæг нæ, фæлæ хæйрæг дæр не схиздзæн. Стæй та уæддæр фездæхти йæ хъуыды Бодзыбо æмæ Годжиайы ‘рдæм. Цы

дзæбæх лæгтæ сты! Ныр дунейы лæгтæн сæ иутæ Бодзыбойы хуызæттæ куы уаиккой, сæ иннæтæ – Годжиайы хуызæттæ. Æндæрхуызон лæг куынæ уаид дунейы. Уæд та, цымæ, куыд цæриккой адæм? Уæд, æвæццæгæн, хорз цæриккой адæм. Хорз лæгтæ уаиккой иууылдæр, æмæ хорз лæгтæ æвзæр цæмæн хъуамæ цæриккой? Æмæ ныр, цымæ, бæлас Бодзыботы куы уаид, цæхæрадон та Годжиаты, уæд та куыд уаид, цымæ? Бодзыботæ дæр-иу афтæ куы фæцæйхæссиккой асин Годжиаты цæхæрадоны астæуты, уæд сæм Годжиатæй дæр ничи ницы бадзурид, ныр Бодзыботæй Годжиатæм куыд ничи ницы бадзуры, афтæ? Стæй йæм быцæутæ æвæрын куы сфæнд кодтаид Бодзыбо, мæнæ йæм Годжиа куыд сфæнд кодта, афтæ, уæд æй, цымæ, Годжиа дæр афтæ бакодтаид сæ сугты цагъдмæ, цæмæй дзы, быцæутæн чи сбæзза, ахæмтæ иумæ равзарой? Бакодтаид æй, æвæццæгæн, уæдæ йæ сæхимæ æрвыстаид быцæутæ хæссынмæ?! Куыд æй арвыстаид? Уæд æй Бодзыбо нæ арвыстаид?!

Æзнауыр йæ сæр ныттылдта фæйнæрдæм, цы йæ бафтыдта, цы, Бодзыбо æмæ Годжиайыл? Æмæ сыл кæд уый тыххæй нæ бафтыд. Уый сыл æнæуи бафтыд. Уымæн сыл бафтыд, æвæццæгæн, æмæ иууыл Бодзыботæ æмæ Годжиатæ не сты адæм, Бодзыботæй дæр чи нæу æмæ Годжиатæй дæр, ахæмтæ бирæ ис адæмæй, æгæр бирæ. Æмæ сæ асин хæссын ничи бауагътаид йæ цæхæрадоныл, æмæ уæд нæ нызгъæлдаид кæрдо? Куыд нæ нызгъæлдаид! Афтæ нызгъæлдаид, афтæ!

Æмæ хаста Æзнауыр уыцы даргъ асин, Годжиатæ куыд фæхæссынц сæ асин Бодзыботы цæхæрадоны, афтæ: йæ дыууæ къæбæлы астæу ын йæ цонг атъыста, йе уæхскыл æй æрбавæрдта æмæ йæ хаста. Дзæбæх æй хаста. Йæ иувæрсты, гыццыл фæсте зад, афтæмæй цыди Зазион. Йæ иу къухæй къалатийы хъæдыл хæцыд, йе ‘ннæ къухы та урс синаг уыд. Бæргæ, аздах мады, йæ синаг æмæ йын йæ къалати райс æмæ йæ аздах, фæлæ нæ аздæхдзæн, æмæ йæ куыд аздахдзынæ!

– Æмæ дæм нырмæ дæр уымæн нæ дзырдтон, кæд, зæгъын, æрхæццæ уаид Кæсæби. Уый бæласыл хизынмæ тыртынайæ уæлдай нæу. Стæй, зæгъын, цин дæр бакæна, кæрдотæ ма куы æрæййафа бæласыл, уæд.

Уым фæлæууыд йæ ныхасæй Зазион, æмæ йæ бамбæрста Æзнауыр: кæй фæлæууыд, уый дæр бамбæрста, цæмæн фæлæууыд, уый дæр. Æмæ батыхсти развæлгъау, уæддæр æрлæууыд æмæ йæм азылд, асин йе уæхскыл, афтæмæй. Æмæ ныууынæргъыдта Зазион:

– Кæм и, мæ зæрдæйы уидаг, мæ уд мæ хъуыраццагмæ куы схæццæ вæййы, æмæ йæ схауынмæ бирæ куы нал фæхъæуы, уæд?!

Æзнауыры нæ фæндыд, мады тыхст уына, уый. Иннæрдæм азилид æмæ куыд азила! Йæ цæстытæ бацъынд кæнид æмæ куыд бацъынд кæна йæ цæстытæ дæр! Æмæ цы зæгъа, мады тыхст куыд фæурома, умæн куы ницы зыдта ацы дунейы! Бæргæ, дунейы хуызæн дуне ма куы уаид. Æниу ма дунейы хуызæн дуне куы уаид, уæд афтæ æхсаид йæ зæрдæ мадæн Кæсæбимæ?! Фæлæ нал и ахæм дуне, фехæлдтой йæ, Бодзыбойы хуызæн дæр чи нæу æмæ Годжиайы хуызæн дæр, уыцы лæгтæ. Æмæ бадзырдта мадмæ, бирæ хæттыты йæм цы ныхæстæ бадзырдта, уыдоны халдих ныхæстæ. Йæхæдæг дæр сыл не 'ууæнды, афтæмæй йæм сæ бадзуры – умæй ма зындæр исты уа, дæхæдæг дæр кæуыл не 'ууæндай, уыцы ныхæстæ кæнай мадæн! Дæхи ма уырной, афтæмæй сæ уырнын кæнай мадæн!

– Фæндагыл цæуыны æгъдæуттæ фехæлдысты, хæдтæхджытæ ма кæм тæхынц, кæм – нал. Поездтæ дæр æвзæр цæуын байдыдтой, æмæ ныкъкъуылымпы и. Æндæр цы хъуамæ кæна? Æнæсæрæн нæу, æнæгъдау нæу, æнæ æхца нæу.

Æхцайы кой ныры йеддæмæ никуыма скодта мадæн. Ныр дæр æнæрхъуыдыйæ загъта афтæ. Æмæ, куы загъта, уæд ахъуыды кодта: æмæ йæм кæд нæй æхца, уæд та? Кæд æфснайæн кассæйы дардта йе 'хца? Æмæ сæ уæдæ æндæр кæм хъуамæ дардтаид?! Гыццыл æм нæ уыдаид – дæ дзыппы кæй атъыссай æмæ демæ кæй радав-бадав кæнай. Йæ æрвылмæйы мыздмæ ма, арæзтады кæй иста, уый дæр бафтау. Уæдæ хæрдзтæ дæр цастæ кодтаид?! Æмæ йæ æмбæрста Æзнауыр, уый куыд ауæрстаид йе 'хцайыл, цæмæй йын бабирæ уой, æмæ стæй бирæ æрхæсса, мад ахъаззаджы цинтæ куыд фæкæна. Нæ, гыццыл æм нæ уыдаид æхца. Æмæ-иу æм фысгæ дæр куы кодта. Куы æрцæуа, уæд афтæ дæр бакæндзысты, уфтæ дæр бакæндзысты. Уæд дзæгъæлы фыстытæ кодта?! Æмæ куыд кодтаид дзæгъæлы фыстытæ?! Æмæ йын уыцы кассæйы ма æрхæцæнт йе 'хцатыл?! Уæд гом-æгæрцæй аззайдзæн!

Æмæ йæ сæр фæйнæрдæм ныттылдта Æзнауыр – кæд уыцы æнæхайыры хъуыдытæ исчердæм фæуиккой. Кæцæй йæм фæзындысты, кæ?! Уыдоны хъуаг ма уыди! Йæ ныхыл цыдæр сыг абадт, йæ уæларм æрбауагъта йæ ныхыл, æмæ фæбырыд ныхыл уæлæрм.

Азылди, асин Зазионыл куыд нæ баныдзæва, афтæ, феггуырсти йæ

бынатæй Æзнауыр. Æмæ йын уæд æхца æрвитын нæ хъæуы?! Куыд нæ йын хъæуы æхца æрвитын уæд?! Фæлæуу, æмæ йын кæдæм хъуамæ арвита лæг æхца, кæд ын хъæуы æрвитын, уæд?! Чи йæ зоны, кæм и ацы бонты Кæсæби?! Стæй, æхца искуы-иу посты кусæг йæ дзыппы нæ атъысдзæн? Афтæ сæ атъысдзæн, æмæ йæ цæст дæр нæ фæныкъулдзæн. Дуне афтæ схæмпæл и, æмæ дæ дзы, цы дæ фæнды, уый кæн. Искæмæн йæ къухы исты федтай, акъах ын æй йæ къухæй, кæд ыл дæ бон цæуы, уæд. Куыдз дæр дыл не срæйдзæн. Сæрмæ хæссынæн йæ кой дæр ма скæн. Цы нæ 'рхаста лæг йæ сæрмæ, ахæмæй ницыуал баззади. Куыдзы бæлæгъæй дон бануаздзæн, кæд йæ быны уыцы донæн суари разындзæни, уæд.

Куы æрхиза бæласæй, уæд Тинатинимæ ауынаффæ кæндзæн. Кæд ма уый сæр исты æрцахсид, уымæн цы нал ахсы йæ сæр, ахæм исты.

Уæдмæ бахæццæ сты бæласы бынмæ, æмæ загъта Æзнауыр, цыма æрмæст мадæн нæ дзырдта, фæлæ бæласæн дæр дзырдта, афтæ:

– Иуизæр, æхсæвæрыл нæма æрбаддзыстæм, афтæ дуар фегом уыдзæн, цыма йæ дымгæ фегом кодта, афтæ, 'мæ дзы худгæ æрбамидæг уыдзæни Кæсæби.

Æмæ Зазион загъта, никæмæн загъта, йæхицæн дæр нæ загъта. Афтæ загъта:

– Уый йын куы фестин!

Æзнауыр æнæрхъуыдыйæ загъта, цы загъта, уый, æнæрхъуыдыйæ дæр нæ – афтæ йæ фæндыди, стæй йæ цæстытыл дæр афтæ ауади, æмæ афтæ загъта. Æмæ йæм хорз фæкасти, цы загъта, уый. Æцæг афтæ гæнаг уыди Кæсæби. Хъуамæ йæ тæккæ кæронмæ айтыгътаид дуар, цыма йæ фæстæ адæмæй байдзаг и, æмæ сæ йæ разæй æрбауадзынмæ хъавы, уый хуызæн, стæй багæпп кодтаид, йæ худын йæ цæсгомыл ныппарахат уыдаид, афтæмæй. Æмæ диссаг куыд нæ уыд, æнæуи – уæзбын, уæлдай къахдзæф нæ акодтаид кæнæ дзы уæлдай ныхас нæ фехъуыстаис. Фæлæ, дуар сабыр бакæна æмæ дзы сабыр бахиза мидæмæ, уый никуы 'рцыд, æвæццæгæн, æмæ йын уайдзæф никуы ничи бакодта уый тыххæй, нæдæр йæхæдæг Æзнауыр, нæдæр Зазион. Æвæццæгæн ыл фидыдта, афтæ кæй кодта, уый. Æмæ йыл, æвæццæгæн, уымæн фидыдта, æмæ уый кæй уыди, йæхæдæг кæй уыди Кæсæби.

Къалати æмæ синаг айста Зазионæй, синаг къалатийы ныппæрста, стæй, йæ иу къухæй къалатийы хъæдыл хæцыд, йе 'ннæ къухæй асины къæбæлтыл фæхæц-фæхæц кодта, афтæмæй хызт уæлæмæ. Куы схæц-

цæ, къалиутæм куы бахызт асинæй, уæд æрбадт иу саджил цонгыл. Мад æй нæ уыны, уый куы федта, уæд тамако сдымдта. Стæй фæйнæрдæм касти уыцы бæрзондæй. Æмæ йæм уæд æрцыди уыцы хъуыды – кæцæй йæм æрцыди, куыд æм æрцыди, уыдæттæн ницы базыдта. Уæдæ цы дзæбæх цардæй цардысты фыдæлтæ! Цас дæ фæнды, уыйас бакус, куыд дæ фæнды, афтæ бакус – мачи дæр дын æппæлгæ ракæнæд дæ куыстæй, мачи дæр дын æй фаугæ бакæнæд, уымæй хуыздæр цы и?! Зын, дам сын уыди цæрын. Æмæ æнцон кæмæн у цæрын?! Стæй цы у æнцон цард?! Лæг хъуагтæ кæм не ‘ййафа æмæ йæ хъуагтæ бадзæбæх кæнынил кæм нæ архайа, уый цы хуызæн цард хъуамæ уа?! Лæгмæ, кæнæ уазал кæдæм нæ хæццæ кæна, кæнæ йæм хур æгæр кæдæм нæ кæса?! Куыд хъуамæ уа ахæм цард? Стæй хъæугæ дæр цæмæн кæны ахæм цард, хъæугæ?! Æмæ Гоголь афтæ куы фыста, æмæ, дам, лæджы хъæдысыстытæ куынæ хæрой, уæд, дам, ахæм фынæй цы ад хъуамæ скæна лæгæн?! Уæд адæймаг, куыд хъуамæ фынæй кæна, æрмæст уый тыххæй нæ фыста, чи зоны, æппындæр нæ фыста уый тыххæй, æвæццæгæн. Æмæ, дам, дон къæртаты хастой. Æмæ иу хæрзаг хæрзад уыди къæртайы хаст дон! Хъæдын къус дзы фæтъысс æмæ йæ дæ дзыхыл сдар! Æмæ, дам, тæсчъы хастой холлаг æмæ, дам, къогъодзитæ рæхсадтой æмæ суг миты уæлæ састой. Æмæ-иу йæ фосмæ дзæбæх куы базылд уыцы хохаг лæг, стæй-иу уыцы дзæбæхсаст сугтæ пецы бын куы самадта, уæд-иу цы æхсызгон улæфт ныккодта, уый та! Кæм ма и ахæм улæфт?! Кæм ма йæ фехъусдзынæ?! Æмæ царды ахæм æхсызгон улæфт куынæ уа, уæд уый æнæуд цард у, æнад цард. Æмæ мæгуыр у, уыцы улæфт кæцæй нæ хъуыса, уыцы дуне.

Даредзан кæцæй фæци, уый нæ базыдта Зазион. Йæ хъæбысы йæ фелвæста æмæ йæ иуварс авæрдта асинæй. Стæй хизынил фæци уæлæмæ асинил. Æмæ йæм ницыуал сдзырдта Зазион, кæсгæйæ йæм баззад, кæм æй авæрдта, уырдыгæй. Даредзан æрбадти Æзнауыры ныхмæ бæласы иннæ хихыл. Бакаст Æзнауырмæ, бахудти йæм.

– Æвæццæгæн, бæласы цъуппыл цы тамако спъæртт кæнай, уый адджындæр у!

Æзнауыр дæр бахудти. Ныхасыл нæ бахудти, æнæуи йын æхсызгон уыд Даредзаны фæзынд, æмæ уымæн бахудт.

– Кæцæй фæдæ?

– Зæххæй.

– Æмæ цы хабæрттæ ис зæххыл?

– Зазион лæууы æмæ æнхъæлмæ кæсы, йæ размæ узгæ-узгæ къалати кæд æрцæудзæн.

– Уый хорз хабар у – кæрдойы къалатимæ æнхъæлмæ кæсын, æндæр ницы?

– Куыд ницы, куы?! Æмæ зæххыл цæугæ дæр куынæ кæнынц хабæрттæ. Бодзыбо мыл æмбæлд, уыцы дзæбæх зæрдæйыл уыди, афтæмæй. Æвæццæгæн мын йæ арм ме уæхскыл æвæрынмæ хъавыд – ме уæхск æгæр бæрзонд уыд, æмæ йæм æнкъардæй касти. Афтæ йын фæтæригъæд кодтон, æмæ дын æй куыд зæгъон! Кæд, гыццылдæр куы уыдаин, уый мæ не 'рфæндыд!

– Тобæ! – бахудти Æзнауыр. – Уымæй худæгдæр ма зæххыл къахылдзæуæг ис, цымæ? Кæимæ æрлæууай, уымæн дæ армытъæпæн фæхæсс æмæ йын æй йе уæхскыл æрæвæр æмæ афтæмæй ныхас кæн йемæ! Æз ахæм лæг никуы федтон.

– Æз дæр. Æмæ алкæй уæхскмæ нæ исы йæ къух, нæ.

– Уæдæ? – бадис кодта Æзнауыр.

– Хионад ын чи кæны, уыдоны уæхсчытæм. Стæй алы хатт нæ исы йæ къух.

– Уæдæ? – бадис та кодта Æзнауыр.

– Исты ахсджиаг зæгъинаг æм куы вæййы, уæд.

– Акæсæд-ма исчи Бодзыбойы митæм! Æмæ йæм цы ахсджиаг зæгъинаг уыди ацы хатт?

– Джиуæр, дам, йæ хæдзарæн куывд кæндзæн, æмæ, дам, хуынд дæ, фæлæ, дам æй зон. Æнæуи дæр хонæджы хуызæн у Бодзыбо. Кæдæмфæнды куы фæцæйцæуа, уæддæр цыма хонæг фæцæйцæуы.

– Æцæг, æцæг! – цыма йын тынг æхсызгон уыди, Бодзыбо хонæджы хуызæн кæй у, уый, афтæ базмæлыд Æзнауыр, æвæццæгæн, йæ бынатæй дæр фестадаид, æндæр искуы куы бадтаид, уæд, фæлæ бæласы цонгыл бадгæйæ куыд фестадаид?! – Куыд æй æрхъуыды кодтай?

– Хъуыды йæ не 'ркодтон. Фæлæуу-ма, Зазион хæрзаг ма зæгъа, æз дæ ныккъкъулымпы кодтон! – Даредзан февнæлдта кæрдотæ тонынмæ. Уæд бавнæлдта Æзнауыр дæр. Уайтагъд айдзаг и къалати, Даредзан ын йæ хъæдыл синаг абаста æмæ йæ, къалиутыл куыд нæ æмбæла, афтæ сындæггай ауагъта дæлæмæ.

– Нал дæ хъæуы зæххон хабар? – бакасти Æзнауырмæ.

– Хъæуы, æмæ кæм и?!

– Сабаз чи у, уый Угъал æмæ Цеукъайы цадмæ къанал райгæрста.

– Цæй цадмæ?

– Цадмæ нæ, фæлæ, цад кæм уыдзæн, уырдæм.

– Цы хуызы?

– Цы хуызы, куы зæгъай, уæд дæлæ хиды могортæн бынæттæ чи къахы, уыцы тракторты лахæцыд æмæ, дон кæуылты рацæуа хъуамæ цадмæ, ууылты ронбасты онг къанал ракъахта, æмæ сулæфыдысты Угъал æмæ Цеукъа. Хорз архайы Сабаз, æмæ мæм дис кæсы, уым æй цæуылнæ ныууагъта, районы, ардæм æй цæмæн сæппæрста?

– Районы хъыгдардта Алаганы.

– Цæмæй йæ хъыгдардта?

– Дзæбæх кæй уыди, умæй.

– Фæлæуу, æмæ дзы ды цæмæннæ æппæлыс, кæд афтæ дзæбæх у, уæд? Мæ бар æй цы бакодтай?

Æзнауыр бахудти.

– Æз æм нырма кæсгæ кæнын. Æз æм кæсынæй нæма бафсæстæн.

Даредзан æм цыдæр зæрдæхсайгæ каст бакодта.

– Афтæ, афтæ. Ныронг цы куыстытæ кодта, уым кæд бачъизи искуы йæ цæсгом. Куыст знагиуæг кæны цæсгомæн. Власик чи уыди, уый нæ зоныс?

– Куынæ. Чи уыди?

– Чи уыди, чи, Сталины хъахъхъæнджыты хицау. Æмæ Сталины цыдæриддæр хъуыди цæрынæн, кусынæн, улæфынæн – афтæ сæ сарæзта, æмæ Сталинæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыди, афтæ сæ саразын хъæуы, æмæ сын афтæ саразæн ис, уый. Афтæмæй тынг сномдзыд и, а Власик чи уыди, уый. Æмæ йæхиуыл фæхæцыд, йæ бынат æй фæхæцын кодта йæхиуыл. Афтæ дæр ма, дам, загъта, æз куынæ уон, уæд нæ уыдзæн Сталин дæр. Афтæмæй йын цы нæ æмбæлди, уыцы митæ кæнын райдыдта. Къазнамæ дæр-иу фæныхылдта. Хъуыддаг прокуратурæмæ бахауд. Æмæ йæ диссаг цæй мидæг и?! Сталин йæ сæрыл иу сыбыртт дæр не скодта, афтæмæй хорз зыдта, æнæ Власик æм цы кæсы, уый; чи зоны, цы йæм касти, уый дæр зыдта. Фæлæ йæ цæсгом кæй счъизи кодта, уый йын ныххатыр кæнын нæ фæрæзта, йæ цæсгом æй нæ уагъта. Æмæ ма йын Власик куы уыдаид, уæд ма цас фæцардаид, чи йæ зоны, æмæ ма цас хæрзты бацыдаид адæмæн!

– Омæ гъеныр тæрхонгæнæг фæу дæхæдæг: Сталин ма цы хорз хъуыддæгтæ сарæзтаид, уыдон – иуæрдыгæй, æмæ иу лæджы цæсгом – иннæрдыгæй, уæд сын æмхуызон уæз уыдаид адæмы царды? Уыцы хæрзтæ куыд ахъаззаг фæзындаиккой бæстæйы цардыл, уыцы цæсгомы сыгъдæг дæр ыл афтæ фæзындаид? – загъта Даредзан.

– Чи сæ æхсызгондæр хъуыди? – бафарста Æзнауыр.

– Кæд уыцы хæрзтæ.

– Кæд уыцы цæсгомы сыгъдæг.

Стæй фæлæууыдысты сæ ныхасæй æмæ кæрæдзимæ кастысты, æмæ хъуыды кодтой, алчи дæр сæ хъуыды кодта, цы загъта, ууыл, фæндыди йæ, истæмæй йæ куы бафидар кæнид. Æмæ загъта Æзнауыр:

– Уыныс, Угъал æмæ Цеукъайæн феххуыс кодта, фæлæ, лыстæг æркæсгæйæ, йæ цæсгом та чъизи бакодта. Афтæмæй сын ма баххуыс кæна, уый йæ йæ цæсгом нæ уагъта. Уыныс, цы уавæры бахауди цæсгом – ма бакæна, уый йæ бон нæу, бакæна – чъизи кæны.

Æмæ та хъуыды кæнынил фесты.

– Дзырд дæр ыл нæй, йæхи куыстмæ куы акодтаид трактор, уæд тынгдæр чъизи кодтаид йæ цæсгом, ныр æй цас фæчъизи кодта, уымæй.

– Æмæ уæд афтæ нæ цæуы, æмæ иутæн фылдæр чъизи сты сæ цæсгæмттæ, иннæтæн къаддæр, аннæтæн ноджы къаддæр. Æмæ уæд амалхъомтæ куыд дихтæ цæуынц, афтæ дихтæ кæнын куы райдайой, уымæй тас нæу?

– Куыд ома?

– Гыццыл цæсгомджын, астæуккаг цæсгомджын, стыр цæсгомджын, æнахъинон стыр цæсгомджын.

Æзнауыр бахудти.

– Æнахъинон стыр амалхъом никуы фехъуыстон.

Зæрисæр дæр бахудти.

– Амалхъомтæ иууылдæр æнахъинон сты. Стæй кæрæдзийыл куыд барст æмæ куыд баст сты, уымæ-ма кæс: цас амалхъом гыццылдæр уа, уас йæ цæсгом сыгъдæгдæр у. Цас амалхъом стырдæр уа, уас цæсгомæй иртæстдæр у. Баст сты, тынг баст амалхъом æмæ цæсгом.

Æзнауыр æм йæ сæр æркъул кодта.

– Амалхъом амалхъом уымæн у, æмæ сыгъдæг цæсгомы хицау нæу, сыгъдæг цæсгомы хицау куы уаид, уæд амалхъом нæ уаид. Уæд æмбæхсгæ кодтой, амалхъомы куыст кæй кæнынц, уый. Уым

амалхъом кæй схуыдтаис, уый дæм йæ хъама куы фæцъортт ластаид, умæй дæр тас уыди. Ныр та дзы бæрзонд хæссынц сæ сæртæ: нæ хицауад сæ адæмы хуыздæртæй агæппытæ кæнын кодта. Бæрзонд цы уыд, уый къæхты бынмæ ‘рхауди, ныллæг цы уыди, уый бæрзонд схызти. Афтæ фæцудыдта цард, гъе!

– Æмдзæвгæйы зæлтæ дæр абадти де ‘взаджы цъуппыл, кæд нæ исты амонд уа, уæд.

– Уыдзæн æмдзæвгæтæ дæр, стæй бирæ æндæр алыгъæд уацмыстæ дæр, ацы дугыл æххы-ту чи фæкæна, ацы хицауады гамхудтæ чи сиса æмæ, цы сты, умæй сæ гом-æгæрцæй чи равдиса, ахæмтæ. Уæд сæ ферох уыдзысты сæ хафына амалхъомтæ æмæ, зыр-зыр кæуыл кæнынц, уыцы гуымыдза фермертæ.

– Гъомæ сыл цæмæн зыр-зыр кæнынц, цы уынгæджы фесты сæ къонатæ!

– Уынгæджы фесты, уартæ сын фæсарæнæй афтæ амонынц æмæ сæ цæсты хъуамæ сæхи равдисой: хъуамæ зæххытæ фермертæм сфидар уой, æмæ адæм колхозты кой мауал кæной!

– Æмæ сын цы нæмттæ æрхъуыды кодтой!

– Нæ, уыцы нæмттæ ныры æрхъуыды не сты. Семæ сæ æрхастой. Кæцæй сæ æрхастой, уым, йæ астæу куыстмæ кæмæн нæ тасыд, хъавыны-давыны æмæ сайын-майыны куыст чи кодта, уыдоны хуыдтой уыцы номæй – амалхъомтæ. Амал кодтой, æмæ сæ æндæр цы схуыдтаиккой!

– Гъа, уыдон та Кæсæбийы хай!

Æзнауыр комкоммæ бакаст Даредзанмæ.

– Æмæ кæм и Кæсæби?

– Æрцæуы.

– Куыд æрцæуы?

– Йæ къæхтæ размæ исы ‘мæ афтæ.

– Кæм исы йæ къæхтæ размæ?

– Фæндагыл, æндæр кæм.

– Кæм и уыцы фæндаг?

– Цæмæйзон, кæм и!

– Уæдæ, æрцæуы, уый цæмæй зоныс?

– Цæмæй йæ зонын, уый нæ зонын, фæлæ æрцæуы, уый зонын. Æмæ куы ‘рцæуа, уæд ардæм хиздзæн, æмæ уадз æмæ бацин кæна,

кæрдотæ ма дзы кæй уыдзæн, ууыл. Ацы кæрдомæ-иу арсы хызт куыд сцæйкодта йæ цыппар къахыл, уый нæ хъуыды кæныс?

– Кæнын.

– Уæдæ ма цы?!

Стæй фæлæууыдысты сæ ныхасæй æмæ бадтысты. Нæ сæ ‘вдæлди бадынмæ, афтæ зынд, фæлæ бадтысты.

– Уæдæй фæстæмæ ахæм бон нæ уыди, æмæ мæ цæстыты раз ма ‘рбалæууа, – загъта стæй Даредзан.

– Кæдæй фæстæмæ? – бафарста стæй Æзнауыр.

– Ныр ыл иу-дыууæ къуырийы цæуы, уæд уалæ Тараты уынгмæ бафтыдтæн, ибонты сын бæлас куы æрластам, бирæ сывæллæттæ сын куы и. Æмæ дын, сæ ус чи у, Хынцæгон, уый иу даргъхъæд фæрæтæй бæласæн йæ лыстæг къалиутæ цæгъды, йæ цин йæ цæсгомыл нæ цæуы, афтæмæй. Дзурын æм: «Мæнæ нæ хъæдкалæн хырх скусдзæн абон-райсом, æмæ дын дæ бæлас ныллыгтæ кæндзыстæм». Уый дын йæ фæрæты хъæдыл ма æрæнцайа æмæ дын мæм ма ‘рбадзура: «Нæннæ, дæ нывонд мæ Хуыцау фæкæна, дæлæ Зазионы лæппумæ кæсын». «Æзнауырмæ?» – бадис кодтон æз. «Цæмæн Æзнауырмæ, цæ! Иннæмæ, кæстæрмæ, афицер ын чи сси, уымæ». – «Кæсæбимæ?» – «О, о, Кæсæбимæ». – «Æмæ уый дард кæмдæр куы и Уырысы далæ», – дзурын Хынцæгонмæ. «Уырысы та куыд нæ и, фæлæ æрцæуы», – дзуры мæм Хынцæгон æмæ мæм комкоммæ кæсы. «Чи загъта?» – «Зæгъгæ чи хъуамæ кæна?! Æз æй мæ фыны федтон. Куыд æй федтон, уый зоныс?» «Нæгъ», – загътон æз. «Уæдæ хъус ардæм: далæ Гуыдзойты суадон чи у, уый былыл иу урс дур куы и, уыцы дурыл бадти æмæ, уартæ къуыппыл чи æрцарди, уыдоны хæрæгæн дон дардта йæ афицеры худæй. Æз ма Зазионмæ дæр ныууайынмæ хъавыдтæн, æзын, зæгъон ын, æмæ йæм йæ зæрдæ мауал æхсайа. Æмæ мæм дзуры, уым дурыл бады, афтæмæй, дæ бæлас, дам дын æз ныллыгтæ кæндзынæн æмæ, дам дын мидæмæ бахæсдзынæн йæ лыгтæ. Уартæ, дам, Микоты Баччемæ хорз хырх и, æмæ, дам, уый ракурдзынæн. Æмæ йыл уый æрцыдмæ ауæрдын. Кæннод, стæй куы æрцæуа æмæ бæлас куынæуал æрæййафа, уæд ма йæм цы цæсгом равдисдзынæн?..» Æмæ мæ бауырныдта йæ фын. Цыма фын нæ уыди, цыма æнæуи федта Кæсæбийы, цыма уыцы дурыл æцæг бадти æмæ æцæг дардта йæ худæй дон Сæрæбиты хæрæгæн.

– Æмæ, цымæ, ис хæрæг Сæрæбитæм? – бафарста Æзнауыр.

– Уый нæ зонын, – загъта Даредзан.

– Æз дæр æй нæ зонын, – загъта Æзнауыр дæр æмæ тамако сдымдта.

– Ахъуыдыгæнгæйæ сæм хъуамæ уаид, уымæн æмæ уыцы къуыппыл дзæбæх аздахæнтæ ис фосæн. Æмæ сæм хъуамæ уа, – загъта Даредзан.

– Уа сæм хъуамæ, – загъта Æзнауыр дæр.

– Уыдзæнæй сæм уыдзæни, мæ зæрдæ мæм афтæ сдзырдта, фæлæ сын а Хынцæгон уырдыгæй уырдæм цæмæй зона сæ хæрæг?

– Уый дæр хъуыдыйаг куы у, уый!

– Æвæццæгæн сын кæддæр цыдæртæ бахаста хæрæгыл. Афтæ уыдаид, афтæ, таучел лæг у а Сæрæби, уыдонмæ та бирæ сывæллæттæ ис æмæ.

– Æмæ йед та? Баччетæм ис, цымæ, ахæм хырх, хъæдкалæн?

– Ис, ис! – бахъæлдзæг и Даредзан. – Айразмæ йæ Габела ракуырдта, ногæрлидзæг уартæ, йе уæхскыл æй æрцауыгъта æмæ йæ афтæмæй фæцæйхаста.

Стæй бадтысты. Æзнауыр тамако дымдта, Даредзан бæхбадт кодта хихыл æмæ, йæ къæхтæ куыд рахъеллау-бахъеллау кодтой, уымæ касти. Æрæджиау бадзырдта Æзнауырмæ.

– Ныр мæ абондæргъы цæмæй нæ бафарстай, ахæмæй куы ницы баззад, уæд уæ, цæмæ ‘рбацыдтæн, уымæй цæмæннæ фæрсыс?

– Махмæ уазæджы, цæмæ æрцыд, уымæй нæ фæфæрсынц.

– Æмæ уын уæ уазджытæ уæ бæлæсты цъуппытæм фæхизынц?

– Нæ нын фæхизынц нæ бæлæсты цъуппытæм, уымæй раст зæгъыс, лæг хъуамæ раст зæгъа, – бахудти Æзнауыр. – Фæлæ бæласы цъупмæ чи схизы, уыцы уазæг, цæмæ æрцыди, уыцы хабæрттæ бæласы цъуппыл фæкæны?

– Нæ фæкæны, уымæй раст зæгъыс, лæг хъуамæ раст зæгъа! – бахудти Даредзан дæр.

– Уæдæ цом хæдзармæ æмæ мын уым фæкæн, цæмæ ‘рцыдтæ, уыцы хабæрттæ. Кæсæбийы фæндагæн дæр бакувæм.

– Бакувæм, уый хорз у, уый æвзæр нæу.

Стæй æрхызтысты бæласæй.

Зазион лæууыди, бæласы зæнгыл йæ фæсонтæ бауагъта, афтæмæй.

– Абадтаиккат ма дзы! – сæ размæ рахызти.

– Ныхæстыл фестæм, – загъта Даредзан æмæ бахудти. – Бæласыл

ныхасæй æфсæды лæг! – Стæй аздæхт Æзнауырмæ: – Кæрдотæ æз ахæсдзынæн, асин ды рахæсс. Æмæ иннæ кæрдотæ цы фесты?

– Уыдон æз ахастон, – загъта Зазион æмæ, цыма æфсæрмы фæци, уый каст бакодта Даредзанмæ.

Даредзан къалати систа.

– Уæд та уал асин уадзис?

– Цæмæн?

– Æмæ гъа! Омæ йæ уæд та рахæсс.

– Уæдæмæ уал æй уадзон.

– Омæ уал æй уадз.

## 25

– Комæй кургæ бонтæ нал и, стæй уæвгæ дæр кæд уыди æмæ кæд уыдзæн?! Æмбисонд советон цард уыди, æмæ уым дæр нæ уыди комæй кургæ бонтæ. Æмæ мæ Тинатины мæт и, кæд батыхсы! Æртæ сывæллонæн фæйнæ дыууæ дзабыры дæр нæ хъæуы?!

– Куыд дзы ныллæууон, уымæн ницы зонын. Цæй сæраппонд уыдзæни мæ куыст? Цы дзы агурдзынæн æмæ дзы цы ардзынæн!

– Ууыл ма тыхс, куыст дын йæхæдæг амондзæн йæхи.

– Омæ уый цы хуызæн куыст уыдзæни, йæхæдæг мын йæхи чи амона! Æз ахуыргæнæг дæн æмæ-иу хъуамæ нæхицæй рацæуон æмæ-иу скъоламæ ма баздæхон, фæлæ-иу скъолайы рæзты ацæуон хъæуыхицауы хæдивæгæй кусынмæ?! Стæй-иу сбадон æмæ-иу æнхъæлмæ кæсон, цы хъуамæ кусон, уый мын йæхæдæг йæхи кæд бацамондзæн, уымæ? Афтæмæй мæ зæрдæ куы бавзæр уа æмæ мæ богъ куы фæцæуа, уæд та?!.

Азыбегæн йæ цыд сындæгæй-сындæгдæр кодта, стæй бынтондæр æрлæууыд Азыбег.

– Омæ-ма дæлæ районы хицæуадмæ бакæс кæнæ уартæ республикæйы хицауадмæ, кæддæра сæ фылдæр ахуыргæнджытæ нæ уыдысты, æмæ сæ йæ зæрдæ дæр никæмæн бавзæр, æмæ сæ йæ богъ дæр никæмæн фæцыд.

– Цæмæй йæ зоныс, никæмæн сæ фæцыд йæ богъ, уый?

– Зонын æй. Йæ богъ кæмæн фæцæуы йæ куысты, уый дзы чичыри æмæ чыр-чыр нал фæкæны.

Æзнауыр цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ йæ разы æрбалæууыд

уыцы лæг, уыцы стыр сау лæг, уыцы ныллæг дзулуæйгæнæны раз куыд лæууыд, афтæмæй. Стæй та йæм йæ хъæрæй ныхас æрбайхъуыст: «Æмæ ахуыргæнæг æхсидавхæссæг куы у! Æмæ ахуыргæнæг куынæ уаид, уæд адæм кæрæдзийы къæхтыл куы лæгæрдиккой!»

Уый, йæ дæлармæй уыцы цыппæрдигъон дзулы джипп куы райста æмæ йæ уый дæларм куы бакодта, уæд дзырдта афтæтæ. Æзнауыр æм кæсгæйæ куы баззади – кæд цыдæр кæны?! Уæдæ, дæ бинонтæн цы дзул хæссай, уый дæ дæлармæй райсай æмæ йæ искæй дæларм бакæнай?! Цæмæй афтæ бакæнай, уый тыххæй цыдæр хъуамæ кæна лæг. Цыдæр чи нæ кæна, уый афтæ нæ бакæндзæн. Æмæ уæд адæмæй ис, ис, цыдæр чи кæны, ахæмтæ. Æмæ уыдон фидауын кæнынц адæмы ацы зæххыл. Æмæ-иу уый фæстæ хъуыды кодта Æзнауыр – цал æмæ цал хатты! – уыцы дзулы джиппæй ахъаззагдæр никуы ницы райста йæ ахуыргæнæджы куыстмæ. Афтæмæй уæд кусгæ дæр нæма кодта. Кæд ын рагагъоммæ мысайнаджы хуызы радта уыцы лæг уыцы сау дзулы джипп? Æмæ æрмæст мысайнаджы хуызы нæ, кæд дзы фæдзæхст дæр уыди, уыцы куысты ахсджиаг куыд никуы ферох кæна. Æмæ йыл йæ зæрдæ куыд никуы сива. Æмæ æндæр искуы не 'рцыди уыцы æнахуыр диссаг, фæлæ уым, уыцы ныллæг дзулуæйгæнæны раз. Уæдмæ йæ ныхас фæфидардæр и лæгæн, æмæ дзырдта, уынджы цы иугай цæуджытæ цыди, уыдон æй иууылдæр куыд хъуыстаиккой, афтæ: «Æмæ мын æрымысыдысты цыдæр Гоголы цинел, мах, дам, иууылдæр Гоголы цинелæй рацыдыстæм! Ныхæстæ кæнын сæм цыди, æмæ ныхæстæ кодтой! Æма Гоголь йæхæдæг дæр ахуыргæнæджы цинелæй куы рацыд. Уæдæ ма йын дзæбæх ахуыргæнæг ма уыдаид, кæддæра дзы цы фыссæг рауадаид, уый йын нæ федтаиккой лæппутæ!»

Æмæ лæууыдысты фæндаджы хъæбæрыл. Æзнауырæн йæ цæстытæ зæхмæ арæзт уыдысты, фæлæ зæхмæ нæ касти, йæхимæ касти мидæмæ, уыцы стыр сау лæг дæр кæм уыди, æмæ, уыцы гыццыл дзулуæйгæнæн дукани дæр кæм уыди, уырдæм. Азыбег та уымæ касти, Æзнауырмæ. Æмæ йæ сæр ныттыдта Æзнауыр.

– Сывæллæтты æмызмæлд кæцæй нæ цæуа, дзæнгæрæджы хъæр кæцæй нæ хъуыса, уыцы куысты лæгыл бон куыд хъуамæ баизæр уа?! Дзæнгæрæг куы ныццæгъды, уæд размæ фæсиды, размæ, дарддæр, бæрзонддæр: «Цомут, бахизæм уæлхохмæ æмæ уадындзæй ныззарæм». Мысост куыд фыста, афтæ.

– Ӕвæццæгæн дын дзæбæх хъусæг и, æмæ фæхъал дæ, – бахудти Азыбег. – Уæдæ кæмæн кæныс уыцы ныхæстæ?!

– Зонын æй, фæлæ ацы æнагъæд æмæ æгъуыз царды лæг йæ къæхтæ размæ исыны бæсты фæстæмæ исын куы байдайа, уымæй дæр стæрсын.

– Лæгæй фехъуыстон æнагъæд æмæ æгъуыз, фæлæ цардæй никуы фехъуыстон.

– Нæ уыди, никуы уыди ахæм цард, æмæ кæм фехъуыстаис?!

Уым фæйнæ цалдæр уæззау къахдзæфы акодтой, æмæ та загъта Ӕзнауыр:

– Хъусгæ ничиуал никæмæ кæны, уый нæ хатыс? Алчи йæхимæ ныхъхъуыста. Иу, йæ мулк цы фæкæна, ууыл хъуыды кæны, иннæ, – йæ уд цы фæкæна, ууыл. Цæсгомы хъæстæ кæуыл нæй, уыдон дуне аныхъуырдтой, æмæ сæм, цæсгом кæуыл ис, уыдон бакæс-бакæс кæнынц. Ай стыр диссаг нæу, уыйæппæт æдзæсгом адæм кæцæй ракалдысты?! Мæнæ хуыдоны дуар куыд фегом кæнай æмæ, хуытæ бæлæгъыл сæхи куыд ныццæвой. Алыхуызон рæстæг дæр æрцæуы, фæлæ æдзæсгом рæстæг æрцæудзæн, уый хæйрæг цæмæй уыди лæг! Кæмдæриддæр бынат уыди – стыр бынат уа, гыццыл бынат уа – æрцахстой сæ æмæ сæ бадынц даргъкъахæй. Афтæ куы ахæсса, уæд, цæсгомджын чи у, уый, цæсгомджын у, уый æмбæхсын куы байдайа, уымæй тас у, уæртæ фашистты концлагерьты коммунисттæ, коммунисттæ кæй уыдысты, уый куыд æмбæхстой, афтæ.

– Фегæр æй кодтай.

– Зонын æй, фæлæ æгæргæнинаг æгæр кæны. Цытæ æрцыди ацы сабыр дунейы! Ӕмæ цæй тыххæй? Цæсгом цæсгомы бынаты кæй нал и, уый тыххæй. Уымæй ма стырдæр фыд бавзара лæджы сæр, дæ цæсгом рауæлдай кæн?!

Азыбег бакасти Ӕзнауырмæ, цыдæр æм бадзурынмæ хъавыд, фæлæ йæм стæй ницыуал бадзырдта, цыма, цы дзæбæх сабыр цыд кодтой, уый куы фехæла, уымæй тарсти. Ӕмæ цыдысты.

Ӕнæуи саузым хаста. Хъæууон лæгæн саузым йæ удылхæцæг у: фос хизынмæ ирвæзынц æмæ холлаг ирвæзы, æмæ ма, дæ фæскъулмæ иу мæкъуыл, дыууæ мæкъуылы куы баззайа, сæ аразæнтыл сæхи куы ауадзой, цыма фæллайгæ бакодтой, уыйау, уымæй хуыздæр цы и?! Стæй лæг зæххы уæлæ хыбыр-хыбыр кæны, миты уæлæ йын уыцы хыбыр-хыбыр кæнæн нæй. Ӕмæ дзы уый дæр ис, уый!

Цъуйджыны дæр амæлттæ кодтой. Хæдзæрттæ фæздæг уагътой. Хонæг дæр хоста дуæрттæ æмæ хъæргæнæг дæр. Хонæг – стæмхатт, хæрз стæмхатт, хъæргæнæг – арæхдæр, бирæ арæхдæр хъæргæнæг. Стæй ма хъуысти скъолайы дзæнгæрæджы хъæр. Скъолайы раз цы æртæ сусхъæд бæласы уыд, уыдонæй астæуккагыл ауыгъдæй лæууыди тракторы цалхы мидæггаг. Æмæ-иу дзæнгæрæг цæгъдын афон куы 'рцыд, уæд-иу радгæс æфснайæг сылгоймаг, мидæгæй кæй дардтой, уыцы æфсæйнаг тæбынгонд рахаста æмæ-иу дзы уæхскуæзæй ралæууыд ауыгъд цалхы агъудыл, æмæ-иу нæргæ-дзыназгæ фæцæйцыд хъæуы сæрты уыцы зылланг-мыллунг, цæмæйдæр цыма ныфс дæр æвæрдта æмæ цæмæйдæр тæрсын дæр кодта цыма. Æмæ йæм хъуыстой хъæубæстæ, пысылмæттæ, мæзджыты сæрæй чи рахъæр кæны, уымæ куыд фæхъусынц, афтæ.

Сабаз змæлыд, чи зоны, æгæр дæр змæлыд, фæлæ йын цæстмæ змæлд нæ уыди. Зæрдиагæй змæлд ын уыди, æмæ йæ æмбæрстой хъæубæстæ. Æнæуи йæ иууылдæр зыдтой, уынгæ йæ чи никуы фæкодта, уый дæр æй зыдта. Æмæ йæ кæй равзæрстой, уымæй разы уыдысты, фæлæ йæ ном! Уыцы дзырдыл арвмæ цыдысты æмæ зæхмæ здæхтысты. Уыцы æмбырды фæстæ клубы раз тымбылæй баззадысты. Далæ Хихаты Хату чи у, уый хæлиу лæууыд æмæ йæ къузыртæ лæдзæг фæхъил-фæхъил кодта, афтæмæй дзырдта – дзургæ нæ кодта, хъæр кодта:

– Уæддæр, дам, хъæуыхицау! Уæд куыд хъæуыхицау, чердæм хъæуыхицау уæд! Мæнæ туг ныууарыд мæгуыр лæджы хæдзарыл, мæнæ! Худæн федтон хицау, хæлафæн федтон, усæн вæййы сæрыхицау, фæлæ хъæуæн хицау уа, уый никуы уынгæ фæкодтон, никуы – хъусгæ.

Бехъо касти Хатумæ æмæ, бирæ куы дзырдта Хату, уæд йæ раздарæны дзыппæй сцæйласта йæ сырх къухмæрзæн, фæлæ уæдмæ фæлæууыд Хату, æмæ уæд къухмæрзæныл фæстæмæ ныххæцыди Бехъо æмæ дзурынмæ фæци:

– Æмæ æз уый нæ зæгъын?! Махмæ-иу совет уыди. Советæн иу сæрдар уыди, æмæ ма дæ æндæр цы хъæуы?! Æмæ ныр дæр Совет куы равзæрстаиккам – кæй цы хъæуы?! Хъæу мах хъæу у, мах дзы цæрæм, æмæ нын тыххæй цæмæн æвзарын кæныс, цы нæ нæ хъæуы, уый?! Нæхи нын цæуылнæ уадзыс æвзарын?!

Æмæ дзырдтой, ныхас кодтой. Суанг сау талынгтæм ахаста сæ загъд-замана. Дзурын кæмæ цыд, уыдон дзырдтой, дзурын кæмæ нæ цыд, уыдон дæр-иу сæм баппæрстытæ кодтой фæйнæ-фæйнæ ныхасы.

Сабаз архайдта, фæлæ йæ гæнæнтæ хорз хыгъд не ‘рцыдысты: афтæ йæм каст, цыма йæм хуыздæр хъусдард уыдзæн хицауадæй дæр, Алаганæн йæхицæй дæр. Цас ныфсытæ йын февæрдта! Уый дæр йæ туджы ис ацы цардæвæрдæн – ныфсытæ æвæрын. Ныфс бавæр æмæ дæхицæн сбад, цыма æппындæр никæмæн ницы ныфс бавæрдтай, афтæ. Уый сси царды гакк: сайын кæй хъæуы, уый сайы, æнхъæлмæ кæсын кæй хъæуы, уый æнхъæлмæ кæсы. Сабаз дæр æнхъæлмæ кæсы. Уæддæр æнхъæлмæ кæсын хуыздæр у æнхъæлмæ куынæ кæсай, уымæй æмæ æнхъæлмæ касти. Æнхъæлмæгæсджытæ бирæ уыди, тынг бирæ уыдис æнхъæлмæгæсджытæ. Адæмæн сæ фылдæр æнхъæлмæгæсджытæ уыдысты. Цæмæ æнхъæлмæ кастысты, уый нæ зыдтой. Стæй, чи зоны, афтæ не ‘нхъæлмæ кастысты, чи зоны, ницæмæ æнхъæлмæ кастысты. Æмæ ницæмæ æнхъæлмæ кæсæн ис, цымæ? Ис æвæццæгæн, уæдæ уыдон цæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыйбæрц æнхъæлмæгæсджытæ? Дзырд дзырд нал уыди, ныхас – ныхас. Кæм ма уыд хъæппæрис, кæмæ ма уыд уæлтæмæн?! Уæдæ-иу уæд æгас хъæу, æгас район куы ссыгъди исты ног хъуыдыйæ, æмæ-иу æрбадт куы ничиуал зыдта. Ныр уыцы хицауад нал и, удæгас хицауад, фæлæ, мæнæ худхуыйæг йæ рæтыд худтæ цы къуыдыртыл æртъыссы, ахæм худджын къуыдыртæ фестадысты хицауад æмæ афтæ къуыдыртæй рацу-бацу кодтой иу æмбырдæй иннæмæ, афтæ къуыдыртæй-иу æрбадтысты сæ къæлæтджынты, афтæ къуыдыртæй рарвит-барвит кæнынц адæмы кæрæдзимæ. Ахæм хицæуттимæ цы саразæн ис?! Аразæн нæ, фæлæ халæн дæр ницы ис ахæм адæмимæ. Уæвгæ, уый раст нæу. Халынмæ адон, – цы хъæуы, уый! Халынмæ хъæппæрис ницæмæн хъæуы. Ныууадз æй, адон куыд ныууагътой бирæ хъуыдæгтæ кæй æрдæгарæзтæй, кæй ма гыццыл хъуыд аразын, афтæмæй, æмæ сæхæдæг хæлдзысты бар-æнæбары, ныр куыд хæлынц, афтæ.

Уыдта уыдæттæ Сабаз æмæ тыхсти – йæхи хъæппæрис дæр куы ахуысса, йæ бын куы сзына йæ хъæппæрисæн, ссаддон къæртайы бын куыд сзыны, афтæ, уæд худинаджы бынаты нæ баззайдзæн ацы дзæбæх хъæубæсты раз?! Хуысгæ куы акæна йæ хъæппæрис, уымæй тынг тас у – ацы æнæхъæппæрис дунейы цас ахуыссинаг у иутæ æмæ дыууæты хъæппæрис!

Æмæ не ‘нцади йæ рауай-бауайæ. Кæмдæр-иу йæ зонгæ хицауæй трактор ракуырдтаид, иннæ зонгæ хицау ын ныфс бавæрдтаид

хуырласæн машинæ авæрынæй. Фæлæ кæд уыди уый, æмæ курæггаг кусæнгæрзтæй кæнай дæ куыстытæ?! Стæй, кусæнгарз йеддæмæ куы ницы хъæуид, уæд бæргæ! Лæджы цы нæ бахъæуы, æмæ хъуамæ курæг зилай къулыбадæг усау. Уыдон сæрмæхæссинаг митæ не сты – Сабазæн йæхицæн дæр, паддзахадæн та – бынтон. Цæуылнæ хъуамæ уа алы куысты дæр, цы дзы хъæуы, уый, кусæнгарзæй дæр æмæ æндæрæй дæр?! Ай цы хуызæн кусæндæттæ фæзынд æмæ цы хуызæн куыстытæ кæнынц?! Кæрæдзийыл баст цæмæннæ сты, куыд-иу уыди, афтæ! Уым иутæ куырой куы арæзтаиккой, уæд æм иннæтæ та дон уагътой. Ныр куырой саразынц æмæ йæм донуадзæг нæй, донуадзæг нæ, фæлæ йæм донуадзæн дæр нæй.

– Нæ зонын, фæлæ иу хъуыддаг зонын æмæ йæ хорз зонын. Уый зонын, æмæ æнæ кусгæйæ цæрæн нæй. Уый, уартæ дурын фæрæт чи сарæзта, уыцы хъæддаг лæг дæр зыдта, æндæр æй йæ къухтæ нæ хордтой, æмæ уымæн нæ хоста иу дурæй иннæ дур.

Æзнауыр-иу уæлæнгай худт бакодта.

– Йæ хæдзар фехæлæд йæхи фæндиаг уымæн дæр, кæд кæдæм тагъд кодта! Гъеныр хъуыд уыцы фæрæт аразын, гъеныр. Гъеныр хъуыди йæ сæр. Æмæ æркодтаиккам уыцы дзæбæх хъæддаг лæджы æмæ йæ нæхицæн гæсæй баурæдтаиккам, далæ Дыгургомы хъыримагджын Бадилайы куыд баурæдтой, афтæ, æмæ нын нæ хуымтæ дæр хъахъхъæдтаид æмæ нæхи дæр. Уый хорз лæг уыдаид, Бадилайæ дæр лæгдæр уыдаид, гъейгъа! Бадила йæ рыджы дæр нæ зындаид. Уый нын фидар æгъдæуттæ æрæвæрдтаид, дурынвидар æгъдæуттæ йæ дурын фæрæтæй. Æмæ лæгæн фидар æгъдæуттæ куы уа, уæд æй цы цæрын хъæуы?! Æмæ-иу йæ дурын фæрæт йе уæхскыл куы фæцæйхастаид, уæд кæм цы къазнахор æмæ сусæгхор и, уыдон-иу, цин дын фенон, мысты хуынкъ туманæй куыд агуырдтаиккой! Мах-иу йæ фæдыл ныххал уыдаиккам æмæ-иу фæцæйцыдаиккам. Мæнæ-иу ногдзаутæ сæ разамонæджы фæстæ куыд ныххал сты æмæ-иу заргæ куыд фæцæйцыдысты, афтæ.

– Кæдæм? – бакаст Æзнауырмæ Азыбег.

– Уый кæдæм цыдаид, уырдæм.

– Æмæ уый кæдæм цыдаид?

– Алы ранмæ дæр цыдаид. Уæдæ уый хуызæн фæрæт фæсдуар бахъил кодтаид æмæ йæм уырдæм бакæс-бакæс кодтаид?! Куыннæ! Уый йæ йе уæхскæй исгæ дæр нæ кодтаид, кæд мæ фæрсыс, уæд. Афтæ

йæ хастаид æмæ хастаид йе уæхскыл. Кæм æрбадтаид, уым дæр æй нæ истаид йе уæхскæй.

– Цæмæннæ?

– Æмæ-гъа!

Æмæ схъæр кодта Азыбег:

– Хъазынмæ ма здах хъуыддаг, ма!

– Чи йæ здахы хъазынмæ?! Ус ын ракуырдтаиккам, Бадилайæн куыд ракуырдтой ус Дыгургомы цæрджытæ, афтæ, цот ын рацыдаид.

– Хъæддаг цот, нæ? – бахудти Азыбег, мæсты худт бакæнынмæ хъавыди, æвæццæгæн. Фæлæ йын дзы мæсты худт нæ рауади, афтæ йын дзы, дзырдæй æнæ дзырды ‘хсæн цы худт бакæнынц, ахæм худт рауади.

– Хъæддаг цот, дзæбæх цот. Сæ хъæддаг сыл уыцы дзæбæх фидауид, мæнæ ирон лæгыл йæ рагон уæлæдарæс куыд дзæбæх фидауы, афтæ гъе! Рæсугъд цот, æнæниз цот. Сæ фæрæттæ – се уæхсчытыл, кæмæн стырдæр фæрæт, кæмæн – гыццылдæр: алкæмæн дæр йæхимæ гæсгæ.

– Ай-гъай, æнæниз! Кæмæ фæмæсты уай, ууыл та ныббынæй-бынмæ кæн дæ фæрæт!

– Ныббынæй-бынмæ йыл æй кæн! Уæдæ йæм цæрæнбонты маст куы хæссай, уæд хуыздæр у?! Æмæ уымæй æвзæрдæр æппындæр куы ницы и – искæмæ маст хæсдзынæ, уымæй. Уый æнæнцой куы кæны иуты дæр æмæ иннæты дæр – иутæ, фæрæт чи хъуамæ фехстаид æмæ йæ чи нæ фехста, фæлæ йæ фехсын хъæуы, ууыл чи хъуыды кæны, уыдоны, иннæтæ – кæуыл хъуамæ фехстаид фæрæт, фæлæ йæ, кæуыл нæ фехста, уыдон. Æмæ нæдæр цæрынæн сты, нæдæр хъæцынæн сты иуæрдыгæй дæр æмæ иннæрдыгæй дæр.

Азыбег йæ сæр ныттылдта.

– Æмæ ныр уыцы хъæддаг лæг, йæ номхæссæны фæрæт йе уæхскыл, афтæмæй дæ разы куы ‘рбалæууид æмæ дæ куы бафæрсид «Дæуæн цы дзурынц, уымæ цæуылнæ хъусыс, мæнæ лæг?», уæд ын цы зæгъис?

– Уæд ын балæгъстæ кæнин, цæмæй мæ фæстæмæ мæ куыстмæ айсын кæна. Уый куы балæууид, йæ фæрæт йе уæхскыл, афтæмæй Алаганы раз, уæд хæрзаг йæ къухтæ нæ, йæ къæхтæ дæр райдаиккой ризын.

– Æмæ йæ къухтæ цы кæнынц Алаганæн?

– Ризынц, дам ын. Чидæр мын æй дзырдта. Æмæ фыццаг хатт схауд мæ дзыхæй. Лыстæг рызтæй, дам ын ризынц. Æмæ, дам ын уым байдыдтой ризын, уыцы куысты, дам æй куы баурæдтой, уæд.

– Цæмæн, дам?

– Цæмæн, куы зæгъай, уæд, дам ын йæ бынат уæгъдад кæны. Æмæ, дам, уæд афтæ вæййы. Къухтæн, дам, æнæ ризгæ нæй уæд.

Азыбег фæпыррыкк кодта.

– Æмæ уæд нæ хицæуттæн сæ фылдæрæн хъуамæ дзортт-дзортт кæниккой сæ къухтæ!

– Æмæ сын, чи зоны, кæнынц дзортт-дзортт дæр, фæлæ йæ æмбæхсынц.

Азыбег та бахудти.

– Куыд бамбæхсдзынæ дæ къухты дзортт-дзортт? Бадгæ сыл скæндзынæ?!

– Цæмæннæ сыл скæндзынæ бадгæ дæр? Сбад сыл æмæ сыл бад.

– Æмæ дæм стæй исчи куы ‘рбацæуа исты хъуыддаджы фæдыл æмæ дæм йæ къух куы бадара, уæд æм ды та цы бадардзынæ?

– Æцæг, æцæг! Хъуамæ йын райсай йæ къух æмæ, бадгæ куы кæнай дæ къухыл, уæд ын цæмæй райсдзынæ йæ къух?! Цалынмæ ды дæ къух дæ бынæй ласай, уæдмæ дæм уый афтæ дардзæн йæ къух?

Азыбег та бахудти.

– Цыдæр нæ кæныс, мæнæ лæппу, ацы бон?

Æмæ бахудти Æзнауыр дæр.

– Кæнын, кæнын, куыд нæ кæнын! Æз ма дын æй зæгъынмæ дæр хъавыдтæн, фæлæ мæ уый зæгъынмæ дæр нæ равдæлд. Ахæм зæрдæ мæм рагæй нал уыд, æмæ тæрсын, истæмæ мын куы расайа!

– Хорз истæмæ дын куыд расайа, уый бафæндæд абоны бардуаджы.

– Афтæмæй дæу, чи зоны, нæ бауырна, фæлæ тæригъæд кæнын Алаганæн. Куыд цæрдзæни, куыд ма искуыдæм цæудзæн, куыд ма здæхгæ кæндзæн афтæмæй искуыцæй? Æмæ-иу цы арæхстджын цыдтытæ кодта, цыма, истæуыл куы фæлæуыа, уымæй тарсти.

– Æмæ, дам ын кæуылты хауд сты?

– Фадхъултыл, дам.

– Дыууæ дæр, нæ?

– Дыууæ дæр.

– Æмæ кæй цы бахъыгдардтаид, фæлмæн лæг куы уыди.

– Чи зоны, куыд зынди, афтæ фæлмæн нæ уыди. Стæй дæ ацы фæлдæхт рæстæджы, фæлмæн дæ, хъæбæр дæ, уымæй чи фæрсы?! Чи зоны йын исчи, кæддæра куыд уаид, уый тыххæй дæр бамбæхста йæ разы хæлæнхос. Фæлæ йын æз уый тыххæй нæ тæригъæд кæнын. Уыцы бынатмæ цингæнгæ бацыд æмæ цæуыл цин кодта, цымæ? Йæ уды гæнæнтæ равдисынæн ын уым хуыздæр фадæттæ уыдзæн, ууыл цин кодтаид – нæ мæ уырны. Кæд, уæлдæр кæй фæци, æмæ йын адæммæ уæлейæ кæсыны гæнæн кæй фæуыдзæн, ууыл уыди йæ цин? Æвæццæгæн. Æмæ уæд тæригъæддаг куыд нæу?! Хъæуккаг нымадæй мæм афтæ зыны: цы машинæйыл цыди, уый хæрдзты фаг пайда не ‘рхаста паддзахадæн. Ахæм хъуыды дæр мæм æрцæуы: мæн кæй systa, уымæй стырдæр ницы равдыста йæ куысты. Æмæ йын уый дæр, тасы бын кæй уыди, уымæн бантысти. Тæрсгæ куынæ кодтаид, йæ сæрмæ чи бадти, уыдонæй, уæд мæ нæ систаид. Æмæ мæ уыцы тасæй кæй systa, уым уыйбæрц хæрам ис, æмæ иу æхсæнады дæр нæ батайдзæн – ферхæмттæ йæ кæндзæн.

– Æмæ цæмæй тарсти уагæры, йæ сæрмæ чи бадти, уыдонæй?

– Цæмæй, цæ, – уым æмæ, дам, уым, ома горæты, уый æмæ уый, ома æз, ахæм æмæ ахæм ныхас ракодта, ома националистон ныхас, æмæ, дам ын районы сæр йæ ных нæ бакъуырдта.

Азыбег касти Æзнауырмæ, фæндыди йæ, цæмæй райдыдта сæ ныхас, уымæ раздæхын, уæдæ кæдмæ баддзæн æгуыстæй! Нæ уыны, цы рæстæг скодта, æмæ уал хæдзармæ дыууæ капеччы хæсс, стæй цард цæуы æмæ фарн хæссы! Фæлæ йæм уый тыххæй исты бадзура, уымæ йæм йæ цæсгом нал бахъæцыд, æмæ уæд æнæуи загъта:

– Æмæ кæд кодтай кусарт, уæд знон цæуылнæ кодтай?

– Знон галæргæвдæн Хуыцаубон уыд.

– Æмæ абон сæгъæргæвдæн къуырисæр у?

Æзнауыр бахудти. Уæдæ, дам, сæгъæргæвдæн къуырисæр! Æмæ иумæ фидаугæ дæр куынæ кæнынц уыцы дыууæ дзырды, уæд куыд сæгъæргæвдæн къуырисæр?!

– Дзыццайы бафæндыд, бæлццон, дам нын и, æмæ, дам, Уастырджийы æхсæв у, æмæ, дам, бакувæм.

– Тынг раст загъта Зазион.

Кæртæй хъæлдзæг ныхас хъуыст, æмæ йæ базыдта Æзнауыр – кусарт конд у. Зæрисæр æмæ Даредзан уыдонмæ нал фæкастысты. Сæрдыгон хæдзары раз Даредзан дзуццæджы бадт æмæ хус хъæдурыхъилтæ

лыгтæ кодта иу къаннæг джидæ фæрæтæй. Йæ уæлхъус фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты Тинатин æмæ Делборæ. Афтæ дзæбæх фидыдтой иумæ, афтæ дзæбæх лæууыдысты, æмæ сæм кæсыныл фæци Æзнауыр. Азыбег сæм кæй бараст и цыдæртæ дзургæ, уый дæр ын хъыг уыди – уæдæ уал сæ бауадз, æмæ уал афтæ лæууой иумæ!

Уæдмæ хæдзарæй рауади Зæрисæр, йæ уæлæ Зазионы райст-бавæрд игæрхуыз раздарæн. Йæ фæстæ кæрæдзийы фæдыл рахызтысты Зазион æмæ сæ сыхаг Сакъи, сæ дыууæйæн дæр сæ дыстæ счъил, афтæмæй.

Кæрæдзийыл куы ацинтæ кодтой, уæд йæхиуыл размæ рахæцыд Делборæ, æмæ йæ фæстæ йæхиуыл рахæцыд Тинатин дæр. Æмæ æхсызгон худт бакодта Тинатин.

– Делборæйы разæй мæхи куынæ фæкæнон, уæд нæ ныллæудзынæн. Хъуамæ уын иу æхсызгон хабар фехъусын кæнон! Знон республикæйы хицауады Делборæйы сфидар кодтой районы сæры хæстæ æххæстгæнæгæй. Уыцы бæрнон куысты куыддæр æрлæууыд, афтæ йæ фыццаг балц ракодта мах хъæумæ. Зæгъæн ис, æмæ йæ нæуджытæ мах фесты, – бахудти та Тинатин.

Кæрты чи уыди, уыдон кæсгæйæ баззадысты Делборæмæ. Æмæ загъта Делборæ:

– Уыцы дзæбæх хæдзарæй ахæм хæрздæф ивылы, æмæ зæрдæ скъæфы йæхимæ, æмæ ма цалынмæ нæ зæрдæтыл нæ бон цæуы, уæдмæ æз бадæлон æмæ Æзнауыримæ аныхас кæнон. Æмæ мын куыд бауынаффæ кæндзыстут, ацы дзæбæх адæм, ам аныхас кæнон йемæ æви хибарæй? – Делборæ йæ худгæ цæсгом ахаста, кæрты чи уыди, уыдоныл.

Уæд йæ раздарæны бæттæнтæ айхæлдта йæ астæуæй Зæрисæр.

– Кæд дзы махмæ дæр хъусæг и æцæг, уæд – ам, ам дæр нæ, нæ, уæртæ фынджы уæлæ. Дæхæдæг-ма ахъуыды кæн, Уастырджийы æхсæв Уастырджийы фынгыл цы ныхас æрцæуа, уый раз цы фæлæудзæн?!

Æзнауыр лæууыд æмæ, йæ зæрдæ куыд гуыпп-гуыпп кодта, уымæ хъуыста. Фидар гуыпп-гуыпп, æхсызгон гуыпп-гуыпп. Æмæ, иуварс кæй лæууыд, ууыл цин кодта, кæннод искæмæ хъуыстаид йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп. Æмæ йæ дзæбæх хъуыды кæнæн нæ уыд, уæддæр хатыдта – æвæццæгæн æй фæстæмæ йæ куысты æвæры Делборæ, фæлæ уым хибарæй ныхас кæныны сæр цæмæн бахъуыд?! Уым-иу ферхæцыд йæ хъуыды, æмæ та-иу дуне байдзаг и уыцы дзæбæх гуыпп-гуыппæй.

– Уе скъолайы директор Садыхъаты Гæбæла куырдиат балæвæрдта,

директоры куыстæй ацæуын кæй сфæнд кодта, уый тыххæй. Райахуыры хайад сразы ис йемæ æмæ бауынаффæ кодта, цæмæй директоры хæстæ æххæстгæнæгæй урæд æрцæуа Ацыгаты Æзнауыр.

Æмæ фæсабыр сты, кæрæдзимæ кастысты, дзургæ ничи никæмæ кодта, цыма, Делборæ цы загъта, уымæй истæмæй тарстысты, уый хуызæн. Зазион бынтон бахъуыди ракæс-бакæсæн, стæй нал фæлæууыд, Зæрисæры дысмæ бавнæлдта.

– Кæй хæстæ, дам, æххæст кæна, кæй?

– Директоры, дам, директоры, Зазион, скъолайы директоры уартæ.

– Цæмæн, дам, цæмæн?!

Æмæ йын Азыбег загъта, стæй æрмæст Зазионæн нæ загъта, цы загъта, уый:

– Хорз цæуынц хъуыддæгтæ, куыд хъуамæ цæуой, раст, афтæ. Фæлæ цомут мидæмæ æмæ бакувæм!

## 26

– Фынæй цæмæннæ кæныс?

– Æмæ ды цæмæннæ кæныс?

– Æз хъуыды кæнын.

– Æмæ æз дæр хъуыды кæнын.

– Цæуыл хъуыды кæныс.

– Æмæ ды цæуыл хъуыды кæныс?

– Æз – ницæуыл.

Тинатин фæпыррыкк кодта.

– Хæрзаг зын у ницæуыл хъуыды кæнын!

– Тынг зын. Уымæй зындæр, æвæццæгæн, æппындæр ницы и – ницæуыл хъуыды кæнынæй.

– Æмæ дæ куыд æвдæлы уыцы ницæуыл хъуыды кæнынмæ?

– Кæй мæ не ‘вдæлы, уымæн ыл хъуыды кæнын.

– Фæлæуу, фæлæуу, æмæ йыл цы бафтыдтæ уæд?

– Æз ыл ницы бафтыдтæн, йæхæдæг мыл бафтыди.

– Уыцы ницы?

– Уыцы ницы.

– Диссæгтæ дзурыс, – базмæлыди йæ уаты Тинатин. Æмæ кæд хатæны талынг уыди, уæддæр дзæбæх æвзæрста Æзнауыр, Тинатины

былтæ къæбæлдзыг куыд абадтысты, уый, стæй сæ цыма цыдæр æмбæхсгæ дæр акодта Тинатин, цы дзырдта, уымæй. Æмæ йæм уæд фæзынди иу фæнд: цæй æмæ йæхиуыл бахæца Тинатины 'рдæм, йæ былтæ йын бахæсса йæ былтæм, æмæ уыцы рæвдаугæ æхсызгон нысæх-сæх кæна йе уæнгты. Фæлæ нæ бахæцыд йæхиуыл – цы хъуыдытыл хаст уыди, уыдон афтæ ныууадза кæрæдзийыл калдæй, уый йæм нæ цыд. Æмæ уæд бадзырдта Тинатинмæ:

– Хъæлæс та кæд хъуамæ кæной, ницы загъта Делборæ?

– Ницы загъта. Цы йыл тагъд кæныс?

– Тагъд ыл нæ кæнын, нæ, хъæлæс куынæ кæниккой, уый мæ фæнды. Æрхъуыды мын кодтой – лæджы фыццаг бауром куысты, стæй та йæ æвзаргæ ракæн! Алцы дæр сфæлдæхтой. Фæлдахæн ын ис, нæй – уымæ дзы каст нæй – фæлдахгæ, æмæ, лæгæн йæ чъылдым размæ куыд фæкæнай, йæ гуыбын – фæстæмæ, афтæмæйты лæууынц сæ хъуыддæгтæ.

– Уый афтæ у, фæлæ ды ныр хицауады кусæгыл нымад уыдзынæ, æмæ дæ уыцы уæгъдибар футтытæ ферох кæнын хъæуы! – хъæрæй бахудти Тинатин.

– Иу хъуыддаг æнæ сфæлдæхгæ нал ныууагътой. Хъуамæ советон уд мацæй мидæг баззайа ацы дунейы! Æз абон дæр не 'мбарын, дæскъласоны бæсты иуæндæскъласон цæмæн скодтой астæуккаг скъола, уый. Уæд дæс къласы фаг уыдысты, ныр нал сты фаг! Уыцы дзæбæх тымбыл дæс къласы! Æмæ, дам, иуæндæс! Æвзæр æфсинæн йæ кас аджы былтæй куыд скæла, уый хуызæн.

– Мæ ныхасмæ мын дæ хъус цæй тыххæй не 'рдардтай, уый нæ зонын. Ныр дæ дæ бирæ оххытæ æмæ аххытæн кæрон скæнын хъæуы. Æмæ сæ ныхъуырынил куы схæцай, уæд дыл дæ рон нал аххæсдзæн, æмæ дын афтауын бахъæудзæн дæ ронмæ, – худы Тинатин.

Æмæ йæм дзуры Æзнауыр:

– Ам цыма бынтон раст нæ дæ, афтæ мæм зыны, уымæн æмæ аххытæ æмæ оххытæ гуыбынил размæ нæ хæцынц, фæстæмæ йыл хæцынц, йæ тæнтæ йын тæнæгдæр кæнынц аххытæ æмæ оххытæ.

– Уый, цы хуызæн аххытæ æмæ оххытæ уой, уымæй аразгæ у, – нæ састи Тинатин, йæхæдæг фæхуд-фæхуд кодта. – Æз ахæм аххытæ æмæ оххытæ зонын, æмæ уыдонæй гуыбын размæ ма рахæца, уый гæнæн нæй.

– Уый хорз фæуæд, фæлæ дæм æнæуи та куыд кæсы, тынг мæ фæнды, директор куы суаин, уый?

– Тынг дæ нæ фæнды. Иуæрдæм дæ фæнды, иннæрдæм – нæ.

– Тынг тыны тын дæ, кæд ма дын арвы кæрон исты баззади æнæ зынд, уый йеддæмæ – абабау, – бахудти Æзнауыр. – Бирæ цыдæртæ кæнын кæндзысты разынины тыххæй, йæ уд равдисыны фаг йеддæмæ кæмæн нæу, ахæм цыдæртæ. Зæрдæ нæ райы ахæм цыдæртæ кæнынмæ. Скъолайы хъæуы хъæлдзæг уроктæ кæнын æмæ, хихъæппæрисадон къордты куыстыл бафтауын. Æндæр ницы, æппындæр ницы æндæр.

Рæстæг æмбисæхсæвæй ахызт, атахти фынджы сæрты. Фынджы сæрты афтæ тæхы рæстæг, æмæ йыл цæст нæ хæцы. Ноджы дзæбæх фынг рауади. Ацы Зæрисæр кæм уа, уырдæм дæ зæрдæ мацæмæй фехсайæд. Æмæ худтысты, æнахуыр разæнгард уыдысты иууылдæр худынмæ. Мæнæ цыма сæхи худынмæ цæттæ кодтой кæмдæр. Худтысты æмæ кæрæдзимæ бадар-бадар кодтой сæ худгæ цæсгæмттæ. Зæрисæр æмæ-иу Даредзанæй куы сæ иу фæмидæг и рæгъæй рæгъы æхсæн, куы – сæ иннæ. Æмæ-иу рæгъы фæстæ цы рæгъ хъуамæ уыдаид, уый йæ бынатыл нал æмæ нал æмбæлд. Худæг-иу ын бацахста йæ бацæуæнтæ дæр æмæ йæ рацæуæнтæ дæр. Уартæ-иу фæсарæнты дæр балæууыдысты исты худæг ныхас агурынмæ. Æмæ ма Зæрисæр – о! Фæлæ Даредзан та?! Раст æй цыма ивгæ бачынди.

Æмæ атахти рæстæг, рæстæг йеддæмæ ницы уыд, хæйрæг нæ уыд! Æмæ, дам, бафарстой иу фенæг лæджы, сылгоймæгтæ, дам, фылдæр цæмæн цæрынц нæлгоймæгтæй? Æмæ, дам сын загъта уыцы фенджын лæг; уымæн æмæ, дам, сылгоймæгтæн устытæ нæй. Æмæ худтысты, иууылдæр худтысты. Уа худæгæй дзы уыйас ницы уыд, уæддæр худтысты. Мæнæ сæм цыма худын цыди, лæгмæ хæрын куыд фæцæуы, афтæ. Уыцы хъæлдзæг худт кодтой. Æвæццæгæн, ацы фæстаг азты афтæ хъæлдзæг худт нал айхъуыст Ацыгаты хæдзарæй. Стæй канд Ацыгаты хæдзарæй нæ, фæлæ æгас Цъуйджыны хъæубæстæй дæр. Æмæ йæ фыццаг хатт чи фехъуыста, уыдон худæнт, фæлæ йæ цалдæр хатты чи фехъуыста æмæ йыл цалдæр хатты чи фæхудти, уыдон дæр худтысты. Сакъи та мæсты раци. Стылфылтæ калдта:

– Алæ, уæд æй сылгоймæгты рын фæхæссæд! Æмæ, нæлгоймаг цы цæры, уый дæр сылгоймаджы фæрцы куы цæры!

Стæй худт фесты, лæгæн йе ссивинаг ссывд куыд фæуа, афтæ, æмæ та ракуывта Азыбег:

– Хæдзарæй дард бæлццон и, æмæ йын ахсæвы бардуаг ахæм æх-

хуыс бакæнæд, æмæ рæхджы бонты æгас хæдзар куыд ссара. Æмæ мæнæ ахæм нæ, фæлæ стыр куывд куыд ныззилой Ацыгатæ.

Азыбег куывта, æмæ фынгыл бадджытæн сæ цæсгæмттыл сæ худындзаст сыст, æмæ Æзнауыр тыхсти: афтæ куы сыса уыцы худындзаст, уæд цы уыдзæни фынг?! Æмæ йæ æрфæндыд, тынг æй æрфæндыд, ууыл куы фæуид йæ куывд Азыбег æмæ иу худæг хабар куы ракæнид. Тынг худæг чи уа, ахæм хабар, æмæ куы ныккæл-кæл кæниккой иууылдæр, фæлæ дард уыди, тынг дард, Æзнауыры цы фæндыди, уымæ Азыбег.

– Зазионæн уыйбæрц къабайæгтæ куыд æрхæсса, æмæ дзы сыхæгты устытæн дæр фæйнæ-фæйнæ къабайаджы уаргæ куыд рацæуа Зазион.

Уым фæлæууыд Азыбег. Æвæццæгæн ма йæ куывдмæ цы бафтауа, ууыл хъуыды кодта. Ирикkæ та афтæ фенхъæлдта, куывд фæци æмæ дзурынмæ ма фæуа Ирикkæ!

Ирикkæ дæр скъолайы куыста, ногдзауты разамонæг уыд. Стæй ногдзаутæ куы нал уыд, уæд æгуыстæй баззад. Æмæ хæдзары бадт. Кæд-иу Сакъи искуыдæм цыд, уæд-иу кæнæ ацыди йемæ, кæнæ – нæ.

– Уæд Фатимæйы кино рацыд, æмæ адæм ныххæррæтт кодтой горæтмæ. Мах дæр рамбырд стæм ахуыргæнæгæй-æндæрæй, колхозы разамынд, хъæусоветы кусджытæ. Скъолайы бæрзондгуыффæ машинæ къухнад баци. Шофырæй йын уартæ Пихаты мадзура лæппу Индырис куыста. Æмæ йын йæ фарсмæ, физикæйы ахуыргæнæг куы уыди – Ангелинæ Иваны чызг – уый сбадын кодтой. Ныр Ангелинæйæн йæ цæстыл кæрдзæвæг рауад, æмæ йын дымгæ йæ цæст куыд нæ ныххойа, афтæ чидæр иу сау хæцъилы уадздзаг тæссармæ æрбаста йæ сæры фахсыл. Æмæ, мæнæ сывæллæтты чингуыты кæмдæр иуцæстыг абырæджы ныв куы уыди, уымæй зæхмæ мур нæ уагъта Ангелинæ. Чи йæм бакастаид, уый æнæ фæпыррыкгæнгæ йæхи нæ баурæдтаид. Комы фæндагыл машинæ арæуæг æмæ уыцы бæрзонд гуыффæйыдзаг адæмы уæзæй куы иуæрдæм ауæз кæны, куы – иннæрдæм. Æмæ хъæр кæны, фæсте чи лæууыд, уыдонæй чидæр размæ: «Гъæуым-ма уæ исчи ныдздзурæд Пихайы-фыртмæ, æмæ сабырдæр ауадза машинæ, кæннод фæлдæхæм æмæ не 'мбисонд хъуысы». «Пихайы-фырты аххос нæу, – йæхи фæдзуапдæттæг кодта Къæпсыр. – Мæнмæ гæсгæ йæ Ангелинæ хъыдзы кæны!»

Æмæ та йæ хуыз скалдта фынг: худтысты æмæ худтысты, цыма хæснагыл худтысты – чи фылдæр фæхуда! Ирикkæ йæхæдæг дæр къæцæлтæ кодта. Азыбег дæр худти, фæлæ, худт куы фæуиккой æмæ

йæ кувын куы бауадзиккой, уый зынди йæ худтыл. Æзнауыр кæл-кæл кодта. Уый нæ ацыди уæд киномæ, фæлæ фехъуыста Къæпсыры ныхас æмæ-иу худти, йæ зæрдыл-иу кæм æрбалæууыди, уым-иу худти, йæ цæуынæй дæр-иу æрлæууыди æмæ-иу худти; исчи йæ куы фена афтæ худгæ, уæд цы зæгъдзæн, уый дæр-иу дзы байрох и.

Цы нæ æрхъуыды кæндзæн ацы Къæпсыр!

Уæдмæ та ралæууыди кувыны рад, æмæ куывта Азыбег. Уый куывта, æмæ иннæтæ фæхуд-фæхуд кодтой, æмæ афтæ зынд, цыма, зарæггæнæгæн фæндырдзæгъд куыд амоны йæ зарды ацæуæнтæ, Азыбегæн та уыцы фæхуд-фæхуд амыдта афтæ, йæ куывд куыд хъуамæ цæуа, уый. Куывта Делборæйы цæрæнбоны тыххæй – Делборæ сыстад, фæлæ йæ сбадын кодтой. Æмæ та бахудти Делборæ:

– Хуыцау уæ саразæд. Мæ худын нæ уромын, æмæ бадгæйæ æнцондæр æмбæхсæн у.

– Цы стыр бæрн дыл æвæрд и, уый хæссын куыд фæразай, уыцы хорз дын бауарзæд нæ бæсты рухс дзуæртты цæст. Хицауады лæг нæ, фæлæ адæмы лæг куыд уай, мæнæ-иу раздæр комы лæг куыд уыди, афтæ, уый дын нæ зæрдæ зæгъы, æмæ дыл дзæбæхæй æрцæуæд!

...Æзнауыр йе 'ннæ фарсыл æрзылд. Рудзынгмæ скасти. Рудзынг гыццыл бафæлурсбын и. Æмæ та йæм æрцыди уыцы хъуыды: цы ми бакæна? Сразы уа æви ма сразы уа? Куы сразы уа, уæд æй равзардзысты. Ныр ахæм фæтк рауагътой, равзарыны фæтк. Хицау равзарыны фæтк. Советон рæстæджы нæ уыди ахæм фæтк. Нæ хъуыди æмæ нæ уыди. Ныр фæзынди. Ныр бирæ цыдæртæ фæзынди, нæ хъæуынц, афтæмæй. Умæй æвзæрдæр ма исты уа, ма хъæуай æмæ афтæмæй фæзынай! Уый цы царды уа, уыцы цард цыдæр кæны, уыцы цард рынчын у, æвзæр рынчын у. Æмæ йæ равзардзысты, йемæ ма йын искæйты афысдзысты, афтæ фæтчыгъæдæн – демократи мондаджы митæ. Раздæр ахуыры хайад фæндон бахастаид, æмæ йæ райкомы æмбырды сфидар кодтаиккой. Æндæр иу дæр нæ æмæ иннæ дæр. Ныр райком нал и, райæххæстком нал и, райсовет нал и. Ныр ма и сæр. Сæр! Фысæн вæййы сæр, фынгыл дзæбæх фæфидауы. Къамбецæн вæййы сæр, стыр тымбыл сæр, бæхæн вæййы сæр, дæргъæццон сæр бæхæн та. Фæлæ районæн – сæр, горæтæн – сæр, бæстæйæн сæр! Кæд нæ фидауынц уыцы сæртæ?! Чи нæй, уыцы сæртæ? Не сты æмæ куыд фидауой? Худæг дæр у, ахъуыды кæн, уæд. Сæр. Æндæр ницы. Афтид

сæр. Æвæццæгæн, æнæсæр рæстæг кæй ралæууыди, уымæн фæзынди афтæ бирæ сæртæ.

Æзнауыр та рудзынгмæ скасти. Рудзынг уыцы урсбын дардта, æндæр ыл боны бæрджытæй ницы бæрæг зынд. Æмæ рабадти йæ уаты.

– Тинатин, ды афынæй кæн, æз æддæмæ ахизон, цæхæрадоны арауай-бауай кæнон.

– Бадгæ макуы æркæн, афынæй уыдзынæ, – бафæдзæхста йæ Тинатин.

Мæй касти, фæлæ цыма фæллайгæ бакодта, афтæ зынд. Æмæ йæ бон бирæ кæсын нал бауыдзæн, мæнæ ма афтæ алæудтытæ кæндзæн æмæ афардæг уыдзæн. Нæ, суанг бонмæ фæкæса, уыйас хъару йæм нал и.

Кæрты цы ми кодтаид, уый нæ зыдта æмæ цæхæрадонмæ ахызт. Æмæ куыддæр ахызт, афтæ ауыдта – далæ зымæгон кæрдойы зæнгмæ быцæуы хуызæн æвæрдæй лæууы асин. Æмæ йæм уым фæзынди иу æнахуыр хъуыды! Цæй, æмæ кæрдомæ схиза æмæ уырдыгæй ракæса, кæддæра куыд уаид. Стæй дзы бадгæ дæр акæна, кæд æй фæнда, уæд. Æмæ араст и бæласмæ. Стæй хызти уыцы бæрзонд бæласмæ æмæ цин кодта, уæд асин ам кæй ныууагътой, ууыл. Асинæй бæласмæ куы бахызт, уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты дыууæ цырыхъхъыл, цыма ауыгъд уыдысты къалиутæй искæуыл, уыйау æрцыргъ сты фæрсæй-фæрстæм. Æзнауыр сæм кæсгæйæ баззад. Дзæбæх æм нæ зындысты – дзæбæх æм куы зындаиккой, уæд сæм бирæ кæсын цæмæн хъуыд?! Фæлæ сыфтæртæ мæйрухс нæ уагътой, æмæ сæм касти. Стæй йæхи бафарста:

– Чи уа?

Æмæ йæхицæн дзуапп радта:

– Нæ зонын.

Цырыхъхъытæ базмæлыдысты, цыма сæ ахъеллау кæнын фæндыд, уый хуызæн, æмæ йæ хъустыл æрцыд, чидæр кæмдæр куыд дзæбæх улæфыди, уый. Æмæ сындæг æрбадти цырыхъхъыты фарсмæ хихы саджилæгыл, уыцы сабыр улæфт куыд нæ бахъыгдара, афтæ. Бадти, хъуыста уыцы улæфтмæ, æмæ йæм æрцыди уыцы хъуыды: цы хорз уыди, уæд Даредзанимæ асин кæй нæ ахастой, уый! Хъуамæ йæ ахастаид Æзнауыр æмæ йæ йæ бынаты сæвæрдтаид – уым æй сæвæрдта Кæсæби, куы йæ сарæзта, уæд. Фыццаг цалдæр ставд зæгæлы бакъуырдта, къулæн цæхæрадоны ‘рдыгæй цы фарс уыди, уым, стæй йæ уыцы зæгæлтыл

æрцауыгъта. Цыдæр дзæбæх тæссармæ йæ æрцауыгъта, риуыл дæр ма афтæ тæссармæ æрцæуы хъатара, æмæ сфидыдта къул æмæ сфидыдта асин йæхæдæг дæр. Æмæ йæм хъуысти уыцы сабыр æмæ фæлмæн улæфт, æмæ йæм хъуыста Æзнауыр; æвæццæгæн, афтæ лæмбынæгæй рагæй ницæмæуал хъуыста.

– Цы фæдæ, цы, уыцы лæг? – фæрсы бынæй кæмдæр Тинатин æмæ худы, æмæ йæ дзурын дæр хъуысы Æзнауырмæ æмæ йæ худын дæр. Æмæ хаты Æзнауыр, цæмæн худы, уый – афтæ йæм фыццаг хатт сдзырдта æмæ йæм, æвæццæгæн, худæг фæкаст, афтæ йæм кæй сдзырдта, уый. Æмæ батыхст Æзнауыр: дзура йæм, æмæ уыцы сабыр улæфт исты куы кæна. Ма йæм дзура, æмæ йæм куыд нæ дзура?!

– Мæнæ дæн!

– Кæм?

– Бæласыл.

– Æмæ дæ цы хæйрæджытæ схастой бæласмæ?!

– Хæйрæджытæ мæ не схастой.

– Уæдæ?

– Мæхæдæг схызтæн.

– Цæмæ?

– Ницæмæ. Афтæ схызтæн.

– Æмæ фæстæмæ хизын нал зоныс, кæд афтæ схызтæ, уæд?

– Зонгæ кæнын, фæлæ куыд ахизон? – цас гæнæн ис, уыйас ныллæг хъæлæсæй дзуры Æзнауыр.

– Уый та цы хоныс – куыд ахизон?

– Мæнæ ам кæд нæй иу чидæр.

– Бæласыл?

– О.

– Уанцон нæу?!

– Фынæй у æмæ иу адджын улæфт кæны, æз афтæ адджын улæфгæ никуыма федтон. Мæ ныхасæй куы райхъал уа, уымæй дæр тæрсын, æмæ, куы райхъал уаид, уый дæр мæ фæнды.

– Фæлæуу-ма, мæ зæрдæ æхсызгон къæпп фæкодта – Кæсæби ма уа!

– Нæхи Кæсæби?

– Нæхи Кæсæби, уæдæ искæй Кæсæби!

– Æмæ нæхи Кæсæби кæм и, уый нæ зоныс? Кæд дын дзæгъæлы къæпп фæкодта дæ зæрдæ?

– Ævæццæгæн, афтæ у. Уæдæ уый Кæсæби куы уаид, уæд афонмæ нæ ныхасмæ нæ фехъал уыдаид?! Фæлæуу-ма, æз дæр схизон.

– Ардæм?

– О.

– Цæмæн?

– Кæд æм дыууæйæ куы бакæсæм, уæд райхъал уаид.

– Ахæм фынæй у, æмæ йæм дæсæй куы ныккæсой, уæд дæр йæ къах дæр нæ атилдзæн. Стæй йæ цæсгом нæ зыны – къалиутæ йын нæ уадзынц мæйы рухс йæ цæсгоммæ.

– Цы ми кæнут, цы? – дзуры хъæрæй Зазион æмæ лæбурæджы цыд æрбакæны комкоммæ Тинатинмæ. – Зæгъын, нæ хъугмæ бакæсон, знон ын йæ фæздон æрысгæрстон æмæ, гъаныр-гъауæд кæны, æмæ зæгъын, зайынмæ куы фæуа. Æмæ мæ уæ ныхас иннæрдæм агæпп кодта.

– Æмæ кæртмæ хъуысы нæ ныхас? – батыхст Тинатин.

– Æниу уынгмæ нæ хъуысы! Æхсæв ныхас дард хъуысы, уый нæ зоныс? Уæд цафоны ныхас у?! Мæнæ бон куы кæны. Уымæйдæр цæхæрадоны астæу! – Тинатины фарсмæ балæууыд Зазион. – Æмæ Æзнауыр кæм и?

Тинатин бахудти.

– Уалæ бæласыл.

– Цы ми кæны бæласыл?

– Бады.

– Гæр æмæ йын чердыгон бадт у æхсæвыгон бæласы сæр?

– Иунæг нæу. Уым чидæр бафынæй бæласыл, æмæ уымæ бады.

– Уыдон та дын цы хуызæн ныхæстæ сты, мæнæ чындз?! Чи бафынæй бæласыл? Куыд бафынæй бæласыл?!

Тинатин та бахудти.

– Бафынæй бæласыл, схызт æм æмæ йыл бафынæй.

– Гæр æмæ йæ фынæй мах бæласы цъупмæ æрхаста?! – уæлæмæ касти бæласмæ, афтæмæй дзырдта Зазион. – Нæ, ам æндæр цыдæр и. Уый йеддæмæ, ам базæронд дæн, æмæ уый никуы 'рцыди, исчи искæй бæласмæ схиза æмæ уым бафынæй уа. Ноздджын уæлæмæ не схызтаид, æрвонг фынæй нæ бауыдаид. Бынтон æндæр цыдæр и ам, уæдæ уын æз уый зæгъын, гъе!

Уæдмæ йæ фæсонтæ æддæмæ, афтæ гуыбыр-гуыбыр æрхызти асинып Æзнауыр.

– Сымах ацæут хæдзармæ, æз æм фæлæууон.

Тинатин та бахудти:

– Æмæ дæумæ гæсгæ, мах нæ фæнды, куыд дзæбæх улæфы, уымæ байхъусын?

Зазион фæйнæ касты бакодта чындз æмæ лæппумæ:

– Уæдæмæ йæ райхъал кæнут, тæригъæд у уыцы хъæбæр бæласы цæнгтыл фынæй кæнынæн. – Стæй йæхæдæг æввахсдæр балæууыд бæласмæ æмæ сдзырдта уæлæмæ:

– Дæлæмæ рахиз, кæцыдæриддæр дæ, уазал дæ бацæудзæн, æмæ æлгъыстаг кæнæм!

Æмæ æрыхъуысти бæласæй:

– Æз дæн, дзыцца, æз.

– Æмæ мын ды Уырысы куы дæ, цард дын фестон, дард кæмдæр далæ.

– Уым нал дæн, дзыцца, нал, æрцыдтæн.

– Куыд æрцыдтæ, куы, хъæбул, кæд æрцыдтæ?!

– Дысон æрцыдтæн, æхсæвыгон æрцыдтæн.

– Æмæ, кæд æцæг æрцыдтæ, уæд бæласмæ цæмæн хызтæ? Хæдзармæ цæмæннæ цыдтæ уæд?!

Æмæ та æрыхъуысти бæласæй:

– Ардæм мын æнцондæр хизæн уыд къæсæры сæрты бахизынæй.

– Цæмæн, хъæбул, цæ?!

– Цæмæн цæ, уырдыгæй ардæм мæгуыр æмæ æгадæй фæцыдтæн нæ Цæдисы пырхæнтыл мæхи хойгæ, æмæ мын мæ цæсгом бар нæ лæвæрдта къæсæрыл бахизынæн.

– Æмæ мæм уæд дæлæмæ цæмæннæ æрхизыс, хъæбул, – бадзырдта бæласмæ Зазион. – Мæ цæстытæ дæм куы ныуурс сты!

– Фæхизын, дзыцца, фæхизын.

Æмæ уæдмæ асины къæбæлтыл кæрæдзийы фæрсты уæззау-уæззау сæхи истой, афтæмæй æрцæйхызтысты дыууæ уæззау цырыхъхъы.

## 27

Йæ хуыссæг цыдæр æрбаци, афтæмæй, бæласæй куы æрхызт, уæд, уæлгъæдæй куы афынæй уа, уымæй тарст. Фæлæ Зазионы цинтæ, иннæты хъæлдзæг æнгас, æвæццæгæн, хинтæ скодтой хуыссæгæн – фæлыгъди.

Ӕмæ та-иу фæзынди йæ хъуыдыйы: фæлтау æй уым куы ныууагътаик-кой, бонмæ фæфынæй кодтаид, стæй цы уыдаид, уый уыдаид!

Хорз у, æмæ саузым ахаста. Ӕндæр-иу Джеоргуыба нæма æрцыд, æмæ-иу зымæг йæ гæнæнтæй иу фæсте нал ныууагъта. Ӕмæ уыцы стыр бæласыл мит куы ныууарыдаид, уæд ма уымæ схизæнтæ-йедтæ уыди?! Афынæйы кой та уанцон скæнæн нæу!

Фæлæ дунейы алцы дæр нымад у, æвæццæгæн. Кæм цы бакæнинаг у, кæд бакæнинаг у æмæ куыд бакæнинаг у – уыдæттæ раздæр хыгъд вæййынц. Ӕмæ, саузым кæй ахæсдзæн, стæй, куы æрцæуа, уæд, хæдзармæ кæй нæ бацæудзæн, фæлæ бæласмæ кæй схиздзæн, уыдæттæ бæрæг цыдысты кæмдæр дунейы ахæццæнты.

Бонырдæм арæдзæ-мæдзæ кодта. Ӕнæуи дæр йæ зæрдæ уырдæм æхсайдта: амæй ам уыди, фæлæ уымæй та уым уыди. Цы дзæбæх змæлд дзы бацарæфтыд!

Уыцы фондзуæладзыг хæдзæртты рудзгуытыл хурыскасты дæр æмæ хурныгуылды дæр куыд хъæлдзæг сыгъд кодтой хуры тынтæ. Ӕмæ иу гуымыдза чидæр йæ гуымыдза къухæввæрдæй ницы фестын кодта уыцы урс горæт. Ам, дам, æфсад нæ хъæуы. Ӕмæ дзы знон куы хъуыди æфсад, уæд дзы абон куыд нал хъæуы? Цæй тыххæй дзы нал хъæуы абон?! Ӕмæ ма знон сæ гæндзæхтæ куы цагътой сæ гæнæнтæ фæуæрæхдæр кæныныл. Хæдзар хæдзары фæстæ куы арæзтой, уæд кæм уыди уыцы хицау знон?!

Стæй дын мæнæ сæ булкъон Кукушкин. Йæ кителы уæллаг æгънæ-джытæ æвæрд нæ уыдысты, æмæ йыл, кителы мидæг цы урс хæдон уыди, уый тæрттæ зындысты æддæмæ. Бады булкъон æмæ, йæ разы цы даргъ стъол и, уый уæлæ кæрæй-кæронмæ амад æхцайы джиппытæ – стырдæртæ æмæ гыццылдæртæ. Уары афицертæн æхца Кукушкин æмæ хæссынц сæ хъæбысты æхца афицертæ хъæлдзæгæй. Бахæццæ и Кæсæбийы рад дæр.

– Цас? – фæрсы йæ булкъон.

– Бирæ! – дзуры цингæнгæ Кæсæби.

– Куыд бирæ ома?

– Иу хордзены цæстыдзаг. Нæннæ – хордзены цæстыдзагæй дæр фылдæр!

– Рахæсс дæ хордзен.

– Ӕмæ мæм нæй хордзен.

– Ауай æмæ искæмæй ракур.

– Ǽмæ кæмæй ракурон, ам хордзен ничи дары.

– Уæдæ кæм дарынц хордзен?

– Уартæ махмæ, Кавказы.

– Ауай уæхимæ æмæ уырдыгæй æрбадав хордзен.

– Нæ, Кавказ ардæм дард у. Цалынмæ уырдæм цæуон, стæй фæстæмæ здæхон, уæдмæ æхцатæ фæуыдзысты. Ǽмæ ма цы нывæрдзынæн мæ хордзены цæсты?!

– Уæдæ куыд бакæнæм?

– Ǽз зонын, хордзены цæсты цас цæуы, уый.

– Нæ, уый гæнæн нæй. Дæхæдæг ахъуыды кæн – паддзахад мæныл йе 'ууæнк бафтыдта. Ныр æз хæлиу куы ныллæууин, куынæуалдæр рахиз нымайин, куынæуалдæр – галиу, афтæмæй куы калин æхца фæйнæрдæм, уæд уый раст уаид? Нæ, уый раст нæ уаид æппындæр. Ǽмæ ныр советон хицауад нал и, уæд цæсгом дæр нал и?! Чи зоны, кæмæдæрты афтæ кæсы, ома иугæр Советон хицауад нал и, уæд цæсгом дæр нал хъæуы. Нæ, уый раст хъуыды нæу, – йæ сæр фæйнæрдæм ныттылдта булкъон, – æмæ нæ кæд искуы хъуыди цæсгом, уæд нæ ныр куы хъæуы! Гъеныр, гъеныр ацы фæлдыст дуджы. Ныр, цæсгомджын чи у, уыдон бирæ нал сты. Ǽмæ хъуамæ бабирæ уой, æмæ сæ парти рауайа, цæсгомджынты парти. Ǽмæ хъуамæ, цæсгомджын чи у, уый æнæцæсгомы зона дардмæ. Ǽмæ мæ уырны, тынг мæ уырны, дунейы цæсгомджынтæ сиу уыдзысты æмæ раздахдзысты адæмæн сæ советон цард. Ǽмæ нын уыдзæни ног паддзахад, цæсгомджын паддзахад. Мах ын арæнгæстæ уыдзыстæм уыцы паддзахадæн. – Стæй дын иннæрдæм ма ныззила Кукушкин! – Мах æппæты амондджындæр адæм стæм, ахæм паддзахад кæмæн уыд, æмæ, æппæты æнамонддæр адæм, ахæм паддзахад кæмæн уыд æмæ кæмæн нал и, – булкъон йæ уæларм йæ цæстытыл æрбауагъта æмæ дзуры Кæсæбимæ: – Дуар-ма æрæхгæн мидæгæй, æмæ дæ кæд æвдæлы, уæд иугыццыл акæуæм. Дыууæйæ кæуын хорз у. Иунæгæй дæр ис кæуæн, куыд нæ ис! Зæрдæ куы суынгæг уа, уæд цы дæ бон у?! Ǽмæ акæуын æз иунæгæй дæр. Фæлæ, иунæгæй цы акæуай, уый цы хъуамæ сахада?! Уæдæ мæрдадз дзæгъæлы æрхъуыды кодтой адæм?! Ǽмæ ныр, цымæ, мæнæ клубтæ чи уыди, клубтæ, уæд-иу хъæзтизæртæ-йедтæ кæм арæзтой, уыдонæй мæрдадзгæнæн клубтæ сараз, уæд куыд уаид?

Ǽмæ йæм кæсгæйæ баззад Кæсæби – цæй мæрдадзы кой кæны а Кукушкин? Ǽмæ уырыс, мæрдадз цы у, уый зонгæ дæр куынæ кæнынц.

Мæрдадз ирон æгъдау куы у, ирæтты æгъдау. Æнæуи хорз хъуыды у, æвзæр хъуыды нæу æнæуи. Уыцы клубтæм уæддæр цæуæг куынæуал и. Уадз æмæ сæм цæуой. Уадз æмæ-иу сæ зæрдæты тыппыртæ суадзой, стæй-иу ацæуой сæ мæгуыр хæдзæрттæм.

– Уæд та йæ абон уадзæм, – дзуры та уæдмæ булкъон. – Абон æнæвдæлон стæм æмæ, æнæвдæлонæй цы акæуай, уый лæгæн йæ фарсыл дæр нæ бахæцдзæн.

Хъуыста булкъоны ныхæстæм Кæсæби, касти йын йæ митæм, æмæ йыл гуырысхо бафтыд: кæд уыдоны булкъон нæу? Æмæ уæд кæцæй æрхауди? Науæд уыйæппæт æхца кæцæй æрхаста?! Æнæуи æвзæр булкъон нæу цыма, цы у, уымæй, фæлæ уыдоны булкъоны хуызæн нæу, æппындæр нæу уыдоны булкъоны хуызæн. Хъуыды кодта булкъоныл æмæ æмбæрста – чидæр æм кæсы. Бынтон хъал нæ уыд, стæй, æвæццæгæн, бынтон фынæй дæр нал уыд. Æмæ хатыдта, кæсы йæм чидæр æмæ йæ хъарм кæны йæ кастæй, мæнæ уазалмæ бирæ куы фæлæууай, стæй дæ, хур кæдæм кæсы, ахæм ран куыд æрæвæрдæуа. Æмæ йе уæнгты ахызти уыцы хъарм. Йæ цæстæй нæма ракаст, афтæмæй йæм хъуысы:

– Сыст-ма, цард дын фестон, ныр дæм исчитæ цæудзæни уынæг, æмæ дæхимæ æркæс. Мæнæ дын чындз цыдæртæ æрцæттæ кодта, скæн дæ уæлæ, ды мын афицер хъæбул дæ æмæ хъуамæ бæрæг дарай.

Æмæ сыстади. Кæрты ничи уыд, æмæ цæхæрадонмæ ахызт. Картофы уæрмыты цур алæууыд, бацин кодта уæрмытыл. Уæрмытæй чысыл фалдæр – хосы цъына. Гыццыл цъына уыд, фæлæ уæддæр цъына уыд: дæргъæццон æмæ цыппæрдигъон. Астæуæй уæлæмæ цыргъ схаста æмæ, æдде бакæсгæйæ, цатыры хуызæн уыд, быдыргæстæ хуымгæрæтты цы цатыртæ саразынц, ахæм цатыры хуызæн. Цъынайыл дæр бацин кодта, стæй арвыл йæ цæстытæ ахаста. Арв астæуæй уыди сыгъдæг, цъæх дардта, фæлæ арвгæрæтты æнахуыр фæлурс мигътæ сæ иу фæрстыл хуыссыдысты æмæ арвмæ джихæй кастысты. Кæсæби та-иу сыл йæ цæстытæ æрхаста. Æвæццæгæн, мит рауардзæн куыд ахъуыды кодта, афтæ Æзнауыр йæ фарсмæ æрбалæууыд.

– Истытæ куы ахсыниккам, уæд дæм куыд кæсы?

– Æвзæр мæм нæ кæсы, – бахудти Кæсæби.

Æмæ Æзнауырмæ афтæ фæкаст, цыма нырма фыццаг хатт бахудти, куы ʻрцыди, уæдæй нырмæ.

– Дысон мæ кæрдо æрхауди æрдæгхæрдæй, æмæ йæ сисон. Афтæ хæрзад уыди, æмæ йæ цæст хæрын нæ уарзта.

– Æмæ дын куыд æрхауди? – бафарста Æзнауыр æмæ бахудти йæ фарстыл – уæдæ йæ цæмæн хъуыд фæрсын?! Никæмæн æрхауы йæ кæрдо йæ къухæй?!

– Фынæй кодтон, уый æмбæрстон, кæрдо хаудзæн, уый дæр хатыдтон, фæлæ йæ бауромон, уый мæ бон нал уыди, – бахудти та Кæсæби.

– Сис æй уæдæ æмæ-иу хæдзармæ рацу.

Сæрдыгон хæдзары сын фынг авæрдта Тинатин. Чъирийы кæрстытæ æмæ сын дзидзайы кæрдихтæ бахъарм кодта. Сæ дæллаг кæрон сын сæгъы сæр æрæвæрдта.

– Сæгъы сæр, дам, гæмæх у, æмæ ныр, гæмæх у, уый тыххæй нæ цæттæ сæгъы сæр фынгмæ мауал æрхæссæм? – худти Тинатин. – Стæй йæм дзæбæх куы æрæвналай, уæд цыма афтæ гæмæх дæр нæу. – Уым аздæхти Кæсæбимæ æмæ худти, афтæмæй дзырдта: – Тыхсгæ ма кæн, нæ лæппу, мæнæ дын де ‘фсымæры директорæй уромынц, æмæ нæ æхца уыйас дæр хъæуæд!

– Æццæй?! – Кæсæбийы цæстытæ фæхъоппаг сты æмæ афтæмæй Æзнауырмæ фæцарæзтой сæхи.

– Фæнд сæм и.

– Æгонгæй, фæнд сæм нæй, уынаффæ сæм и.

– Æмæ уый хорз куы у!

– Хорз нæ, фæлæ бынтон хорз. Æмæ уыцы хорз скъолайæн йæхицæн у фыццаджыдæр. Ацы фæлдурæджджын рæстæг скъола хъуамæ гæнах басгуыха, æнæбасæттон гæнах, æмæ дзы рухс ивыла, сыгъдæг рухс, рæстæгæн йæ быны арт чи æндзара, ахæм рухс.

Тинатин хъæлдзæг кæй уыди, уый æхсызгон уыди Кæсæбийæн. Бакаст-иу æм, стæй та-иу æм ногæй бакаст. Стæй йæ бафарста:

– Де ‘фсымæр кæм и ныр, Зураб? Уый дæр æфсæддон скъолайы куы ахуыр кодта.

– Ам и. Æфсад ныууагъта. Ноджы нæ мад иунæгæй куы баззади, уæд ын гæнæн нал уыди. Уæртæ скъолайы æфсæддон хъуыддæгтæ амоны. – Æмæ та бахудти Тинатин. – Æз тæхон, кæннод мын дыккаг урок и, æмæ байрæджы кæндзынæн.

Тинатин ацыд, æмæ Æзнауыр ныхасыл иннæрдæм рахæцыд:

– Æмæ уæд куыд фæцыдтæ, цæмæй фæцыдтæ уырдыгæй ардæм? Мæскуымæ хæдхæтæхæгыл æрцыдаис, æмæ уый аслам нæ уыдаид.

– Æрæмбырд мын кодтой ме 'мбæлттæ, йæ дзыпп æмæ сæ йæ къуымы ничиуал ницы ныууагъта. Стæй Мæскуыйы хæдтæхæгæй куы æрхызтæн, уæд ма мæм цы æхца уыд, уыдонæй иу дзулы джипп нæ цыди. Æз цытæ бавзæрстон! Æмæ мæ маргæ йæ худинаг кодта – æз хъуамæ майоры цин райстаин, æмæ ма искæй майор поезды къудийыл бады? Мидæмæ-иу куы баирвæзтæн, уæд-иу мæ æрцахстой, ракæн-бакæн-иу мæ систой кæрæдзимæ, рафæрс-бафæрс æмæ ратон-батон. Кæд-иу нæ загътон – ныр иу дамбаца æмæ адоны ныццæгъд, иууылдæр сæ ныццæгъд, стæй цыфæнды уæд!

Уый фæстæ бадтысты. Æзнауыр тамако дымдта, Кæсæби зæхмæ каст, зæронд лæг куыд фæкæсы зæхмæ, афтæ.

Æмæ загъта Æзнауыр, фæрсгæ нæ кодта, æнæуи загъта:

– Уæддæр дæ бæласмæ цы фæкомкоммæ кодта?!

Æмæ загъта, зæхмæ касти, афтæмæй Кæсæби:

– Уал азы фæтъæпп-тъæпп кæн кæмдæр, стæй афтид удæй æмæ афтидгуккæй æрыздæх æмæ дуæрттæ дæ сæрыл бахæсс – гъæтт, мæнæ уын æрхæццæ дæн, рагæппытæ кæнут уæ фæйнæ уатæй æмæ мыл цинтæ кæнын байдайут! – Кæсæбийæн йæ сæр йæ риуыл æрæнцади. – Уымæн цæсгом нæ хъуыди?! Асин æм æвæрд кæй уыди, уый мæ æрцардта. Æнæ уый нæ бафæрæзтаин нæ кæрдомæ схизын. Ме уæнгтæ кæрæдзийыл нал хæцыдысты. Горæтæй дæр фистæгæй æрбацыдтæн уалæ хъæды фæндагыл – мачи мæ фена, мачи мæ базона, мачи мæ мацæмæй бафæрса. Къалиутæ æрысгæрстон, æмæ мæнæ кæрдотæ. Мæхи æрбатыхтон мæ бæмбæдджыны, иу кæрдо бахордтон, иннæ мын нал фæци хæрд.

Абадтысты, ахордтой та цыдæртæ, æмæ бафарста Кæсæби:

– Æмæ дзыцца кæдæм ауад?

– Стурты аздæхта. Ныртæккæ йæ ардæм хъæуы.

Кæсæби та цыдæр ауыылдта, арф ныуулæфыд.

– Фыццаг мызд куы райстон, уæд мæм æрцыд уыцы хъуыды, цыма йæ мæ мыздимæ райстон: цæй æмæ бирæ æхца æрæмбырд кæнон, иу хордзены цæстыдзаг, нæ, хордзены цæстыдзагæй дæр ноджы фылдæр, стæй сæ дзыццайы раз æвæрын куы райдайон, уæд куыд нæ цæуой йæ разы, æмæ ма сæ кæм æрæвæра, уый куыд нал зона! Æз та уымæ куыд кæсон æмæ, уый куыд цин кæна, ууыл цин кæнон æз та. Æмæ хорз цыдысты мæ хъуыддæгтæ. Мызд цыди мызды фæдыл. Уæдæ-иу нын

арæзтады дæр куыд нæ афыстой?! Уым бирæ фыстой, тагъд кодтой, иу хæдзар-иу нæма фесты арæзт æмæ-иу иннæ хæдзары къултæ райдыдтой амайын, – дзырдта Кæсæби. Æзнауыр æм хъуыста æмæ сабыр улæфыд. Рагæй нал улæфыд афтæ сабыр. Æмæ уый, Кæсæби кæй æрцыд, уымæн улæфыд афтæ сабыр. – Уым-иу хæдзарæй хай райстам – цалдæр лæппуйы уыдыстæм – æмæ-иу нæ салдæттæй куы февдæлд, уæд та-иу нæхи ныццавтам куыстыл. Нæ куыст нардуатæй уыди, æмæ-иу цалынмæ цæст уыдта, уæдмæ-иу нæ ныууагътам нæ кусын. Нæ фæллад ницæмæ дардтам. Æхцатæ дæр фылдæр кодтой, уæдæ цы!

Ныр æрцыди. Афтидæй æрцыди. Æнхъæлмæ йæм кастысты. Æвдисгæ йæ нæ кодтой, æмбæхст æй дардтой, фæлæ уый хуызæн æхцахъуаг хæдзары зын уыди уый æмбæхсын. Æмæ-иу йæ улæфты мæй цæугæ куынæ æркодта. Фæлæ-иу цы даргъ фыстæг æрæрвыста, уый сæ амидин кодта æнхъæлмæ кæсыныл. Æргом никуы уыд æхцайы кой йæ фыстæджыты, фæлæ сæ æнæуи алкæмæн дæр йæ былтæй калди йе ‘хцайы кой. Ныр фæстæмæ нал аздæхдзæн. Ныр афицер дæр нал уыдзæн. Æмæ йемæ ницы æрхаста. Æрхæссинаг дæр ын дзы ницы и. Æрыздæхти фæллад æмæ мæгуырæй, æмæ уыйас йе ‘рцыд æхсызгондæр уа хъуамæ, æмæ йыл фылдæр хъуамæ цин кæной йе ‘рцыдыл уыйас. Хорз уый у, æмæ кæй æрцыд, иннæ хабæрттæ, сты-не сты, зынгæ дæр ма кæной хъуамæ, кæй æрцыди, уый цур. Æнæуи та диссаг куыд нæу – дæ капеччытыл дæ хæдзары ма æууæндай, куынæ сæм фæлæууай, уымæй тæрсай, æмæ сæ паддзахадмæ раттай æвæрынмæ, æмæ дын сыл, куыдз стæгыл куыд ныххæца, афтæ ныххæцæд паддзахад! Кæм цы æнæцæсгом и, уыдон бабырыдысты хицæутты бынæттæм, куыдз фынджы бынты фынгыл бадджыты къæхтыл йæхи сæрфгæ куыд бабыра, афтæ. Уыдонмæ дзæбæх æркæс, уæд фыдгæнджытæ сты æмæ хъуамæ ахæстоны бадиккой. Хъуамæ сæ фæдыл зиликкой, паддзахы заман абырджыты фæдыл куыд зылдысты, афтæ, ахсиккой сæ æмæ сæ ахæстæттæм каликкой. Æнæцæсгом чи у, уый бæрæг у, йе ‘нæцæсгом кæй æмбæхсы уымæй. Афтæмæй йын æй йæ цæстмæ дæр ничи бадары, цæсгом ын кæй нæй, уый. Æмæ йæхицæй раздзог æмæ разамонæг скæны, æмæ адæм йæ фæдыл араст вæййынц – æнæцæсгомы фæдыл. Афтæмæй сæ цæсгæмттæ чъизи кæнынц, уый сæм куыд нæ хъары, куы?!

Бадтысты. Æвдæлон бадт кодтой. Æмæ Кæсæби бафарста:

– Дæу скъоламæ цæуын нæ хъæуы?

Ӕмæ йын загъта Ӕзнауыр:

– Нæ хъæуы скъоламæ цæуын мæн. Абон мын уроктæ нæй.

Ӕмæ бахудти Кæсæби.

– Мæн тыххæй ма бакъуылымпы у. Ӕз, далæ бæласыл нырма бирæ кæрдотæ ис, æмæ уыдон æртондзынæн. Дзыццамæ æнхъæлмæ кæсын. Уый мын куыд амона бынæй, уæд-иу мын куыд амыдта, афтæ мæ фæнды.

– Ӕртондзынæ сæ. Мах дæр сæ дæу тыххæй ныууагътам.

Стæй та бадтысты. Фынг лæууыди сæ разы, сæ къаннæг цыппæр-къахыг фынг. Лæууыди, цыма йæхицæн лæууыди, афтæ. Уыдон бадтысты. Сæ дзуринæгтæн сæ кæрæттæм бавнал-бавнал кодтой, мидæмæ сæм дзæбæх нæ хызтысты, цыма сæм сæ ныфс нæ хастой мидæмæ бахизынмæ. Ӕмæ та загъта Кæсæби:

– Хуро цы дзæбæх рæзы! Ныр кæцы къласмæ цæуы?

– Ӕртыккаг къласмæ.

– Ӕхсæртæг та? Фыццæгтæм, нæ?

– Базыдтай йæ.

– Асиат та нырма дзыццайы скъоламæ, – бахудти Кæсæби.

Стæй та абадтысты. Ӕмæ афтæ, цыма дзырдæй æнæдзырды ‘хсæн дзырдта, уыйау бафарста Ӕзнауыр:

– Ӕмæ-иу, æвæццæгæн, уым дæр ницы ануæзтай?

– Афтæ, гæнæн нал и, уæд иу сыкъа.

– Ӕмæ сæхæдæг дзæбæх нуæзтой уымы адæм æви афтæ дзæбæх нæ нуæзтой? – бахудти Ӕзнауыр.

– Афтæ дзæбæх нæ нуæзтой, – бахудти Кæсæби дæр. – Кæддæр иу журналы кастæн, æмæ, дам, раздæр уырысæй къаддæр ничи нуæзта. Уымы цæрæг уырыс кæд уыдонæй баззадысты. Ӕвдæлгæ дæр сæ нæ кодта цыма нуазынмæ. Ӕрмæст-иу сæм стырбон куы уыд, уæд-иу иумæйаг фынгтæ сарæзтой æмæ-иу уæд рабадтысты фынгыл. Ӕндæр къаты бон нуæзтджын лæг уынгты рацæуа, уый дзы нæ уыд. Фидаугæ дæр не скодтаид уыцы стыр дунейы нуæзтджын лæг.

Уыцы рæстæг дуар байгом, æмæ къæсæры сæрты фыдæнæнгæнæджы санчъех бакодта Къæпсыр. Йæ разæй бахаста, йæ мидæг тымбыл цыдæр кæмæн уыди, уымæй тымбыл чи дардта, ахæм хæцъилын дзæкъул. Дзæкъул фынгыл æрæвæрдта, стæй, Кæсæбийæн æххæст сыстын нæ бантыст, афтæмæй йæ æрбахъæбыс кодта æмæ йæ хæрдмæ фелвæста, бауыгъта йæ.

– Уыцы бæсты, æвæццæгæн, хор æмæ донæй нæ цæрынц, уæдæ дæ удыртау куынæ и.

Стæй цæхгæр фездæхта йæ ныхас, цыма йæхæдæг фездæхти ныхас, уый хуызæн:

– Уæдæй нырмæ лæууын дуары раз, æддаг дуарæй згъын, æфсæйнаг дуарæй: мидæмæ йыл æрбахæцын – хъыррыст нæй, æддæмæ йыл ахæцын – нæй хъыррыст, афтæмæй ма æрæджы дæр уартæ Хынцæгты Хуссармæ хъуысти уæ дуары хъыррыст. Уæд ын цы фæкодтат йæ хъыррыст уæ дуарæн?!

Æзнауыр бахудти.

– Омæ дæ цæмæн бахъуыди нæ дуары хъыррыст?

– Цæмæй мæ размæ исчи рацæуа æмæ мæ кад æмæ радимæ æрбакæна мидæмæ, хуындзауы куыд бакæнынц, афтæ.

Стæй нывнæлдта йæ дзæкъулмæ æмæ дзы, иу бедрайыдзаг кæм бацæуа, ахæм тымбыл авг сласта йæ хъуырæй.

– Мæ сыхаг Сибитъайæн йе 'фсымæр, йæ хистæр æфсымæр Естъа, хъæуысæр царди. Æмæ-иу арахъхъ куы рауагътой Сибитъатæ, уæд-иу дзы сæ дурын байдзаг кæнын кодта Сибитъа. Стæй-иу, йæ иу къухы сæ цъупбыл дурын, йе 'ннæ къухы сæ бургуыбын сыкъа, афтæмæй донбылты фæхæрд кодта: цалынмæ арахъхъæй Естъа нæ ракуывтаид, уæдмæ дзы Сибитъа сыкъайыдзаг не сдардтаид йæ дзыхыл. Мах дæр арахъхъ рауагътам, æмæ йæ уынгæ дæр нæма фæкодтон, афтæмæй мын дзы, цы фæрæзтон, уый сæккой кодта дзыцца, сæ лæппу, дам, æрцыд, æмæ, дам, Зазион куы батыхса нуæзтыл. Нæ, мæ дзыццайы хуызæн дзыцца зæххыл нæй. Æмæ, цыдæриддæр дзыццатæ ис зæххыл, уыдонæн хъуамæ сæрдарæй кусид. Хъæбæртæ хорз æгъдау сын æрæвæрид – сæ æлгъиндæртæ сын, мæнæ кулакты куыд хастой, афтæ ахæссид Сыбырмæ, æмæ иннæтæ æгæр дæр снæртон уаиккой.

– Ныр сæрдартæ нал и. Ныр и генералон директортæ æмæ президенттæ.

– Уыдонæй ницы сфидаудзæн дзыццайыл. Æмæ йæ ныр дзыццаты дзыцца куы скæниккой, уæд та куыд уаид?

– Хуыцæутты Хуыцау куыд у, афтæ, нæ?

– О, о! – хъæрæй ныххудти Къæпсыр, стæй æртæ агуывзæйы æрæвæрдта фæрсæй-фæрстæм, æмæ сæм уыцы тымбыл авджы дзых фæйнæ дарды фæкодта. Раст уæд дуарыл бахызтысты æртæйæ. Разæй чи бахызт, уый бафарста:

– Ацыгаты Ӕзнауыр уæ чи у?

Ӕзнауыр йæхиуыл схæцыд.

– Ӕз.

– Районы хицауы марынмæ чи хъавыд, уыдонимæ кæй уыдаис, уымæй дæм барадхъахъхъæнæг оргæнты зæрдæ кæй æхсайы, уымæ гæсгæ ахст цæуыс.

Стæй йæ дзыппæй, цонджыхъултыл кæй бакæнынц, ахæм къæмдзыг систа æмæ йæ бадардта Ӕзнауырмæ.

## 28

Мит уарыд æмæ уарыд. Дуне байдзаг ис уыцы урс-урсид тъæпæн пирæнгæмттæй, æмæ сæ иу иннæйыл куыд нæ бамбæла, афтæ узгæузгæ бадтысты зæххыл. Тагъд никуыдæм кодтой, кæдæм тагъд кодтаиккой?! Сом дæр бон у æмæ иннæбон дæр. Зæххыл кæм æрхæцыдысты уыцы пирæнгæмттæ, кæм – нæма. Ӕмæ кæм æрхæцыдысты, уыцы рæттæ сæхиуыл февvæрсыдысты – урс-урсид адардтой.

Касти рудзынгæй Ӕзнауыр, уыцы ныллæг рудзынгæй. Ахæм рудзгуытæ, ахæстонæн уартæ быдыры ‘рдыгæй цы къул и, уыцы къулыл уыди. Бынтондæр ныллæг рудзгуытæ, афтæ ныллæг, æмæ дæ сæ искæмæй бакæсыны сæр куы бахъæуа, уæд хъуамæ дзæбæх багуыбыр кæнай.

Касти Ӕзнауыр рудзынгæй æмæ хъуыды кодта: уæд Асымеимæ куы æрбацыдысты, Гасбол кæм и, уый куы агуырдтой, уæд Ерыстау æмæ йæ гыццыл æмбал дæр ахæм ныллæг рудзынгæй зарыдысты мидæмæ Ермакмæ. Куыд хорз у – ахæстоны рудзынгæй мидæмæ зар! Балæуу уыцы рудзынджы раз æмæ дзы базар!

Ныр уымæ дæр куы ‘рбацæуид исчитæ æмæ йæм куы ‘рбазариккой! Нæ, уый сæм нæ азарид æддæмæ, æмæ афтæмæй не сфидауид сæ зард, уымæн æмæ æддæгты зард дæр, мидæгæй цы зарын цæуа, уый фидауын кæны. Ӕмæ сæм мидæгæй куынæ азарай, уæд, æддæгты базард цыфæнды фестæд, ницы сахаддзæн. Ӕмæ, чи зоны, ацы рудзынг уыди, чи зоны, ацы рудзынгмæ зарыдысты Ерыстау æмæ йæ гыццыл æмбал, æмæ сæм ацы рудзынгæй зарыд æддæмæ Ермак дæр. Ӕдде йæм куы ‘рбакæсид, уæд æй уайтагъд базонид, фæлæ йæ мидæгæй куыд базона?! Ам «Ӕнæ хай» зарыдысты. Ӕмæ дзы фидыдта. Тынг дзы фидыдта, мæнæ лæгæн йæхиуыл кæй скæрдай, уыцы куырæт ыл куыд

фидауа, афтæ. Ахæстоны къулмæ зарынæн цыма æрцыди фыст, уыйау – иутæ йæ æдде мидæмæ куыд зарой, иннæтæ – мидæгæй æддæмæ.

Уыдонмæ куы бацыдысты хъæумæ чындзæхсæвы фæстæ, уæд уым та æндæр зарæг зарыдысты. Æмæ хуыздæр уыди афтæ. Уæдæ искæй гыццыл кæрты «Æнæ хай» куыд зарыс?! «Æнæ хай» зарынæн стыр бынат хъæуы, йæхиуыл ын ахæцæнтæ кæм уа, ахæм бынат.

Стæй йæм хъуамæ бирæ хъусджытæ уа. Ам æм бирæ хъусджытæ нæ уыд. Æниу æм, чи зоны, уыд. Чи зоны йæм хъуыстой, ахæстоны чи бадт, уыдон. Хъуыстой йæм, чи зоны. Сæ рудзгуытæ йæм нæ ныттыгътаиккой, бæгуыдæр: ахæстоны рудзгуытæн гом кæнæн нæй. Фæлæ йæм æнæуи хъуыстаиккой. Хъуыстаид сæм, æмæ йæм хъуыстаиккой. Хъуысгæ сæм кодтаид, уæдæ сæм нæ кодтаид хъуысгæ?! Æмæ кæдæм нæ байхъуысдзæн ахæм зарæг?! Нæ, ахæм зарæг кæдæм нæ байхъуыса, ахæм бынат нæй. Æмæ йæм, ахæстоны чидæриддæр и, – ахстæй дæр æмæ æнæуи кусæгæй дæр – иууылдæр хъуыстой, хъуысти сæм, æмæ йæм хъуыстой. Афтæ уыдаид, афтæ, уымæн ныссабыр ахæстон кæрæй-кæронмæ. Зарæг змæлын куыд ныккæны дуне, сабыр дæр æй афтæ ныккæны. Алы зарæг нæ. Кæй зæгъын æй хъæуы. Уыдон æндæр зарджытæ сты, дуне змæлын дæр чи ныккæны æмæ сабыр дæр, уыдон.

Уыдоны кæрты цы зарæг зарыдысты, уый та æндæр зарæг уыд. Уый, дам, Ерыстау йæхæдæг æрхъуыды кодта:

*Уæлладжыргомы къасара –*
*Йæ къæсæр комы нарæгæн.*
*Ахæстонмæ чи базара, –*
*Уымæй нæй зæххыл зарæгдæр.*

Уым сæ гыццыл æмбал семæ нæ уыд. Æниу афтæ гыццыл дæр нæ уыди Нæуæг, уый Ерыстауы цур зынди гыццыл. Æмæ Ерыстауы цур уыдон дæр гыццылтæ зындысты, Æзнауыр дæр æмæ Асыме дæр. Ноджы йыл уыцы даргъ цинел уыд, ноджы – уыцы топп йе уæхскыл. Уым та уый фидыдта, уыцы зарæг. Афтæ дзы фидыдта, æмæ, зæххыл цыдæриддæр зарæг ис, уыдон æрæмбырд кæн, афтæ дзы иу дæр не сфидыдтаид. Æмæ йæ, æвæццæгæн, уыдоны кæрты базарынæн æрхъуыды кодта Ерыстау. Æмæ йæ афтæ æрхъуыды кодтаид? Нæ, афтæ æрхъуыды гæнæн нæй зарæгæн, уæлдайдæр ахæм зарæгæн, уым æххуыс хъæуы, зæххон æххуыс нæ, æндæр исчердыгон æххуыс. Уæдæ йын æххуыс макуыцæй

уыдаид, афтæмæй уыцы дзырдтæ афтæ дзæбæх æрбæрстытæ кодтаид?! Кæнæ уыцы дзæбæх сисæнтæ æмæ æруадзæнтæ! Стæй, лæугæ куыд дзæбæх кодтой уыцы къаннæг цыппæрдигъон кæрты! Куыддæриддæр æмбæлди лæуууын уыцы зарæгæн, афтæ, иу ныхасæй, кæс сæм, хъус сæм æмæ цин кæн, зæххыл ахæм зарæг кæй ис, ууыл.

Уый иунæг уыдаид Ермак хатæны, иннæтæм æддæмæ куы зарыди, уæд. Уæдæ ма йемæ исчитæ куы уыдаид, уæд афтæмæй куыд зарыдаид æддæмæ?! Фæлæ иунæг уыд. Уыдон æртæ сты. Уый æмæ дыуузæ ацæргæ лæджы. Багуыбыр сты сæ фæйнæ цыппæрдигъон бандоныл кæрæдзимæ æмæ ныхас кæнынц. Сæ ныхас æм куы райхъуысы, куы – нæ. Фæлæ йæм куы райхъуысы, уæд дæр æм хъусгæ нæ бакæны Æзнауыр – цæмæн æй хъæуы, искæй ныхасмæ хъуса, уый! Стæй æнæуи дæр цас хорз у искæй ныхасмæ хъусын?! Уæддæр æмбæрста, цæуыл ныхас кодтой, уый æмбæрста уæддæр. Дуне, дам, гæды кæны, æмæ дам, уый æвзæр у. Æнæуи дзургæ уый кодта, урс чи уыди, уый – сæрыхилæй дæр урс уыди, боцъойæ дæр, рихийæ дæр. Йæ рихитæ афтæ рæсугъд уыдысты, æмæ сæм бакæсæнтæ нæ уыди фыр рæсугъдæй. Уыцы урс-урсидæй ацыдысты фæйнæрдæм уыцы лæгъзæй, уыцы уырдыгарæзт лæгъзæй. Æзнауыр ма худгæ дæр бакодта: Тинатин уыдон куы фенид, уæд ма Бaччейы рихитæй цы раппæлид, уый бæрæг уаид! Дзургæ уый кодта, уыцы урс лæг. Иннæ дзургæ ницы кодта, афтæ фæрсгæ ма акодтаид истæмæй æмæ искуыдæй-искуыдмæ иннæйы ныхасмæ исты ма баппæрстаид, æндæр. Уый уыди къæсхуыр лæг, тынг къæсхуыр лæг. Йæ фындзы дыуузæ фæрсты æрдаргъ и дыуузæ арф æнцъылды, æхсаргарды цæфты хуызæн зындысты раст. Лæг сæм æнæ батыхсгæ кæсын нæ фæрæзта.

– Ницы, – загъта урс лæг.

– Цæмæннæ? – бафарста къæсхуыр.

– Иуæй, цы загътаин, уый нæ зыдтон, иннæмæй мæм дзурын нæ цыд.

Уый йæм æрбайхъуыст сæ ныхасæй, æмæ хъуыдытыл фæци. Диссаг! Уый дæр сæм куы ницы сдзырдта. Иуæй йæм дзурын нæ цыди уымæ дæр, иннæмæй, цы загътаид, уый нæ зыдта. Никуы никæй марынмæ хъавыд, уый сын загътаид, æмæ сæ цæмæн хъуыд! Лæг уыцы къæмдзыг куы systa æмæ йæм æй куы бадардта, уæд ын æй Къæпсыр йæ къухтæй сыскъуыдта, ныттылдта къæмдзыг æмæ, йæ цæстыты туг абадт, афтæмæй загъта:

– Ацы лæджы хуызæн лæгтыл, адон чи кæны, уымæн хъуамæ йæ

къухтæ хауд цæуиккой йæхицæн: афтæ йын сæ сугсæттæн къуыдырыл æрæвæрын кæн æмæ йыл сæ уырдæм ныххаф фæрæтæй, зæххыл ын куыд абадой. Ахæм лæгæн хъуамæ къухтæ ма уаид.

Лæгæн йæ къухтæ афтидæй аззадысты æмæ сæм касти, цыма искæй къухтæм касти, афтæ.

Æмæ та загъта Къæпсыр:

– Уартæ Ежовы хъузæттæ цы митæ кодтой, уыдон раздæхтат фæстæмæ. Æмæ уæд уымæн афтæ кодтой, цæмæй адæмы советон хицауады ныхмæ сарæзтаиккой: кæсут, уæ хуыздæрты уын цæгъды хицауад. Ныр та æндæр хæс æвæрд и уæ разы: хъуамæ адæмы хуыздæртæ ма уыной, нæ хицауад кæйдæр къæхты бын кæй атылди, æмæ бæстæйы ис-бис фæсарæнтæм кæй аивылди, уый. Æмæ йæ ма æмбарын кæной адæмæн. Фæлæ, Ежов цы топпы цæфæй фæтымбыл, уый нырма ифтыгъдæй лæууы æмæ та бафтдзæн иу рæстдзæвин лæджы къухтæм, æмæ уæд додой уæ къонатæ кæнынц.

Стæй къæмдзыг айста Къæпсыры къухæй Кæсæби.

– Мæныл æй бакæнут, æз ацæудзынæн цъынды. Уый не ‘вдæлы, уый уæртæ скъолайы директорæй æвзарынц.

– Бæсты кæнæн нæй, – йе ‘фсæртæ фæхицæн сты лæгæн кæрæдзийæ.

Æмæ та йæхиуыл рахæцыд Къæпсыр.

– Æмæ йæ, зæгъæм, ам нал æрбайййæфтат, зæгъæм, абырæг алыгъд, уæд дæр никæй акодтаиккат?

– Никæй. Уыцы æгъдау раджы уыди, уæртæ паддзахы заманы.

– Паддзахы заманы дæр ма æгъдæуттæ уыди. Уæд сымахмæ иу æгъдау цæуылнæ и, æгъдауы хуызæн æгъдау?!

Стæй йæ ракодтой æмæ рацыди. Къæмдзыг ын нал бакодтой йæ къухтыл. Дыккаг бон æм æрбахæццæ Тинатин. Мидæмæ йæ не ‘рбауагътой, æмæ, уым æрбахизæны цы афыста, уый æрбарвыста. Хъæуæй цы дзæкъул æрхаста, уыимæ. Дзæкъулы цыдæр хæринæгтимæ уыд дыууæ чиныджы – Капиевы «Поэт», æмæ Прутковы уацмыстæ. «Ма тыхс, – фыста йæм, – кæннод æз дæ иу тыхстыл дæс тыхсты кæндзынæн. Дæ тыхстытæй мæм иу дæр нæ фæуыдзæн æнæ æрыхъуысгæ, уый зон. Мæнæ дын дæ чиныг æмæ мæ чиныг. Сæ иуæй куы акæсай, уæд та-иу сæ иннæмæй акæс. Тыхсынц дыл, æмæ ды ма тыхс!»

Æмæ уал чингуытæм бавналыны размæ уыцы фыстæг бакæсы, цыма дыууæ чиныгæн иумæйаг раздзырд у, уый хуызæн.

– Мæ зæрдæ мæм цы дзуры, уый зоныс? – æрбайхъуыст Æзнауырмæ, цыдæр барджын хъуыст æм æрбакодта: – Кæд ныл нæ хæхтæ рахæтыдысты, кæй сæ фæлыгъдыстæм, уый тыххæй? Уæдæ нæ æнусты-æнусты сæ тæртты бакодтой, мæнæ æнæхъом сабийы йæ дада йæ кæрцы роны куыд бакæна, афтæ, мах сыстадыстæм æмæ фæлыгъдыстæм. Уæд цы цæсгомæй сыстадыстæм æмæ цы цæсгомæй фæлыгъдыстæм! Æмæ нæ, фæндыди-нæ нæ фæндыди, зыдтам æй-нæ йæ зыдтам, уæддæр, цы уыдыстæм, уый уым баззади. Æмæ нын ам, цы стæм æмæ чи стæм, уый бæрæг нал и. Уый бæрæг ма нæ ис – ирон нал стæм.

– Уæд ныл, дæ ныхасмæ гæсгæ, гæды дзурын дæр уый аххосæй бафтыдаид? – фæрсы къæсхуыр лæг, æмæ, йæ фындзы фæрсты цы æнцъылдтæ уыд, уыдон фæтынг сты.

– Уæдæ уым афтæ нæ уыдаид – уыцы стыр хæхты ‘хсæн слæууу æмæ гæды ныхасыл схæц – лæджы зонд ахсгæ дæр нæ кæны ахæм хъуыддаг. Нæдæр ыл цæстытæ хæцынц. Стæй йæ сæр дæр цæмæн бахъуыд уым уыцы гæды ныхасæн?!

– Цы бæрæг и! – загъта къæсхуыр лæг. – Ацы дуне афтæ æнахуыр у, – раст дзы цыма знон изæрмилты æрцардыстæм, уымæй уæлдай йын нырма ницы базыдтам.

Æмæ та загъта урссæр лæг дæр:

– Уæд уыцы стыр хæхтæ ныууадз æмæ, æппындæр хох кæм нæй, ахæм ран æрцæр! Уый диссагæн хæссинаг нæу æмæ диссагæн дзуринаг нæу!

– Æз хæхты никуы цардтæн, фæлæ, дам, зындзард у хæхбæсты æмæ зынгуыст.

– Цы у зынгуыст?! – бацырд и урссæр лæг. – Хос кæрдын у зынгуыст?! Æмæ хос кæрдынæй хуыздæр, арв йæ къабæзтæ кæм айтыгъта, уым куыст куынæ и! Æмæ дуне цæвæджы æхситтæй куы фидауы. Уæдæ найгæнæн у зынгуыст?! Æмæ уыцы тымбыл мусы уыцы наййæгты фæдыл азилдзынæ, уый уæнгдых æмæ зæнгдых куы æфтауы лæгыл. Æмæ уыцы ног хоры тæф сулæфдзынæ, уый дунейы хостæй хосдæр куы у лæгæн! Уыцы наййæгтæм бакæсын – уый рæзинагæн рæзыны хос куы у, ацæргæйæн – цæрыны хос. Цыма къогъодзитæн сæ фадхос сæ сæрты акалд, уый хуызæн куы стыхсы хъæмп сæ къæхтыл стуртæн. Уыцы къухдзаг, цыма дзы хор æмæ доны мæт бацыди, уый зылд куы фæцæйкæны мусыкъæбæлы алыварс. Æмæ, уый цы рухс

сагъæстыл æфтауы адæймаджы, уый чи базондзæн, куынæ йæ фена, уæд! Æмæ дæхи мусы кæй банай кæнай æмæ дæхи куыройы кæй æрыссай, дæхи пецы кæй сфыцай, уымæй ис бакувæн стыр Хуыцаумæ, æрмæст уымæй. Уæдæ уыцы æмтъеры дуканиты кæй балхæнай, къæхты бынты кæй фæрассон-бассон кодтой, уæййаг чи у æмæ æлхæнинаг, уый цы цæсгомæй хъуамæ æрæвæрай дæ фынгыл æмæ дзы цы цæсгомæй хъуамæ бакувай Хуыцаумæ?! Уæдæ дæ комахсæйнаджы дыууæ фарсы дæ пецы сæрмæ æрцауындздзынæ, сæ фарсмæ сын сагойы хъæдыл сырхытæ æртыхтытæ кæндзынæ! Диссаг цы у, уый зоныс? Быдырбæсты цæхджын фыд нæ рæстмæ кæны. Цасфæнды йæ фæдарай дæ пецы сæрмæ, цæхджын фыды ад дын не скæндзæн. Уый хуымæтæджы афтæ у? Нæ, уый хуымæтæджы афтæ нæу.

Стæй сæ ныхас нал райхъуыст. Диссаг нæу? Куы йæм хъуысы сæ ныхас, куы – нæ. Уæд куы хъæрдæр фæдзурынц, куы сабырдæр? Æмæ уæд цæмæн хъуамæ дзурой афтæ, кæд афтæ дзурынц æцæг, уæд? Æви йæхæдæг куы хуыздæр байхъусы, куы æвзæрдæр? Æмæ сæм йæхæдæг æппындæр куынæ хъусы. Йæхæдæг æм куы ‘рбайхъуысы сæ ныхас! Дзургæ иууылдæр уый кæны, уыцы урс лæг. Мæнæ аргъæутты цы зæдты кой вæййы, уыдонмæ дæр бакæс æмæ уымæ дæр. Фæлæ йæм хатт цыдæр зонгæйы хуызæн куы фæкæсы, уæд æм цæмæн фæкæсы зонгæйы хуызæн та?! Уый, кæд бакастджын кæй у, уымæн афтæ у? Афтæ уыдзæн, афтæ, æндæр æй кæм хъуамæ федтаид?! Фæлæ бакастджын у æмæ, лæг бакастджын куы вæййы, уæд зонгæйы хуызæн зыны лæгмæ. Æмæ, цымæ, цæмæн æрхæцыдисты ууыл та? Цы гæнæг хъуамæ уа уый хуызæн дзæбæхæй? Уый ахæстонмæ æрбакæн, уымæн цæсгом нæ хъуыди? Цы дзæбæх ныхæстæ кодта хæхты тыххæй! Уагæры ма йæм дзæбæх куы хъуыстаид. Афтæ йæ ныхмæ ныллæг æрбад истæуыл æмæ йæм хъус! Фæлæ, мæнæ афтæ кæй загъта, ома, дам, рахæтыдисты хæхтæ, уый куыддæр у. Куыд хъуамæ бакома хохы зæрдæ искæуыл рахæтын?! Уыцы стыр хох йæ сæрмæ ахæм митæ хæссы?! Æнæуи, дам, гæды ныхас уæд сарæх и, хæхтæй куы ралыгъдысты, уæд. Уый, чи зоны, раст у. Фæлæ, чи зоны, нæу раст. Кæд раст у, уæд уый тыххæй уыдзæни раст, æмæ – кæм хæхтæ, æмæ кæм – гæды ныхæстæ, уыцы ницы-мацытæ! Æппындæр нæ бадынц иумæ. Куыд хъуамæ равзæра уыцы стыр хæхты ‘хсæн гæды ныхас? Цæмæн дзы хъуамæ равзæра?

Мит уарыд æмæ уарыд. Æмæ мит уарынæн у. Фæлæ афтæ æнувыдæй

уара! Мæнæ йæ цыма уым уæле кæмдæр фæдзæхсгæ бачынди: уаргæ кæн, стæй ды зоныс æмæ æз!

Касти рудзынгæй, æмæ та йæм æрбайхъуысти, цыма йæм рудзынгæй æрбайхъуысти:

– Уæддæр дæ зæрдæ ницæмæ æхсайы дæхимæ амæй уæлдай?

– Нæ зонын, кæд уыцы æмбырды дудагæй исты фæци ме 'рдæм?

– Кæцы æмбырдæй зæгъыс?

– Уым нæм горæтæй бацыд иу бæрзондыл бадæг, йæ теглахуд цъæмæлдоны йас уыди раст. Хъæусоветы агъуысты тыргъы хæлиу лæууыд æмæ афтæмæй ныхас кодта, æдде уынджы чи æрæмбырд и, уыцы адæмимæ. Йе 'нгуылдзтæй цы сигаретыл хæцыд, уый хæццæ кодта йе 'нгуылдзтимæ – уый дæр урс æмæ лыстæг, уыдон дæр урсытæ æмæ лыстæджытæ, йе 'нгуылдзтæ. «Советон цард – уый мæнæ сывæллæттæ уæзæджысæр рыгыл куыд бадой æмæ уым къæцæлтæй хæдзæрттæ аразынæй куыд хъазой, уый хуызæн у. Хъазын у, æцæг цард нæу. Сывæллæтты хъазын у. Цæмæн хъуамæ уа адæмæн иухуызон худтæ æмæ иухуызон басмахъхъытæ? Цæмæн хъуамæ уой сæ хъæццултæ иу барæнæй барст? Цæмæн хъуамæ уой иухуызон æлвыд сæ сæртæ?! Кæнæ колхозтæ! Ныггуыбыр кæн æмæ кус, кæмæн кусыс, уый ма зон, цæмæн кусыс, уый дæр ма зон. Кус æмæ кус, æмæ дæ гуыбын – хус», – бахудæгау кодта лæг. Æз æм мæхи нал баурæдтон: «Колхозы кой ма кæн! Колхоз дæ дзыхы радавинаг нæу». «Ныр колхозты бæсты уыдзæни фермертæ, уартæ Европæйы бæстæты куыд у, афтæ. Зæхх уыдзæни уыдоны бар, цы тыллæг ыл æрзайын кæной, уый дæр уыдзæни сæхи, цы фос ыл схæссой, уый дæр – сæхи, – мæ ныхасмæ мын йæ хъус не 'рдардта лæг, йæ ныхасы кой кодта. – Акæсут-ма, цас бартæ æмæ гæнæнтæ дætты хицауад фермертæн!» «Тынг бирæ! – мæ маст мæ хъуыры фæцæйбадт. – Уыйбæрц бартæ сын дætты, æмæ нын нæ хуымтæ хæмпæлы бын фæкодтой, нæ уыгæрдæнтæ – пыхсы бын!» Æмæ мæм дзуры уыцы бæрзондыл бадæг, цыма кæйдæр фæзмы, дзæбæх кæуыл не 'ввæрсы, ахæм кæйдæр, уый хуызæн: «Гакъайы топпыхос нæй нæ хицауадмæ, нæ, – схæцын æй кæн, æмæ гуыпп йæхæдæг кæндзæн? Æмæ не 'ххæссы йæ хъуыддæгтыл. Уыйæппæт хъуыддæгтыл æнцон æххæссæн нæу». «Нæ, топпыхос æм уыдзæн, Гакъайы топпыхос уа, æндæр искæй топпыхос уа – уыдзæн æм. Хъуамæ йæм уа, фæлæ йын кæд баумæл и?» «Куыд ын бауымæл ис ома?» – иттæг зæрдиагæй мæ бафарста лæг. Æмæ фæтыхс-

тæн; куыд ын зæгъон, йæ топпыхос кæй бауымæл уыдаид, уый? Раст уыцы сахатыл мæ фарсмæ æрбалæууыд нæ сыхæгты лæппу Уранбег. Далæ Бакойы ахуыр кодта милицæйы скъолайы, афицерæй дзы æрцыди, фæлæ йæ куыстмæ нæ айстой – æхца дзы агуырдтой, æмæ йæм нæ уыд æхца. Ныр бон-изæрмæ ралæуу-балæуу кодта уынгты иннæ æгуыст лæппутимæ. Æрбалæууыд мæ фарсмæ Уранбег, æмæ йын цыма мæхæдæг загътон, ныр дарддæр ды дзур, афтæ дæр зæгъ æмæ афтæ дæр зæгъ, уыйау ныхас айста йæхимæ. «Хъуыддаг афтæ у, æмæ хицау йæ хæлаф куы бауымæл кæна, уæд йæ топпыхос чи у, уымæн дæр æнæ бауымæл Хуыцау хос нæ загъта». «Хæлаф, зæгъыс, хæлаф?» – хæлафы коймæ цæуылдæр батыхсти лæг. «Хæлаф, зæгъын, уæдæ цы зæгъын», – йæ ныхасыл фидар лæууыд Уранбег. «Æмæ кæй хæлафæй зæгъыс?» – «Топпыхос кæмæ и, уый хæлафæй». – «Æмæ куыд бауымæл и йæ хæлаф, топпыхос кæмæ ис, уымæн?» – «Куыд, куы, лæджы иу æнæраны ран куы ‘рсура иу цыдæр, æмæ, дымгæмæ куыд лæууын хъæуы, уый куынæ зона уыцы лæг, уæд». – «Æмæ куыд нæ хъуамæ зона дымгæмæ лæууын?» – «Куыд нæ, куы, Хуыцау дын хорзы бацæуа, дымгæмæ йæ чъылдым куынæ аздаха, фæлæ йæм йæ бикъ куы ныккомкоммæ кæна, уæд уыцы дымгæ чи у, уый хыртт-мыртт нæ зоны, фæлæбуры уыцы цыхцырæггондмæ, фæйнæрдæм æй фездæхтытæ кæны, афтæмæй, йæ бон у, æмæ уымæл нæ, фæлæ хуылыдз дæр бауа хæлаф. Ноджы йæ тæккæ разынæны». Лæг хъуыдытыл фæци. Йæ сигарет ссыгъта, сулæфыди дзы. «Фæлæуу, æмæ хæлаф топпыхосмæ цы бар дары?» – «Нæ, афтæ ма зæгъ, хорз лæг. Хæлаф æмæ топпыхос кæрæдзийыл баст сты, афтæ баст сты, æмæ зæгъдзынæ, ай циу?!» Лæг цъысимы бахауæджы лæуд кодта. Æрæджиау загъта: «Омæ æз Гакъайы топпыхосы кой æнæуи скодтон. Æндæр хицауадмæ цæй топпыхос и?» – «Нæ, топпыхос и хицауадмæ. Ма йæм уа, уый гæнæн нæй. Хъæугæ йæ кæны топпыхос. Топпыхос æм куынæ уа, уæд пыс-пыс кæндзæн, æндæр дзы мацы æнхъæл у. Æмæ кæй бахъуыди пыспысгæнæг хицауад?! Хицауад хъуамæ гуыппытæ дæр кæна. Гуыппытæ кæнынæй удджындæр кæны паддзахад. Гуыппытæн та топпыхос хъæуы, уымæл топпыхос нæ, хус топпыхос. Æмæ, цæмæй дæ топпыхос хус уа, уый тыххæй хъуамæ дæ хæлаф дæр хизай уымæл кæнынæй. Уый тыххæй та, дымгæ бон чердæм æрлæууын хъæуы, уый хъуамæ зонай!»

Æмæ нæ бамбæрста Æзнауыр, куыд сыстади, уый. Йæ цæстыты

раз лæууыди уыцы цъæх обау, йæ рæбын обауæн бады урс лæг, зæды хуызæн урс лæг, йæ къухы даргъ, тынг даргъ урс-урсид лæдзæг. Йæ разы лæгæн та йæ зонгуытыл лæууы æрыгон лæппу, студент лæппу æмæ хъусы, лæг цы дзуры, уымæ æмæ кæсы, лæг куыд дзуры, уымæ.

– Æмæ уый Гисо куы у, уартæ комгæройнаг Гисо куы у уый! – загъта йæхицæн Æзнауыр. Фæлæ, кæд йæхицæн загъта, уæд лæгтæ сæ ныхас цæмæн ныууагътой æмæ сæ цæсгæмттæ уымæ цæмæн аздæхтой?!

Æмæ, куыд æрбадти, уый дæр нæ базыдта Æзнауыр. Бадти æмæ касти Гисомæ. Уыцы дзæбæх Гисо! Гæды ныхасмæ хъусын чи нал фæрæзта æмæ хæхтæм хъомгæс чи фæцыд, стæй колхозы сæрдар йæ куыстæй кæй systа. Йæ гæды ныхас ын йæ цæстмæ кæй бадардта, уый тыххæй.

– Æрцардта мæ Уранбег, цыдæр ныфс мæ бацыд йæ ныхæстæй, дзурын дæр мæм æрцыд æмæ быцæу кæнын дæр, – æрбайхъуысти та Æзнауырмæ. – Æмæ сдзырдтон уым цыдæртæ: «Йæ цæстытæ ма рухс æмæ талынг кæмæн хицæн кæнынц кæрæдзийæ, уыдон æй нæ уынынц, цæмæ æрхаудтам, уый?! Æмæ ма цы боны хорзмæ кæсæм? Иу нæ цæмæннæ ныххойы йæ риуы гуыдыр, афтæ йæ цæмæннæ ныххойы, æмæ йæ гуыпп-гуыпп не уæнгты куыд ахиза, æмæ йæ фæдыл куыд агуылф кæнæм æд фæрæттæ æмæ æд сагæйттæ?! Æви афтæ сфæлахс и нæ дуне лæгау лæгтæй?!» Æмæ мæм радзырдта лæг, кæм лæууыд, уырдыгæй, йæ къухæй дæр мæм ацамыдта: «Ды кæцытæй дæ, дæлæ лæг?» Æмæ йæм бадзырдта Уранбег: «Уый сырхытæй у. Æз дæр сырхытæй дæн. Мах иууылдæр сырхытæй стæм, – худы Уранбег. – Сырхытæн сæ тæккæ сырхдæртæй, фæлæ ды кæцытæй дæ, бафæрсын аипп ма уæд?» Лæг фыццаг йæ худы парахат фæдджимæ сæвнæлдта, стæй бахудт. Ахæм худт бакодта, æмæ бæрæг уыд, уыцы бахудты фæстæ æцæг исты зæгъа, уый гæнæн нæй. Æмæ загъта: «Æз дæр – сырхытæй».

Стæй, цыма фесты сæ ныхæстæ, æмæ сын, цы ма зæгъой, ахæмæй ницыуал баззад, уый лæуд ныккодта сæ ныхас. Уæддæр ма хъуыста æмæ хъуыста Æзнауыр – нæ йæ фæндыд, сæ ныхас банцайа, уый. Йæ зæрдæмæ цыдысты уыцы æмбырды хабæрттæ, æмæ ма дзы истытæ куы радзырдтаид. Уыцы, милицæйы скъолайы чи бакаст, фæлæ куыстмæ кæй нæ айстой, æхца сын кæй нæ радта, уый тыххæй, уыцы дзæбæх лæппуйы тыххæй. Уыцы хицауады лæг дæр-иу ауад йæ цæстыл, йæ цъæмæлдоныйас теглахуд йæ сæрыл, афтæмæй. Æмæ йæм иу фæнд фæзынди

Æзнауырмæ. Ныр бацу Гисомæ æмæ йын дæхи бацамон. Йæхи дæр ын афæрстытæ кæн. Бæргæ хорз уаид, фæлæ йæм зæрдæ нæ цыд уыдæттæ кæнынмæ, дзурын дæр æм нæ цыд, рафæрс-бафæрс кæнын дæр æм нæ цыд. Æмæ æндæр бонмæ аргъæвта хъуыддаг: ам нæ уыдзысты! Уый йын ныфсытæ æвæрдта Тинатин, тыхсынц ыл. Уым ыл тыхсдзысты, хъæуы, фæлæ уыцы тыхст афтæ гыццыл у ацы стыр дунейы, æмæ дзы зынгæ дæр нæ фæкæндзæн. Уым исчи искæуыл батыхса! Æнæуи йæ зæрдæйыл цыдæр рухсы тæпп абадти, уыцы дзæбæх лæг Гисо кæй разынди, уымæй.

– Æмæ-иу цы дзæбæх хæйрæджытæ уыди уым, хæхбæсты, – æнæнхъæлæджы байхъуыст Æзнауырмæ, æмæ базмæлыд Æзнауыр: кæд раздæр райдыдта дзурын Гисо, æмæ йын исты аирвæзт йæ ныхæстæй æнæ фехъусгæ! – Арт-иу скодтой искуы фæндаджы былыл æмæ-иу йæ сæрты гæппытæ кодтой. Æз сæ никуы федтон, фæлæ сæм цыма кæсынæй нæ бафсæдин, афтæ мæм зыны. Уымæй хуыздæр цæмæ хъуамæ бакæса лæг! Иу хæдзармæ та, дам, цæугæ кодта хæйрæг. Афтæтæ-иу дзырдтой хъæуы, Андотæм, дам, хæйрæг цæуы. Æхсæв, дам, куы схуыссынц сæ бынæтты, уæд, дам сæм бацæуы, сæ сасир, дам сын райсы, уартæ рæбынæй арынджы сæр зæгæлыл ауыгъд кæм вæййы, уырдыгæй æмæ, дам æй ратулы дуарбахизæнмæ æмæ, дам æй уым ныууадзы. Стæй, дам æй райсом, бинонтæй чи раздæр сысты, уый сисы æмæ, дам æй æнæ хъыпп-æнæ сыппæй йæ бынаты æрцауындзы. Мæнæ цыма афтæ хъуамæ уыдаид – хъуамæ сын хæйрæг сæ сасир ратылдтаид, æмæ йæ сæхицæй исчи æрцауыгътаид йæ бынаты.

– Æмæ сын цымæ алы ‘хсæв тылдта сæ сасир уыцы хæйрæг Андотæн? – бафарста къæсхуыр лæг.

– Бынтон алы ‘хсæв нæ уыдаид, чи зоны, алы ‘хсæв кæм æвдæлдаид хæйрæджы дæр! Иу хатт та, дам сын сæ сугтæ схъил кодта.

– Цæй сугтæ?

– Суг ласынмæ уыди Андо. Æрласта дзоныгъыдзаг уыцы фæстаг сугтæ. Галты ма суагъта, фæлæ, сугтæ бахъил кæна къулыл, уымæ йæ ныфс нал бахаста фæллад лæг. Райсом рауади, æмæ сугтæ – уыцы дзæбæх хъил, раст сæ йæхæдæг кæм хъавыд бахъил кæнын, уыцы тæккæ ран, – дзырдта Гисо æмæ йæм къæсхуыр лæг хъуыста. – Ахæм хæйрæджытæй куыд хъуамæ сфæлмæца лæг! Уый æмæ дын ныры хæйрæджытæ! Уæ, мыггагскъуыд уæ фæкæной нæ бæсты рухс дзуæрттæ! – уым фæлæууыд Гисо йæ ныхасæй, къæсхуыр лæгмæ бакасти, цыма йæм

бавналынмæ дæр хъавыд, афтæ зынд. – Æниу дын раст куы зæгъон, уæд æз æууæндгæ дæр нæ кодтон, мæнæ дын цы хабæрттæ кæнын, уыдоныл. Фæлæ мын мæ фыд иу хабар ракодта, æмæ мæхимæ ныхъхъуыстон.

– Дæ фыд, дæхи фыд? – базмæлыдысты къæсхуыр лæджы цæстытæ.

– Мæхи фыд, уæдæ кæй фыд!

– Æмæ дын уагæры цы хабар ракодта?

– Цъеритæ амадтой, æмæ сыл бонрæфты хур куы ныккасти, уæд, цы цъери самадтой, уый аууон æрбадтысты. Амаинæгтæ ма сын уыди, æмæ уал, дам, йæ тæвд фæсæтта бонæн. Афтæмæй дын арв куы ныццæхæртæ калид. Уыдон фестадысты, сæ цæнгтæ хъилæй аззадысты, ома уыдон та цы хуызæн æрттывдтытæ сты! Уалынмæ бæстæ гыбар-гыбур фестад. Стæй арв ныддæнг ласта, æмæ цъери, цы уыди, уымæй арт фестади. Мæ фыд æмæ йе 'мбæлттæ сагъдæй баззадысты. Цъерийæн иу фæстæмæ фæкастмæ йæ кой дæр нал аззади. Æрмæст ма йæ хъил лæууыди, куыд æй ныссагътой, афтæ хъилæй. Стæй фадынмæ ма фæуа! Уæлæ йæ цъуттагæнæн уыгарды сæрæй рафасти æмæ, далæ йæ сæрвасæн кæм и, уырдæм ныффасти суанг. Уым фæдыууæ ис йæ астæуыл, æмæ фæйнæрдæм ахъил сты йæ дыууæ æрдæджы. Сæ мидæггаг фæрстæ сау дардтой æмæ сæ алайы тæф калд.

– Цæмæн, цымæ?

– Нæмыг дзы ахызти, нæмыг, арвы нæмыг. Æмæ дзы мæнæ цыма тæвд судзæн азылдæуыд, афтæ баззад йæ фæд.

– Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ! – йæ цæнгтæ фæйнæрдæм фæхаста къæсхуыр лæг. – Æмæ æз афтæ куы хъуыстон, æмæ арв йæ уылæнæй цæвы.

– Йæ уылæнæй дæр цæвдзæн, цæмæннæ цæвдзæн йæ уылæнæй дæр. Фæлæ йæ бындары хотых йæ нæмыг у арвæн. Æмæ адоны дæр уымæ хъæуы, бауадз сæ! Уым хæйрæджыты æнтуан ма уыдаид, уый мæ куыд хъуамæ бауырна, цæмæн мæ хъуамæ бауырна?! Уыдон бавдæлдысты æмæ хицауады хуызы бацыдысты æмæ нын нæ артыл дон ауагътой.

Къæсхуыр лæг йæ цæсгом дыууæрдæм арадав-бадав кодта.

– Омæ хицауады хуызы дæр бацæуæд, фæлæ сæ куыд уадзгæ бакодтайиккой сæ хуызы бацæуын хицауад, куыд фидаугæ скодтаиккой сæ бынæтты уыцы фæстæмæкъахджынтæ?!

– Хицауад сæхæдæг дæр фæстæмæкъахджынтæ сты. Уыдон æй æмбæхсгæ кæнынц. Уыдонмæ бирæ æмбæхсинæгтæ ис – стæй сæм

æмбæхсæнтæ дæр бирæ ис, æмбæхсинæгтæ сæм цас и, уымæй ноджы фылдæр.

Стæй фæсабыр сты. Гисо ницыуал дзырдта, æмæ къæсхуыр лæг ницæмæйуал фарста. Æмæ уæд, цыма йыл æгæр куы ныббада уыцы сабыр, уымæй тарст, уый змæлд бакодта Гисо.

– Уыдон цы фыдгæнды бацыдысты, ахæм зæххыл нæма æрцыд, æмæ сын зæххон тæрхондоны бон нæ бауыдзæн аккаг тæрхон рахæссын. Уымæн æрвон тæрхондон хъæуы. Æмæ, дæлæ кæной, уæлæ кæной, æрцæудзæн уыцы бон, æнæ æрцæугæ йын нæй, æхсæвы фæстæ бонæн куыд нæй æнæ æрцæугæ, афтæ. Æмæ дын уæд, цин дын фенон, уый сæ кæрæдзийы сæрты куыд схауын кæна хæйрæгæй дæр æмæ æндæрæй дæр.

Къæсхуыр лæг кæсгæйæ баззад Гисомæ.

– Уымæн йæ зын – йæ цæст ыл схæца, стæй йыл раскъæрдзæн йæ хъарасайнаг, æмæ дæ фыдгул – афтæ! Уый ивгъуыййын нæ зоны, топпы нæмыг куыд зоны ивгъуыййын, афтæ. Уæдæ дзы, топпы кæсæны куыд акæсынц, афтæ кæсын дæр нæ хъæуы, сæ иугай цæстытæ дæр ма куы æрцъынд кæнынц. Æмæ уыйас уæлбикъондæр у, уæдæ!

Къæсхуыр лæг касти Гисомæ æмæ йæ цæсты уæлтъыфæлттæ табугæнæджы æруадз-æруадз кодта йæ цæстытыл. Арвы коймæ йæхиуыл фæхæцыд, фæхъырындз и. Стæй афтæ къæсхуыр дæр нал зынди Æзнауырмæ. Йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдз æрвмæ ныццарæзта уыцы растæй æмæ бафарста, йæ хъæлæсы цыдæр ныфс æмæ цин буарæмбуар ацыдысты, афтæмæй:

– Арвы нæмыг, зæгъыс, арвы, уалæ?

– Арвы нæмыг зæгъын, арвы, уалæ! – загъта Гисо дæр æмæ уый дæр йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдз арвмæ сарæзта.

Афтæ лæууыдысты, куыд слæууыдысты, уый Æзнауыр не ’рхъуыды кодта, сæ амонæн æнгуылдзтæ арвмæ дардтой æмæ кæрæдзийы цæстытæм кастысты. Æмæ афтæ зынд, цыма цыдæр сусæгвæнд кæнынц, гæнæн цæмæн нæй, фæлæ гæнæн дæр цæмæн ис, ахæм сусæгвæнд. Æзнауыр сæм касти æмæ, куыд сыстади æмæ раст куыд слæууыди, уый не ‘рхъуыды кодта. Касти сæм æмæ, йæ сæрыхъуын арц куыд бадти, уый æмбæрста.

*Ноябрь, 2023 аз*

ТАБОЛТЫ Артур

# ШПИОН*

*Роман*

## XII

Блейнхем Паласмæ Бременæй цы шифргонд хъусынгæнинаг фæхæццæ, уым фыст уыд, зæгъгæ, британайнаг афицер, МИ-6 резидентæн, бастдзинад æрцыд американ ... 

Транспортон къорды инспекторы информаци ницы уадиссаг уыдаид МИ-6-æн, фæлæ Лондон фехъусын кодта Бременмæ, зæгъгæ, дæлбулкъон Тасойы-фырты фæндмæ хъус æрдарын хъæуы, информаци æнæхъæугæ никуы вæййы. Æртæ мæйы дæргъы Тасойы-фырт нудадзыг хъусын кодта, немыцаг заводтæй цас кусæнгæрзтæ райхæлдтой æмæ сæ цавæр советон наутыл æвæрынц Бремены наулæууæны, уыдæттæ. Фæлæ 22 апрелы æнæнхъæлæджы æрдомдта, цы британайнаг афицеримæ йын уыдис бастдзинад, уыимæ фембæлд. Фембæлд нысангонд æрцыд 23 апрелы, изæрæй, Бремены наулæууæны американ директор Клемы хæдзары. Тасойы-фырт æмæ Клем куысты фæдыл зонгæ уыдысты, арæх æмбæлдысты, уыдис сын хорз ахастдзинæдтæ. Цæмæй сæ фембæлдмæ æгæр хъусдард ма 'рцыдаид, уый тыххæй ма йын йемæ фæхуыдта, Тасойы-фырт иу ран кæнимæ цард, уыцы лейтенант Беляковы дæр. Беляков куыста Бремены Советон Æфсæддон Администрацийы репарациты Управленийы. Клеммæ ацæуынмæ ма цалдæр минуты баззад, афтæ лейтенант Беляковмæ телефонæй фæсидтысты наулæууæнмæ, цæмæй сбæлвырд кæна фыдбылызы аххосæгтæ: репарацион кусæнгæрзтæй советон нау «Сучан»-ыл

* Дарддæр. Райдайæн 2024 азы 9, 11-æм номыры

кæй æвæрдтой, уыдонæн сæ иу хай фæдæлдон. Телефонæй æрбадзурыны хъуыддаг æрхъуыды кодта МИ-6 резидент, цæмæй Тасойы-фыртимæ æнæ 'вдисæнæй фембæла. Дæлбулкъон Тасойы-фырт Клеммæ куы 'рбацыд, уæд ын уый загъта, æхсæвæр аргъæвын кæй бахъæудзæн, уымæн æмæ йæ æвæстиатæй цавæрдæр ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл йæ усимæ кæдæмдæр цæуын бахъуыд. Тасойы-фырт æмæ резидент æд æххуысгæнæг баззадысты Клемы хæдзары. Тасойы-фырт сын бамбарын кодта, зæгъгæ йæ æвæстиатæй хъуамæ Лондонмæ аласой, уымæн æмæ йын йæ зонгæ, СМЕРШ-ы кусæг, фехъусын кодта, йе 'рцахсыны æмæ Мæскуымæ арвитыны тыххæй уынаффæ хаст кæй æрцыд. Цы нæ фæкодта резидент Тасойы-фырты басабыр кæнынæн, цæмæй ма тагъд кæна ацæуынил, фæлæ дзæгъæлы. Æндæр гæнæн нал уыд, æмæ йæ машинæйы сбадын кодтой, афтæмæй йæ аластой британаг оккупацион зонæмæ. Уым æй иунæгæй камерæйы бакодтой, хъахъхъæнæг ын сæвæрдтой, резидент йæхæдæг та уыцы изæр Лондонимæ ныхас кодта æмæ сын уавæр æрфыста.

Блейнхем Паласы йын йæ хъусынгæнинагæй æнæразыйæ баззадысты, уымæн æмæ дæлбулкъон Тасойы-фырты лыгъд уыдоны ныртæккæ ницæмæн хъуыд. Уырыссæгтæ дæлбулкъон Тасойы-фырты алыгъды тыххæй сæхи ныхъхъус кодтой, фæлæ ма Бременæй ноджы иу дæлбулкъон куы фæцыдæр уа, уæд сын æнæ исты зæгъгæ нал уыдзæн. Лейтенант Беляков зыдта, Тасойы-фырт Клеммæ кæй ацыд æмæ уый хæдзарæй кæй фесæфт. Айхъуысын кæндзысты, зæгъгæ, Тасойы-фырты адавтой Ныгуылæйнаг сæрмагонд сужбæтæ æмæ æрдомдзысты, цæмæй йæ суæгъд кæной. Кæнæ та сæхæдæг дæр дзуаппы хуызы 'рцахсдзысты америкаг кæнæ британаг афицеры æмæ йæ шпионажы фæаххосджын кæндзысты. Хабар схъаугъайаг уыдзæн, уый та МИ-5-ы æппындæр ницæмæн хъæуы. Хорз уаид, дæлбулкъон Тасойы-фырт Ныгуылæнмæ ацæуыны фæндыл хуыздæр рæстæджытæм йæ къух куы сисид, уый. Йæ фæцыдæр уæвынæй нырма хæрз гыццыл рæстæг рацыд, æрмæст иу бон, бамбарын кæнæн ын уыдзæн æнцонæй – æгæр ануæзтон, мæ хæлæрттимæ афæстиат дæн кæнæ та сылгоймагимæ. Рог æфхæрд æй бакæндзысты, æмæ фæцис.

Æвæстиатæй исты аразын хъуыд, æмæ Энтони Браун фæдзырдта майор Хопкинсмæ, бардзырд ын радта, цæмæй Токайы-фыртимæ Берлинмæ атæхой.

– Токаевимæ цæмæн? – нæ бамбæрста Хопкинс.

– Уымæн æмæ Тасоев дæр ирон у. Кæрæдзи хуыздæр бамбардзысты.

Сæ тахты нысаны тыххæй майор Хопкинс, лыстæг хабæрттæ аиуварс кæнгæйæ, радзырдта йе 'мбæлццонæн.

– Мæнæй кæнгæ дзы цы у? – бафарста Токайы-фырт.

– Де 'мбæстагимæ аныхас кæн. Бафæлвар, цæмæй йæ фæнд аива, ма тагъд кæна йæ алыгъдыл.

– Куы ницы дзы рауайа, уæд та?

– Уæд æвзæр. Дарддæр хъуыды кæндзыстæм, куыд кæнгæ нын у, ууыл.

«Оксфорд» æрбадт британаг Уæлдæфон æфсæддон Тыхты базæйы Берлинмæ хæстæг. МИ-6-ы резидент сæм æнхъæлмæ каст машинæйыл. Сахат æмæ æрдæджы фæстæ бахæццæ сты лагерьмæ. Цалынмæ хъахъхъæнæг, йæ дæгъæлтæй дзыгъал-мыгъулгæнгæ, камерæ гом кодта, уæдмæ майор Хопкинс дæлбулкъон Токайы-фырты фæурæдта:

– Бацархай, Григори. Уæ ныхасæй аразгæ у мæ карьерæ. Мæнмæ гæсгæ дæ мæ карьерæ фехалын нæ фæнды?

– Нæ фæнды, Джордж. Мæ бон цы уа, уый бакæндзынæн. Камерæйы микрофонтæ ис?

– Нæй.

– Уæдæ уæд мæ бон уыдзæн сæрибарæй дзурын.

## XIII

Гвардийы дæлбулкъон Тасойы-фырт разындис ныллæггомау фидæрттæаразт, иу-дыууиссæдз азы кæуыл цыд, ахæм адæймаг æнæнцойдзинады нысæнттимæ цæсгом æмæ тæнæг урс сæрыхъуынтимæ. Бæрæг нæ уыд, кæй фенын æнхъæл уыд гуыдырты зыланг айхъусгæйæ, фæлæ, советон афицеры дæлбулкъоны мундиры куы ауыдта, уæд тарстхуызæй фæгæпп кодта нарæг æфсæйнаг сынтæгæй æмæ камерæйы къуыммæ йæхи нылхъывта.

– Цæй, дæ бон хорз, æмбæстаг! – сдзырдта йæм Токайы-фырт.

Тасойы-фырт æм æнæмбарæджы каст бакодта.

– Нæ дæ 'мбарын.

– Не 'мбарыс? Мæнæн афтæ куы загътой, ирон дæ.

– Æз гуырдзиаг ирон дæн, Хуссар Ирыстоны райгуырдтæн, бынтон сабийæ мæ аластой Тифлисмæ. Гуырдзиагау дзурын, иронау не 'мбарын.

– Уæдæ уæд ныхас кæндзыстæм уырыссагау. Цæмæй фæтарстæ?

– Куыд нæ фæтарстаин? Дæу ацы камерæйы фенгæйæ куыд нæ фæтæрсдзынæ? Афтæ мæм фæкаст, англисæгтæ мæ нæхиуæттæм радтой. Æмæ ды чи дæ?

– Дæу чи суæвын фæнды, уый. Иннæ фарсмæ алидзæг.

– Адонмæ алыгътæ? – бадис кодта Тасойы-фырт. – Æмæ нæ фæтарстæ? Стыр аргъ кæныны аккаг дæ. Раджы алыгътæ?

– Фарон ноябры.

– Цæмæн?

– Ды цæмæн лидзыс?

– Нал мæ фæнды, мæ бон нал у алы партион гыццыл къуыбары цур дæр мæ астæу тасын кæнын. Бафæлладтæн. Æз хæстон афицер дæн, мæнмæ та сыстмæ кæсæгау кæсынц. Цыппор фыццæгæм азæй уыдтæн хæсты, Берлинмæ къахæй ныххæццæ дæн. Нæ дæ уырны? Мæнæ йæ бакæс, дæхи цæстæй йæ фен.

Тасоев систа хуызивд гæххæтты сыф æмæ йæ Токайы-фыртмæ бадаргъ кодта. Ногæй та йæм сдзырдта:

– Кæс, кæс!

Григори бакаст:

«ХОРЗÆХГÆНÆН СЫФ.

<u>Мыггаг, ном, фыды ном</u> – Тасоев Ясон Давиды фырт.

<u>Цин</u> – Гвардийы Майор.

<u>Бынат, хай</u> – Чернигов-Речицкы Сырхтырысаджын, Суворовы ордены Гвардийы 2-æм дивизийы Авиацион Ныббырстыты оперативон-сгарæн хайы Штабы Сæргълæууæджы Хистæр æххуысгæнæг.

<u>Райгуырды аз</u> – 1909.

<u>Наци</u> – ирон.

<u>Партион</u> – 1930 азæй ÆЦКП (б) уæнг.

Архайдта мидхæсты, Советон Цæдис бахъахъхъæныныл фæстæдæры тохты æмæ Фыдыбæстæйы хæсты – Фыдыбæстæйы хæсты хæцыд 1941-æм азы июнæй.

<u>Цæфтæ, контузитæ</u> – нæй.

Сырх Æфсады ис – 1927-æм азæй.

Цавæр РВК йæм фæсидт – Тифлисы горвоенкомат.

Цавæр хæрзиуджытæй æрцыд хорзæхджынгонд – Сырх Стъалыйы орденæй. 26.01.42 аз.

ХÆСТОН СГУЫХТЫ КÆНÆ ЛÆГГАДЫ ЦЫБЫР ÆРФЫСТ:

Штабы афицер, ахуырдзинадæй ифтонг. Хæстон æмæ оперативон документаци зоны, раст фыссы. Хицæн хæйттæй цы æрмæг райсы, уымæн анализ скæны, æрцæуы раст хатдзæгтæм.

Куыд сгарæг хайады хицау архайдта Привислянскы æмæ Берлины операциты æмæ йæхи равдыста оперативон-тактикон æгъдауæй хорз цæттæгонд æмæ ахуырæй ифтонг афицерæй.

16-æм Уæлдæфон æфсады къамис ацы аз, январы, дивизийы штабы куыст бæрæггæнгæйæ, дивизийы сгарæн службæйæн скодта æвæрццæг аргъ.

Уæлдай фылдæр æмæ ахадгæдæр куыст æмб. Тасойы-фырт бакодта Берлины операцийы рæстæг. Операцимæ цæттæгæнгæйæ, сгарæн хайад полчъытæм радта ныхмæлæуунæг къордты тыххæй æххæст æмæ бæлвырд бæрæггæнæнтæ. Уыдон хорз æххуыс фесты æрмæст хæстон уавæр базонынæн нæ, фæлæ ма зынгæ фæкъаддæр кодтой, знаджы куынæггæнæн авиаци æмæ зенитон артиллери цы фыдбылызтæ æрхастаиккой, уыдон.

ÆВДЫСТ ЦÆУЫ ФЫДЫБÆСТÆЙЫ ХÆСТЫ 2-АГ КЪÆПХÆНЫ ОРДЕНÆЙ ХОРЗÆХДЖЫН КÆНЫНМÆ

*Дивизийы командыгæнæджы хæдивæг, гвардийы булкъон Боговицкий».*

– Радтой дын? – афарста Григори, хæрзиуæджы гæххæтт фæстæмæ дæтгæйæ.

– Радтой! Баййæфтой мæ æмæ ма йæм бафтыдтой. Уыдонæй исты рантысдзæн! Æгæр ахæцыдысты, гаццатæ! Куы фæцæф уыдаин, кæнæ мæ куы амардтаиккой (уый ноджы хуыздæр), уæд æндæр хъуыддаг уыдаид… Æмæ ныр ды Англисы дæ? Кæм?

– Лондонмæ хæстæг.

– Æцæг ис Лондоны дуканиты алцы дæр?

– Нæ зонын. Лондоны нырма иу хатт дæр нæ уыдтæн.

– Уый та куыд? – ныддис кодта Тасойы-фырт. – Уæдæ кæм дæ?

– Фæсгорæт хицæн бæстыхæйтты. Хъахъхъæнгæ мæ кæнынц.

– Æрфарстытæ дæр?

– О.

– Фыдмитæ дæр?

Григори бахудти.

– Нæ пропагандæ дзæбæх бакуыста демæ! Фыдмитæ нæ кæнынц. Фæлæ мæ алы бон дæр фæрсынц.

– Æмæ афтæ иудадзыг дæр хъахъхъæнджытимæ бадыс?

– Цæмæн? Тезгъо кæнынмæ мæ рауадзынц хæдзары кæртмæ бон дыууæ сахаты. Мæнæн уый фаг у.

– Фæлæуу-ма! – фæдзагъырдзаст ис Тасойы-фырт. – Æмæ ам та куыдæй фегуырдтæ?

– Афтæ фегуырдтæн. Демæ адзурынмæ æртахтæн.

– Цæуыл дзурынмæ?

– Хъус-ма, Ясон… Ясон – дæ ном, афтæ нæу?.. Раст мæ бамбар. Мæнæн уæлдай нæу, ды цы сфæнд кæндзынæ, уый. Фæлæ мæ куратортæн контрразведкæйæ тынг ахсджиаг у, цæмæй ды ам, Германийы, баззайай æмæ дарддæр, куыд служба кодтай, афтæ кæнай. Ныртæккæ хорз рæстæг нæу дæ алыгъдæн. Махонтæ нырма мæ алыгъдæй сæхимæ нæма ‘рцыдысты, æмæ ма ныр ды дæр… Дыууæ дæлбулкъоны – уый æгæр у. Махонтæ айхъуысын кæндзысты, зæгъгæ дæ давгæ акодтой, хъуыддаг газеттæм бахаудзæн. Уый никæй хъæуы. Æппæты фыццаг та нæ хъæуы дæу. Дæ ном афтæ айхъуысыны фæстæ дын Англисы куыст ссарын зын уыдзæн.

Тасойы-фырты æнæнцой цæсгом фыр мæтæй ныззылынтæ.

– Æз æй æнæуи дæр зыдтон, исты дзы афтæ нæ уыдзæн, æнæуи дæр æй зыдтон! Фæлæ куыд хъуамæ аздæхон?! Уый трибунал у дезертирæн!

– Æнæ фæрсгæйæ иу суткæ искуыдæм куы ацæуай, уæд дæ уый тыххæй дезертир не схондзысты, – не сразы Григорий. – Тæккæ абон дæ аласдзысты Бременмæ. Æмбаргæ дæр æй ничи бакæндзæн, уым нæ уыдтæ, уый.

– Куыд æй нæ бамбардзысты?! Дæсгай цæстытæй нæм куы кæсынц, уæд. Æнæмæнгæй мæ исчи банымудздзæн. Æмæ СМЕРШ-ы гаццатæн æндæр мацы ратт!

– Хатыр ракурдзынæ. Зæгъ, адзæгъæл дæн нозты аххосæй. Рауайдзæн дын.

– Ды та æрмæст уымæн æртахтæ, цæмæй мын афтæ зæгъай?

– Иумæйагæй – о, уый тыххæй. Лондонмæ дæ аласдзысты иу-æртæ мæйы фæстæ. Æнæ иу хъæлæбайæ.

– Æмæ «нæ» куы зæгъон, уæд та?

Григори йе уæхсчытæ фелхъивæгау кодта.

– Бар дæхи.

– Ныр та мæнмæ байхъус. Дæуæн зын уыд Ныгуылæнмæ ацæуыны фæнд скæнын?

– Æнцон мын нæ уыд, – сразы Григори.

– Æхсæвыгæтты нæ фынæй кодтай? Фесхъиудтай-иу алы æрбахостæй дæр?

– Уыди-иу афтæ дæр.

– Æмæ уæдæ уæд цæмæн хъуыды кæныс, мæнæн æнцондæр уыд? Æмæ ма уыдæттæ ноджы бавзарон? Цы мæ ‘нхъæлыс? Мæ нервытæ æндонæй не сты. Адæймаджы нервытæ сты, нал бафæраздзысты. Уымæ гæсгæ зæгъын «нæ». Бременмæ нал аздæхдзынæн. Афтæ зæгъ дæ куратортæн дæр.

– Зæгъдзынæн.

– Англисæгтæ мæ нæхиуæттæм нæ ратдзысты? Фехсынмæ?

– Мæнмæ гæсгæ, нæ ратдзысты. Лæгхортæ, мыййаг, куынæ сты.

– Омæ сæ уæдæ уæд цы фæнды, уый кæнæнт. Æз алцæуыл дæр разы дæн. Фæлæ Бременмæ нал аздæхдзынæн! Афтæ сын зæгъ!

– Афтæ сын зæгъдзынæн, – зæрдæ йын бавæрдта Григори æмæ камерæйы æфсæйнаг дуар рахоста.

Къæлидоры йæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ каст Хопкинс.

– Цæй цы?

– Нæ мæ фæндыд, Джордж, дæу фæхъыг кæнын, фæлæ мæ бон нæ бацис дæ карьерæйæн истæмæй феххуыс уæвын.

– Не сразы?

– Цæхгæр «нæ» загъта.

– Цæуылнæ сразы?

– Загъта, мæ нервытæ, дам, нал бафæраздзысты, цы бавзæрста, уый ноджы бавзарын. Æз æй æмбарын. Нæ зонын, мæхæдæг уый уавæры куыд бакодтаин, уый. Чи зоны, афтæ бакодтаин.

Хопкинс лагеры хицауы кабинетæй сæрмагонд бастдзинады фæрцы фæдзырдта Лондонмæ Энтони Браунмæ æмæ йын фехъусын кодта, дæлбулкъон Тасойы-фыртимæ ныхас кæй ницæуыл ахицæн, уый.

– Æвзæр хабар, – цасдæры фæстæ загъта Браун. – Уыцы проблемæ ам алыг кæнын бахъæудзæн.

– Сэр, цы бакæнон Тасоевæн? Мæ бон æй лагеры ныууадзын нæу.

– Берлинмæ цæуыл атахтыстут?

– Æфсæддон-транспортон «Оксфорд»-ыл. Авиабазæйы нæм æнхъæлмæ кæсы.

– Уæгъд бынат дзы ис?

– О, хæдтæхæджы аст бынаты ис.

– Ракæнут æй уемæ æмæ раздæхут Лондонмæ. Ам ахъуыды кæндзыстæм, цы кæнгæ йын у, ууыл.

«Оксфорд» æртахт Лондонмæ æхсæвы дыккæгæм сахатыл. Службæхæссæг «семерка» сæм æд шофыр æнхъæлмæ каст аэродромы. Майор Хопкинс дыууæ дæлбулкъоны аласта конспиративон бæстыхаймæ æмæ Тасойы-фырты æхсæвы уым ныууагъта, йæ агъуысты раз ын æрæвæрдта хотыхджын хъахъхъæнæг. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уый уыд рæдыд хъуыддаг.

## XIV

«Бынтон сусæггаг. МИ-5-ы директоры хæдивæг Э. Браунмæ майор Д. Хопкинсæй.

Доклады афыст.

Сэр, æрвитын дын информаци, махырдæм æрбалидзæг советон дæлбулкъон Тасоевимæ цы уавæр сæвзæрд, уый тыххæй.

Дæ бардзырдмæ гæсгæ йæ Берлинæй Лондонмæ сластон æмæ йæ æхсæвы, оперативон псевдоним Эксайз кæмæн радтам, дæлбулкъон Токаевы кæм фæфæрсын, уыцы бæстыхайы хъахъхъæнæджы бар ныууагътон. Райсомæй йæ нæ оперативонтæ акодтой сусæг фатермæ Лондоны æмæ райдыдтой, мах æппынæдзух цы æрфæрстытæ фæкæнæм советон æрбалидзджытæн, ахæмтæ. Дыууæ къуырийы дæргъы Тасоев йæхи сабыр дардта, бæстон дзуаппытæ лæвæрдта æппæт фæрстытæн дæр. Дыккаг къуырийы кæронмæ цæуылдæр тыхсын райдыдта, стæй æнæнхъæлæджы фехъусын кодта, йæ фæнд кæй аивта, йæ ралыгъд рæдыд хъуыддаг кæй уыд æмæ кæй фæсмон кæны; домы, цæмæй йæ советон минæварадмæ фæхæццæ кæнæм, æмæ йæ уырдыгæй арвитой Советон Цæдисмæ. Уым, æнæрхъуыдыйæ цы гадзрахат сарæзта, уый тыххæй аккаг æфхæрд райсынил разы у.

Советон Цæдисы паддзахадон гадзрахаты тыххæй бирæ азты ахæстоны кæй фæбаддзæн, кæнæ та йын марыны тæрхон кæй рахæсдзысты, уый йын йæ зæрдыл æрлæууын кæнгæйæ дæр, иудадзыг фæлхат кодта, зæгъгæ йæ фæнд нал аивдзæн.

Зындгонд дын куыд у, афтæмæй, дæлбулкъон Тасоевы ралыгъдæй

нырмæ советты фарсæй иу æмæ дыууæ хатты нæ хъусын кодтой, зæгъгæ, Тасоевы америкаг разведкæ адавта; домынц, цæмæй йæ æвæстиатæй фæстæмæ раттой, æмæ уыцы провокацийы аххосджынтæ æфхæрд баййафой. Ома уый америкæгты акци у, зæгъгæ, уырыссæгтæ хъусын кæнынц, уымæн æмæ зонынц, дæлбулкъон Тасоев Бремены наулæууæны директоры, америкаг Клемы, хæдзарæй кæй фесæфт. Мах бахъуыд ныммыхуыр кæнын информацион хъусынгæнинаг, советон æфсæддон службæхæссæг бархийæ кæй сфæнд кодта Ныгуылæнмæ ралидзын, стæй Советон Цæдисы æмцæдисонтæ советон афицерты кæй нæ давынц, фæлæ режимы амæттæгтæн политикон сæрфæцæвæн нæ раттын сæ бон кæй нæу.

Фæлæ уæддæр ацы истори фæхæццæ прессæмæ. Сабаты райсомы газетты информацийы бындуры ис, Советон Цæдисæй цы фехъуыстой, уый. Знон «Санди Таймс» ныммыхуыр кодта, уырыссæгтæ цы аххосджынгæнæн æрмæг дæттынц, уый ныхмæ æцæгдзинадмæ хæстæгдæр цауты тыххæй. Нæ бон зæгъын у: газеттæм раздæр цы информаци фæхæццæ, уый америкæгтæй рацыд, уымæн æмæ советты ‘рдыгæй Тасоевы адавд уыдоны аххос кодтой. Абон газеттæ мыхуыр кæнынц советон верси растыл нæ нымайæг æрмæг, æрмæг раттæджы та хонынц, йæ ном кæмæн нæ хъæр кæнынц, уыцы «британаг хистæр афицер» Гамбургæй.

Цæмæй ацы темæйыл ныхас мауал цæуа, уый тыххæй мах консультаци райстам Германийы америкаг оккупацион зонæйы администрацийы разамонæг инæлар Клейæ. Уый нын бауынаффæ кодта дæлбулкъон Тасоевæн фембæлд саразын советон командыгæнджытæ кæнæ Великобританийы Советон Цæдисы минæварадæй искæйтимæ, цæмæй махæрдæм æрбалидзæг уым зæгъа, Ныгуылæнмæ цæуыны фæнд йæхæдæг кæй скодта, давгæ йæ кæй ничи ракодта. Фæлæ, фембæлды рæстæг Тасойы-фырт уæлдай исты куы зæгъа, уырыссæгтæ кæй нæ зонынц, уыцы Эксайзы тыххæй, уымæй тæссаг у. Уæд та нын инæлар Клей бауынаффæ кодта Тасоевæн пресс-конференци саразын британаг журналисттимæ, уымæйдæр ахæм, цæмæй журналисттæн æрбалидзæгмæ фæрстытæ дæттыны фадат ма уа. Мах не сразы стæм уыцы идейæимæ, уымæн æмæ ахæм хуызы арæзт пресс-конференци ницы пайда у.

Ахæм уыд уавæр, цалынмæ дæлбулкъон Тасоев фæстæмæ Советон Цæдисмæ здæхыны фæнд не скодта, уæдмæ. 6 майы Тасоев, хъахъхъæнджытыл хинæй рацæугæйæ, уынгмæ ралыгъд æмæ равдыст «Олимпия»-йы фæзуаты уырыссагау хъæр кæнын райдыдта, Бременæй

британнаг разведкæ кæй радавта, уыцы советон дæлбулкъон дæн, зæгъгæ. Йæ алыварс æрæмбырд сты равдыстмæ æрбацæуджытæ, фæлæ, цы хъæр кæны, уый не 'мбæрстой. Пъæлицæ Тасоевы сæ дивизионмæ аласта. Ныр дæр уым ис.

Тасоев йæ фæнд цæхгæр кæй фæивта, уый махæн расайдта цалдæр вазыгджын проблемæйы. Пъæлицæйы йын дæргъвæтин рæстæг дарæн нæй. Мидхъуыддæгты министрад фæрсы, цавæр аххос хæссут, кæй æрцахстат, уымæ, зæгъгæ. Аххос куынæ уа, уæд æй, закъонмæ гæсгæ, рауадзын бахъæудзæн.

Цы проблемæтæ сæвзæрд, уыдон равзарынæн ис æртæ гæнæны.

Фыццаг. Национ æдасдзинады сæрвæлтау паддзахадон сусæгдзинæдтæ хъахъхъæныны хуызы дæлбулкъон Тасоевы пъæлицæйы ахæстонæй раивын æндæр бынатмæ æмæ йæ хъахъхъæнын, цалынмæ дæлбулкъон Тасоев, фыр тыхстæй цы фæнд скодта, ома фæстæмæ Советон Цæдисмæ аздæхын, уыцы фæнд нæ аива, уæдмæ. Уымæн нын феххуыс уыдзысты зындгонд медицинон мадзæлттæ.

Дыккаг. Фæстæмæ йæ Германимæ арвитын. Уым британнаг оккупацион зонæйы ис хъæугæ уавæртæ, стæй дзы удгоймаджы бархиадмæ не 'вналыны закъонимæ дæр цæлхдуртæ нæ уыдзæн.

Æртыккаг. Дæлбулкъон Тасоевы раттын уырыссæгтæн, уыимæ фехъусын кæнын, зæгъгæ, мах æвæндонæй никæй никæд уромæм. Гуырысхо дзы нæй, йæхи сраст кæныны тыххæй фидарæй дзурдзæн, зæгъгæ йæ Бременæй адавта британнаг разведкæ. Уый советтæн фадат сараздзæн, махæн нæ официалон фехъусынгæнинæгтæ зонгæ-зоныд дезинформаци кæй уыдысты, ууыл дзурынæн. Ацы варианты нæ репутаци къахыргонд æрцæудзæн, фæлæ æнæзæрдæзæгъгæ проблемæйæ бынтон фервæздзыстæм.

Кæронбæттæн уынаффæ рахæссын кæсы дæумæ кæнæ та МИ-5-ы директор сэр Перси Силлитоумæ.

Майор Хопкинс.

16 май, 1948 аз».

МИ-5-ы директоры хæдивæг Э. Брауны резолюци:

«Æртыккаг гæнæн. Æмæ цас тагъддæр уа, уыйас хуыздæр».

Дæлбулкъон Тасойы-фырты арвыстой Берлинмæ æмæ йæ радтой советон командыгæнынады минæвæрттæм.

Цасдæр рæстæджы фæстæ газет «Правда»-йы фæзындис уац «АНГЛО-АМЕРИКАГ СГАРДЖЫТЫ НОГ ПРОВОКАЦИ».

Берлин, 28 май (ТАСС-ы сæрмагонд корреспондентæй). Горæт Бремены (Германийы) ацы аз, 23 апрелы, æбæрæг уавæрты фæцыдæр Германийы Советон æфсæддон администрацийы репарациты транспортон къорды Управленийы инспектор, гвардийы дæлбулкъон Тасоев Я.Д.

Бæрæг куыд у, афтæмæй горæт Бремен ис америкæгты цæстдарды, уымæ гæсгæ советон командыгæнынад фехъусын кодта америкаг командыгæнынадæн, цæмæй æвæстиатæй ссарой дæлбулкъон Тасоевы, уыимæ сын бамбарын кодта, Америкæйы хицауад Тасоевы æнæниздзинад æмæ цардæн дзуапп кæй дæтдзысты, уыцы домæн. Уыцы иу рæстæг советон командыгæнынад Тасоевы фесæфты уавæртæ сбæрæг кæнынæн сарæзта сæрмагонд къамис. Фæлæ америкаг æфсæддон хицауад советон къамисæн Бременмæ хъуыддаг равзарынмæ ацæуыны бар нæ радта. Цæуылнæ, уый нæ бамбарын кодтой.

Кæд америкаг æфсæддон хицауад разы нæ уыдысты, уæддæр советон хицауадæн бантыст сбæрæг кæнын: ацы аз 23 апрелы изæрæй Тасоевы æхсæвæрмæ фæхуыдта америкаг официалон минæвар, Бремены наулæууæны хицау Клем. Тасоев ацыд Клемы фатермæ Магбург-аллейы, 22, фæлæ фæстæмæ нал æрбаздæхт. Тасоевимæ иу ран цæрæг, Бремены СВАГ-ы репарациты Управленийы æххæстбар, лейтенант Беляков дыккаг бон райсомы 7 сахатыл телефонæй бадзырдта Клемы фатермæ, цæмæй, Тасоев кæм ис, уый базона. Дзуапп ын радтой, зæгъгæ, Клем кæдæмдæр ацыд, стæй Тасоев дæр Клемы фатеры нæй. Беляков уæддæр хъæддых фæлæууыд, уыцы бон фембæлд Клемимæ æмæ дзы æрдомдта, Тасоев кæм ис, уый схъæр кæнын. Клем ын загъта, зæгъгæ сæм Тасоев Клемы æмæ Клемы бинойнаджы хуындмæ гæсгæ æрбацыд æхсæвæрмæ, стæй йæ, уыцы изæр ма кæй фæхуыдта, ахæм дыууæ æнæзонгæ адæймаджы уырдыгæй аластой.

Клем йæхæдæг йæхи æнæсæрфат дзуаппыты афтæ ныссуйтæ ис, æмæ Беляковы карз домæнтæн, Тасоев цы фæци, уый фæдыл райдыдта ног æфсæнттæ хъуыды кæнын. Клем ныр та афтæ, зæгъгæ, Тасоев æмæ иннæты сæхимæ фæхуыдта, фæлæ йæхæдæг йæ усимæ театрмæ ацыд. Фæстæмæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд базыдта, Тасоевы Клемы иннæ уазджытæ кæй аластой. Уыцы æнæсæр æфсæнттæ, кæй зæгъын æй хъæуы, лейтенант Беляковы нæ бауырнытой, æмæ карз домæнты фæстæ йæ къу-

хы бафтыд Бремены америкаг æфсæддон командыгæнынады минæвар, 1-аг ранджы капитан Джевсимæ фембæлын. Клем та Джевсæн дæр ногæй дзурын райдыдта йе 'нæхъола æфсæнттæ Тасоевы фесæфты тыххæй. Беляков дзы, Тасоевы чи аласта, йæ уыцы «уазджыты» нæмттæ зæгъын куы 'рдомдта, уæд сæ Клем не схъæр кодта. 7 майы онг америкæгтæ советон хицауадæн Тасоевы тыххæй ницы дзуапп лæвæрдтой.

7 майы Германийы америкаг æфсæддон губернаторы хæдивæг инæлар-майор Хейс йæ фыстæджы Германийы советон командыгæнынадæн америкаг афицеры хæдзарæй дæлбулкъон Тасоевы фесæфты тыххæй исты бамбарын кæныны бæсты сæ зæрдыл æрлæууын кодта, майы райдайæны англисаг мыхуыры хъусынгæнинаджы цы фыст уыд, уый: «Дæлбулкъон Тасоев бархийæ рацыд Англисмæ, уым ыл сæмбæлдысты, политикон лигъдæтты тыххæй сæм цы традицитæ ис, уыдонмæ гæсгæ».

Хæрз чысыл рæстæджы фæстæ советон хицауад базыдта, дæлбулкъон Тасоев, Великобританийы Мидхъуыддæгты министрад афтæ кæмæй загъта, «бархийæ рацыд Англисмæ», уый ахæстоны кæй ис. Уыдæттæ базонгæйæ, советон хицауад карз домæнтæ куы æрæвæрдта Германийы англисаг æфсæддон командыгæнынады раз, уæд сын æндæр гæнæн нал уыд, æмæ Тасоевы æрбаластой Берлинмæ. 20 майы йæ радтой советон хицауады къухмæ.

Ныр, куыд сбæрæг, афтæмæй дæлбулкъон Тасоевæн англисаг-америкаг хицауад англисаг æмæ америкаг разведкæйы разамындæй фыдтухитæ æвзарын кодта. Ноджы рабæрæг, 1948 азы 23 апрелы Бремены наулæууæны хицау, америкаг Клем æцæгдæр æхсæвæры 'фсон басайдта Тасоевы йæ фатермæ. Цæмæй Тасоев йемæ лейтенант Беляковы дæр ма ракæна, уыимæ-иу æдзухдæр иумæ цыдысты – уый тыххæй Беляковмæ æвæстиат хъуыддаджы тыххæй фæсидтысты наулæууæнмæ советон нау «Сучан»-ыл уæзтæ æвæрыны фæдыл. Клем хæдзары нæ разынд. Тасоевыл фембæлд хæдзары 'фсин – Клемы бинойнаг; уый уырыссагау зыдта, раздæр цардис прибалтиаг советон республикæты, фæлæ уырдыгæй Германимæ рацыд æбæрæг уавæрты æмæ уым 1946 азы смой кодта Клеммæ. Æфсин Тасоевы мидæмæ бахуыдта. Уым ма уыд ноджыдæр цалдæр нæлгоймаджы, Клемы бинойнаг сæ бацамыдта куыд йæ хæлæрттæ. Уалынмæ фæзынд Клем дæр, Тасоев кæй нæ зыдта, ахæм фондз лæгимæ. Цыбыр æхсæвæры

фæстæ уазджыты фæхуыдтой Бременыл хæдтулгæтыл атезгъо кæнынмæ. Куыддæр Тасоев машинæйы сбадт æмæ араст сты, афтæ йын, йæ фарсмæ чи бадт, уыцы дыууæ адæймаджы æнæнхъæлæджы йæ къухтæ сыздыхтой, афтæмæй йæ англисаг зонæмæ аластой æмæ йæ боныцъæхтæм уым фæдардтой. Боныцъæхтыл та уыцы субъекттæ Тасоевы хæдтæхæгмæ тыхæй бакодтой æмæ йæ Лондонмæ аластой. Хæдтæхæджы Тасоев бамбæрста, англисаг разведкæйы къухы кæй ис. Иугæндзон ын дзырдтой, зæгъгæ йын Лондоны хуыздæр уыдзæн. Хæдтæхæджы йын йе ‘мбæлццонтæй иу бамбарын кодта, ныртæккæ Мантгомерийы хæдтæхæгыл кæй тæхынц, цæмæй Тасоев хуыздæр аргъ кæна, цы стыр кады аккаг æй скодтой, уымæн.

Лондоны Тасоевы æрбаластой иу фатермæ Bishop King’s Road, 16–23. Уый уыдис англисаг разведкæйы сусæг фатер.

Фатеры хицау миссис Вигинг æмæ йæ чызг, англисаг разведкæйы кусæг Беттийæ уæлдай Тасоевы хъахъхъæдтой 2 адæймаджы, йæ цуры уыдысты æхсæвæй-бонæй; ноджы ма йæм иудадзыг цыдысты, уырыссаг æвзаг чи зыдта, англисаг разведкæйы ахæм кусджытæ æмæ архайдтой Тасоевы сразы кæнынил, цæмæй Англисы баззайа æмæ хæца Советон Хицауады ныхмæ. Æрбаластой йын Советон Цæдисы ныхмæ мыхуыргонд литературæйы æнæхъæн рæдзагъд: АИШ-ы уагъд меньшевикты «Социалистический вестник» æмæ Лондоны уагъд урсгвардион газеттæ. Англисаг разведкæ æууæндын кодта Тасоевы, советон хицауад æй уæйгæнæгыл кæй банымадта, стæй Великобританийы фæсарæйнаг хъуыддæгты министрад кæй ныммыхуыр кодта æрмæг, зæгъгæ, Тасоев бархийæ æрбалыгъд Англисмæ æмæ у политикон лигъдон. Æмбарын ын кодтой, æрмæст ын иунæг фæрæз кæй ис, цы уавæры бахауд, уырдыгæй рацæуынæн: ныффыссын курдиат, политикон мотивтæм гæсгæ кæй ралыгъд Советон Цæдисæй æмæ англисаг хицауадæй политикон сæрфæцæвæн бынат кæй куры, уый тыххæй.

Æртхъирæнтæй, тæрсынгæнæн ныхæстæй æмæ фыдмитæй англисаг хицауады минæвæрттæ архайдтой Тасоевæй райсын хъуыддаджы гæххæтт, цæмæй сæ фыдмитæ бамбæхсынæн исты фæрæз ссарой æмæ дзырддаг хъуыддагæй фервæзой. Тасоев не сразы, домдта, цæмæй йæ Лондоны советон минæварадмæ раттой.

6 майы, хъахъхъæнджытыл хинæй рацæугæйæ, Тасоев уынгмæ ралыгъд æмæ равдыст «Олимпия»-йы фæзуаты уырыссагау хъæр кæнын райдыдта, Бременæй британаг-америкаг разведкæ кæй радавта,

уыцы советон дæлбулкъон дæн, загъта; куырдта, цæмæй йæ Лондоны советон минæварадмæ бахæццæ кæной. Тасоевæн пъæлицæйаг ныфс бавæрдта балæггад кæнынæй, фæлæ йæ советон минæварады бæсты пъæлицæйы дивизионы ахæстонмæ аласта F Broon Green Road, 19.

Пъæлицæйы ахæстоны 6-æм майæ 20-æм маймæ Тасоев æрвылбон йæ дзургæ æмæ фысгæ домæнты Англисы фæсарæйнаг хъуыддæгты Министрад æмæ пъæлицæйы хицауадæй куырдта, цæмæй йын советон минæварадæй искæимæ фембæлд саразой кæнæ та сын фехъусын кæной Тасоевы тыххæй. Уыцы закъонмæ гæсгæ æмбæлгæ домæнтæ сæххæст кæнына бæсты англисаг разведкæ архайдта Тасоевы сразы кæныныл, цæмæй Советон Цæдисмæ мауал аздæха, йæ къух ын фыссын кодтой цавæрдæр курдиаты бын. Тасоевы-иу, кæй нæ разы кодта, уый тыххæй фæнадтой. Фæлæ уыцы истори айхъуыстис, æмæ уæд, стыр политикон хъаугъа цæмæй ма рауайа, уый тыххæй англисаг хицауадæн æндæр гæнæн нал уыд, æмæ Тасоевы фæстæмæ Германимæ æрластой. Ам æй советон хицауады къухмæ радтой. Советон афицерæн фыдмитæ кæй кодтой, уый тыххæй англисаг æмæ америкаг разведкæйы агенттæ хъуамæ æнæмæнг æфхæрд баййафой, сæ фыдракæндты тыххæй та дзуапп раттæд Германийы англисаг-америкаг хицауад».

«Правда»-йы уыцы уац кæсгæйæ, майор Хопкинсмæ фæзынд цавæрдæр æбæрæг æнкъарæн, дæлбулкъон Тасойы-фырты æнахуыр хабар йæ психикон уавæрæй æгæр æнцон бамбарын кæнæн кæй уыд, уымæ гæсгæ, ома фыццаг сфæнд кодта Ныгуылæнмæ ацæуын, стæй уыцы фæндыл йæ къух систа. Æнцон бамбарæн хъуыддаг та арæх æцæгдзинад нæ вæййы. Æмæ кæд, мыййаг, Великобританимæ сæрмагондæй æрвыст уыд бæлвырд хæсимæ, стæй, йæ хæст сæххæст кæнгæйæ, фæстæмæ аздæхт, уæд та? Фæлæ цавæр хæс уыдаид уый, цы ссис йæ бон базонын, цалынмæ Лондоны уыд, уæдмæ? Британийы контрразведкæ куыд кусы, æрфæрстытæ куыдæй кæны æмæ чи кæны, уый? Фæлæ амы æрфæрстыты методикæ Лубянкæйы æрфæрстытæй хицæн кæны æрмæст уымæй, æмæ Лондоны фыдудæй нæ мардтой, контрразведкæйы кусджытæ та сæхи никуы амыдтой. Цы хъуамæ базыдтаид Тасоев? Æрмæст, дæлбулкъон Токайы-фырт Великобританийы кæй ис æмæ слестимæ æмдзырд кæй сты, уый. Цас ахадгæ у ахæм хæс? Уый сбæрæггæнæн уыдис, уырыссæгтæн Токайы-фырты цæйбæрц зынаргъ хæзна у, уый базонгæйæ.

Цасдæр рæстæг Хопкинс бахауд уыцы æнæнхъæлæджы хъуыдыйы

ахæсты. Фæлæ Тасойы-фыртæн трибунал, паддзахадыл гадзрахатæй рацæуæгыл æй кæй банымадтой, уымæ гæсгæ, фехсыны тæрхон кæй рахаста, уый куы базыдта, уæд йæ хъуыды рæдыдыл банымадта.

Фæлæ Хопкинс рæдигæ нæ кодта. Уый сбæрæг, дыууæ къуырийы фæстæ цы цаутæ æрцыд, уыдонæй.

## XV

Июны бонтæй иуы, дæлбулкъон Токайы-фырты цы бæстыхайы дардтой, уый æнæмæт цард фехæлд фæдисы дзæнгæрæгæй. Радтой йæ хъахъхъæнджытæ. Сæ цæст æрхæцыд къудзиты цыдæр æнахуыр змæлдыл, æмæ фæсидтысты æххуысмæ. Хъахъхъæнджытæй цы фæлтæрдджын десантниктæ куыстой, уыдон æнæ уæлдай сыбырттæй æртыхстысты къутæрты алыварс æмæ бардзырд радтой, къутæрты чи æмбæхст, уымæн, цæмæй йæ хæцæнгарз зæхмæ аппара æмæ, йæ къухтæ сдаргæйæ, рахиза сæ размæ. Мыдæдзы кудзитæй сзындис бæрзонд мæллæг адæймаг фæныкхуыз хуымæтæг дзаумæтты. Æрæвæрдта зæххыл йæ хæдæхс «шмайсер» æмæ хъахъхъæнджытæм къуызгæ сдзырдта англисаг æвзагыл:

– Мæхи дæттын, ма фехсут!

Йæ хъузон бадтис тæгæр бæласыл снайперы топпимæ. Уыдис йе ‘мбалæй бирæ ныллæгдæр, фæлæ фидæрттæарæзт. Сæ дыууæмæ дæр разындис рацитæ æмæ дардмæкæсæнтæ. Уыдоны руаджы сæ цæст дардтой хæдзары кæртмæ. Хъахъхъæнджыты дæсны архайды фæрцы дыууæ диверсанты дæр æрцахстой æнæ иунæг гæрахæй æмæ майор Хопкинсæн фехъусын кодтой. Уый уыцы рæстæг æрфæрстыты агъуысты куыста дæлбулкъон Токайы-фыртмæ. Хопкинс фескъуыдта йæ фарст æмæ Токайы-фыртæн бардзырд радта, цæмæй йæхи агъуыстмæ ацæуа, йæхæдæг фæраст ахстыты куыст кæнынмæ.

Бæстон æрфæрстыты фæстæ, диверсанттæ чи сты, уый сбæрæг. Дыууæйæ дæр уыдысты польшæйæгтæ. Сæ иу, бæрзонддæр, – Криштоф Педерецкий, 1924 азы гуырд, Варшавæйы цæрæг; дыккаг, ныллæгдæр, – Венцлав Ангелевич, 1922 азы гуырд, Познаны цæрæг. Дыууæ дæр службæ кодтой Крайовайы Æфсады – Ангелевич снайперæй, Педерицкий та полчъы сгарæгæй. Варшавæйы сыстад саст куы ‘рцыд, уæд сæ дыууæ дæр бахаудтой советон уацары Свердловскы лагерьмæ. 1947 азы ноябры сæм фæдзырдта лагеры хицау. Йæ кабинеты уыдис æртæ уырыссаджы граждайнаг дарæсы. Уыдон сын ахсджиаг

паддзахадон хæс бабар кодтой. Зæрдæ сын бавæрдтой, сæ куыст хорз куы сæххæст кæной, уæд сын се 'фсæддон фыдгæнд ныббардзысты æмæ сæ ауадздзысты. Уыдон дæр сразы сты.

Æртæ мæйы сæ фæцæттæ кодтой Мæскуыйы бынмæ десантты базæйы, стæй сæ бахæццæ кодтой Францмæ. Майы кæронмæ цардысты æмбæхстæй денджызы был, кæсагахсджыты поселочы, уый фæстæ сæ денджызыл фæхæццæ кодтой Великобританимæ. Хæцæнгарз æмæ раци 'рбаластой семæ. Сæ хæс уыдис, Лондоны бынмæ конспиративон бæстыхайы кæй дардтой, иу ахæм советон иннæ фарсмæ алидзæджы амарын. Куыд æй базонæн ис, уыцы æддаг бакасты бæрæггæнæнтæ сын радтой: бæрзонд, фидæрттæарæзт, саухил. Алы бон дæр æй рауадзынц хæдзары кæртмæ дыууæ сахаты бæрц атезгъо кæнынмæ. Уыцы рæстæг æй хъуамæ амардтаиккой.

Дыууæ боны дæргъы поляктæ сæ цæст дардтой хæдзармæ. Æртыккаг бон сæ хъахъхъæнджытæ 'рцахстой æмæ сын сæ хæцæнгарз байстой.

Æрфарстытæ куы фесты, уæд сæ дыууæйы дæр радтой пъæлицæйы къухмæ.

Токайы-фыртмæ куыст куы сног ис, уæд æй Хопкинс бафарста:

– Зæгъ-ма, Григори, дæлбулкъон Тасоевæн дæхи тыххæй цы радзырдтай?

– Бæлвырдæй ницы.

– Уæддæр? Цæуылты ныхас кодтат лагеры?

– Фарста мæ, æцæг, дам, ис Лондоны дуканиты алцы дæр. Æз ын загътон, Лондоны кæй никуы уыдтæн, æдзухдæр фæсгорæт кæй вæййын, цæстдард мæм кæй ис. Бафарста мæ, иудадзыг дæр, дам, хæдзары фæбадыс. Æз ын загътон, алы бон дæр мæ дыууæ сахаты бæрц рауадзынц тезгъо кæнынмæ. Уымæй мæ цæмæн бафарстай, Джордж?

– Афтæ æнæуи, мæ сæрмæ æрцыди цæмæндæр, – раст дзуаппæй йæхи фæиуварс кодта Хопкинс. – Нæ куыст адарддæр кæнæм.

Польшæйаг диверсанттимæ цауы тыххæй та йæ рапорты майор Хопкинс ныффыста: «Фаг бацæттæгонд уыдысты, цы хъуыддаг сын бабар кодтой, уый сæххæст кæнынæн. Ныр бæлвырдæй нæ бон зæгъын у, уырыссаг разведкæ Токаевы тыххæй дæлбулкъон Тасоевæй кæй базыдта, Берлины йæ советон командыгæнынадмæ куы радтой, уæд. Уый уыдис уымæн йæ хæс, æмæ йæ æнтыстджынæй сæххæст кодта. Советон Цæдисмæ куы баздæхт, уæд ын фехсыны тæрхон кæй рахас-

той, уый та бамбарын кæнæн ис афтæ: кæнæ уырыссæгтæ тарстысты, кæд Лондоны йæ хæсы тыххæй истытæ ралæхурдта, уымæй, кæнæ та советон сæрмагонд службæтæ æмзонд кæй не сты сæ куысты; рауайы афтæ, æмæ иутæ ныгуылæнмæ агент арвитынц, фæлæ йæ иннæтæ нæ фæзонынц. Токаев цы сусæгдзинæдтæ зоны, уыдонмæ гæсгæ хуыздæр уыдаид вазыгджындæр операци бацæттæ кæнын. Уый дзурид йæ пайдайæн, иу ахсджиаг хъуыддаг дзы куынæ уаид, уæд. Польшæйаг диверсанттæ англисаг æвзаг нæ зонынц, æрмæст цалдæр фразæйы. Ахæм адæймæгты Великобританимæ ахæм вазыгджын хæсимæ æрвитæн уыдис æрмæстдæр иу нысанимæ, цæмæй операцийæ мацы рауайа, ахст чи 'рцæуа, уыцы диверсанттæ та æрфæрстыты рæстæг сæ хæс схъæр кæной. Æмæ афтæ дæр рауади. Афтæмæй, дæлбулкъон Токаев чи у, уый тыххæй махæн раздæрау нæ бон бæлвырд зæгъын ницы у».

## XVI

1948 азы июлы кæрон майор Хопкинсмæ фæсидтис МИ-5-ы директоры хæдивæг Энтони Браун. Британийы контразведкæйы хицæутты кабинеттæ уыдысты Блейнхем Паласы ныгуылæнварс, Вудстокы галуанты комплексы. Немыцаг ракетæтæ ам нæ хаудысты, хæлдтыты фæдтæ дзы нæ зындис, фæлæ зæронд галуантæн уыдис мæрдон хуыз, уынгты æмæ афтид фæзты змæлæг нæ уыд, æмæ уый тыххæй Блейнхем Палас кастис æдзæрæджы хуызæн, цыма йæ адæм бынтондæр ныууагътой, уыйау.

Майор Хопкинс куы 'рбахызт, уæд Энтони Браун лæууыд бæрзонд рудзынджы цур, уырдыгæй хорз зындис æхгæд парк хиконд цадтимæ. Бæлæстæ уыдысты бæзджын сыфтæртæй æмæхгæд, донил та æрæнцадысты мигъы фæскъаутæ.

– Хæст фæцис, Джордж, фæлæ уæддæр нæ зæрдæйæ не схицæн, стæй тагъд нæ фæцыдæр уыдзæн, – загъта Браун æмæ фæстæмæ стъолы цурмæ æрбаздæхт. – Бакæс ацы æрвыстæг. Буэнос-Айресы нын цы минæварад ис, уырдыгæй йæ æрбарвыстой. Æз минæварæн бафæдзæхстон профессор Карл Танчы тыххæй исты базонын. Йемæ сæмбæлд минæварады æфсæддон атташе. Бакæс æй, лæмбынæг, тагъд никуыдæм кæнæм.

Æрвыстæджы уыд:

«Зындгонд куыд у, афтæмæй, президент Хуан Пероны хицауад, Аргентинæмæ фашистон Германийæ цы эмигранттæ цæуынц, уыдоны нæ къуылымпы кæны, раздæр Гитлеры хицауады æмæ нацистон партийы

цы куыст кодтой, уымæ нæ кæсынц. Курт Танк æмæ Генрих Хилæн бæстæмæ æрбацæуыны бар лæвæрд уыд, æмæ æрцыдысты Буэнос-Айресмæ компани «AerolMneas Argentinas»-ы фæндаггонты ласæг хæдтæхæгыл.

Профессор Танчы фæдыл бафтын нын бантыст Нью-Йорчы нæ консульствойы визæты фæрцы. Профессор Карл Танк æмæ йе ‘ххуысгæнæг Генрих Хиль æрбатахтысты Нью-Йоркмæ февралы мæйы фыццаг бонты АИШ-ы Уæлдæфон Æфсæдты Тыхты хæдтæхæгыл. Фæлæ америкæгтæй сæ бæстæйы цæрыны бар ракурыны бæсты уыцы тæккæ бон бацыдысты Аргентинæйы минæварадмæ æмæ балæвæрдтой курдиат политикон сæрфæцæвæн бынаты тыххæй.

Ныртæккæ профессор Танк у, дард дæрддзæгмæ тæхæг бæлццæттæ ласæг хæдтæхджытæ саразынил цы паддзахадон фирмæйы конструкторон бюро архайы, уый наукон кусæг. Генрих Хилы райстой ассистентæй. Фирмæ сын радта фатер Бельгранойы районы иу бирæуæладзыгон хæдзары æхсæвиуатгæнæн дыууæ хатæнтимæ. Уыцы фатеры не ‘фсæддон атташе сæмбæлдис профессор Танкимæ.

Профессор афтæ æвæстиатæй цæмæн ралыгъдис Германæй, зæгъгæ, ахæм фарстæн Танк бамбарын кодта, ома хабар афтæ рауадаид, æмæ йæ советон разведкæ тыхæй аластаид Советон Цæдисмæ. Æмæ уæд фембæлд, уый размæ йын цалдæр хатты АИШ-мæ алидзын æмæ ракетон программæйыл кусыны тыххæй цы америкаг афицер дзырдта, уыимæ, æмæ йын сразы. Афтæмæй Карл Танк æмæ Генрих Хиль Нью-Йорчы балæууыдысты.

Профессоры куы бафарстой, æцæгдæр сразы уыдаид америкæгты фæндоныл, зæгъгæ, уæд дзуапп радта, ома, дам, не сразы уыдаид, фæлæ йын æндæр гæнæн нæ уыд, æмæ афтæ уымæн бакодта.

– Куыд базыдтай, уырыссæгтæ дæ ‘рцахсынмæ æмæ Советон Цæдисмæ аласынмæ хъавынц, уый? – афарста йæ нæ кусæг.

– Мæнæн æй загъта советон дæлбулкъон Токаев. Ме ‘ххуысгæнæг Генрих Хилæн йемæ уыд бастдзинад, æмæ базыдта, хæстæгдæр цалдæр боны мæ кæй æрцахсдзысты. Уый тыххæй мæ бахъуыдис рæвдз фезмæлын.

– Æмæ дын советон дæлбулкъон хабар цæмæн фехъусын кодта?

– Уый зæгъын мæ бон нæу. Æвæццæгæн, йæ бæстæйы хицауады политикæйæ цæимæдæрты разы нæ уыд.

– Мæнмæ гæсгæ, уырыссæгтæ афтæ никуы фæкусынц. Дæлбулкъоны фæаххосджын кæнæн уыдаид паддзахадыл гадзрахатæй рацыдæй. Уæд афтæ цæмæн бакодта?

– Нæ зонын, – иу хатт ма загъта Танк. – Мæ бон у æрмæст хъуыды кæнын. Адæм алыхуызæттæ сты. Сæ бон у, сæ паддзахадон идеологи сын куыд дзуры, æрмæст афтæ нæ, фæлæ æндæр хуызы хъуыды кæнын. Мæнмæ афтæ фæкаст, æмæ дæлбулкъон Токаев бамбæрста мæ ахаст ног хæст цæттæ кæнынмæ.

Ууыл сæ ныхасы сæйраг хай ахицæн. Мæ зæрдæ дарын, мистер Браун, Великобританийы минæварад, цы йын бахæс кодтат, уый сæххæст кæндзæн».

– Исты бамбæрстай, Джордж? – афарста Браун майор Хопкинсы, каст куы фæцис уæд.

– Нæ бамбæрстон, сэр. Не ‘рбалидзæг æгасæй дæр у Бермуды æртæкъуымонау сусæгдзинадæй дзаг.

– Кæдæй нырмæ кусыс йемæ?

– Фароны ноябрæй.

– Æмæ фæрстытæ фылдæр цы кæнынц, æндæр къаддæр – нæ?

– Афтæ, сэр.

– Йæхи куыд дары дæлбулкъон Токаев?

– Куыд æмбæлы, афтæ. Тынг хиуылхæст адæймаг у.

– Æрфæрстыты фæстæ та цы фæкусы?

– Англисаг æвзаг ахуыр кæны. Йæхицæн ахуыргæнæг æрбакæнын кодта, бирæ дзырдуæттæ йæм ис.

– Æмæ йын исты æнтысы?

– Тынг бирæ.

– Æз уын уæ куыстмæ мæ хъус дарын, лæмбынæг кæсын алы æрфарсты суагъæ дæр, – гыццыл æнæдзургæйæ алæууыны фæстæ даргдæр йæ ныхас кодта Браун. – Алцы дæр раст кæнут. Фæлæ уæддæр нæ сæйрагдæр фарстæн дзуапп нæма ис. Зæгъæм, Токаев Ныгуылæнмæ алыгъдис йæ идейæты тыххæй. Æмæ афтæ куы уаид, уæд уый размæ хъуамæ ахæм цыдæр æрцыдаид, йæ зондахаст ын чи фендæрхуызон кодтаид. Уæд та, Джордж, бафæлварис уыдæттыл йемæ æнæ фысгæйæ аныхас кæнынын? Уырыссæгтæ куыд дзурынц, афтæ – зæрдæйæ зæрдæмæ. Чи зоны, истытæ ма сбæрæг уа.

– Хорз, сэр.

*Уырыссаг æвзагæй БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац*
*Уыдзæн ма*

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ










# ЗЫМÆГ ИРЫСТОНЫ



Ирон аргъуан



Кьоста





Фыййагдоны нæлгоймæгты моладзандон





Къæмунтæ



Уæлладжыры ком





Уæлладжыры ком





Уæлладжыры ком





Суннитаг мæзджыт


Фыййагдон


Бехъан






Фыййагдон



Гæлиат



Дæргъæвс




Цъамад



Мамысон





Сомихаг аргъуан

# ЦАРДÆЙ ИСТ ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Царды æнусон ницы ис, æппæт дæр рæстæгмæ у: хорз дæр æмæ æвзæр дæр. Уымæ гæсгæ цæрын хъæуы, дæ хъысмæт дын цы схай кодта, уымæй пайда кæнгæйæ.

* * *

Уарзын æмæ аргъ кæнын хъæуы ахæмтæн, кæцытæн сæ хъуыдытæ, сæ ныхас æмæ сæ архайд цæуынц иу къахвæндагыл. Уыдон бæззынц дард фæндагыл æмбæлццонæн.

* * *

Хурыскаст æмæ хурныгуылд. Адæймаджы цард дæр скаст æмæ ныккасты æхсæн ис. Цас активондæрæй архайай, уыйбæрц дын фылдæр бантысдзæн, æмæ сомбон та къаддæр фæсмонгонд уыдзынæ.

* * *

Ивгъуыд æмæ фидæны ‘хсæн – æрмæстдæр уысм, цæстфæныкъуылд. Уый хуыйны Цард. Уыцы уысм дæ къухы цы бафта цардæй «ратонын», уый дæхи, иннæ Терк фæласта фурдмæ.

* * *

Цæмæй дын цард сомбон æнцон æмæ хорз уа, уый тыххæй абон хъæуы зындзинæдты сæрты ахизын.

* * *

Цæмæй дыл искæй рæдыд ма ‘рцæуа, уый тыххæй искæй уынаффæтæй ма пайда кæн.

* * *

Æнæрæдигæ дуне нæй. Алчи дæр рæдийы. Йæ рæдыдтытыл та сæтты зондджын, хатыр та куры тыхджын, ныфсджын адæймаг.

* * *

Цæмæй дæ царды фылдæр хорздзинæдтæ уа, уый тыххæй дæ цæст уарзæд алкæмæн дæр æрмæстдæр хорздзинад.

* * *

Æппæт адæм дæр дыл фаутæ куы æвæрой, гуырысхо дыл куы кæной, уæддæр дæхæдæг дæхиуыл æууæнд; сæйрагдæр, дæ ныфс сæттын ма бауадз.

*БЫРНАЦТЫ Барон*

# МОРТЕШЫ ЧУМÆДАНТÆ

*Радзырд*

Цыма бынтон æрæджы фæцух Ирыстонæй йе та бирæ азты дæргъы тарф фынæй уыд æмæ ныртæккæ фехъал – йæ сыджытыл сæмбæлынмæ куыд ‘рхæстæг Мортеш, афтæ бонæй-бон йæ зæрдæйы тынгдæр æфтыди райгуырæн зæхх. Диссаг кæсын дæр ма йæм байдыдта, æнæхъæн æвдай аст азы дæргъы куыд бафæрæзта æцæгæлон дард бæстæйы, уый. О, фæлтау сыдæй, æнæ мæнузæгъæгæй куы ныммардаид искæй кауы рæбын, цавд дур куы фестадаид, Амырыкмæ йæ къах куы равæрдта, уыцы бон.

Фæлæ уæды уæззау куыстыты фæрцы йæ къухы цыдæр æхцайы æфтиæгтæ куы бахауд, уæд ма йæхицæй лæгдæр кæм уыдис, йæ сæр бæрзæндты хаста. Ноджы ма фæцалх ис англисаг æвзагыл дзурыныл æмæ бынтондæр нал æрвæссыд йæ мадæлон æвзагыл, æцæгæлон зæххыл æм йæхирдыгонау дзурын хардзау касти суанг ирæттимæ дæр. Йæ зæрдæ сыл сивта, алыгъди сæ æндæр ранмæ. Уый фæстæ ма-иу дардмæ дæр йе ‘мбæстæгтæй искæй куы федта, уæд-иу дзы йæхи бамбæхста.

Цыбыр дзырдæй, нал саст, ирон кæй у, ууыл. Йæ мыггаг Мортиатæй уыд æмæ йæ аивта Мортешæй, йæ ном Валодя та – Вольдемарæй.

Нæ рауад сæ хъысмæт иухуызон амырыкдзаутæн. Чи-иу дзы бынтон сæфтмæ æрцыд æмæ фæстæмæ лидзынмæ фæци, чи та-иу дзы ныббонджын и. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм амонддджынтæ стæмдæр уыдысты. Сæ хабар уæлдай зындæр уыдис æфхæрд æмæ талынг хохæгтæн.

Мортеш, йе уæнгтæ кæмæн æрызгъæлынц, зын уавæрты катæйттæ æмæ утæхсæнты чи бахауы, уæдæ дарддæр мæ хабар куыд уыдзæни, зæгъгæ, ахæмты къордмæ нæ хауди. Фæцахуыр и «Паддзах Капиталы» дыдзæсгом, фæлитой митыл. Арæхстджынæй пайда кодта цыфæнды чысыл фадатæй дæр уæлдæр схизынмæ.

Йæхи фæраппар-баппар кодта, иу бынат ивта иннæйæ æмæ кæм йæ цæсгомы, кæм йæ хъаруйы фæрцы йæхицæн гæрста фæндаг, иу иннæйы æнæхатырæй расхойынмæ цæттæ кæм уыд, уыцы царды асинтыл. Фæстагмæ йæхи нытъгъыста цавæрдæр нефты хъуыддаджы Калифорнийы. Ракуырдта хъæздыг фермеры чызджы, æмæ уый

фæрцы дæр самал кодта дзæвгар мулк. Фæзынд ын лæппу, фæстæдæр та – цыппар лæппуйы лæппуйы.

Йæ фырт раджы амарди, фæлæ уый лæппутæ куыд хъомыл кодтой, афтæ сæ сæ фыдыфыд æфтыдта йæхи куыстыл. Æппынфæстаг ын бантысти саразын сæрмагонд куыстуат «Мортеш æмæ йæ фырты фыртты нефты хъуыддаг». Æмæ Мортешы дзыппытæ дымсын райдыдтой доллæртæй. Куыд бонджындæр кодта, афтæ йыл тынгæй-тынгдæр хæцын байдыдта зыд æмæ кæрæфы низ. Æлхæны ног æмæ ног зæххытæ, фирмæтæ, ранчотæ.

Йæ къазнамæ ивылынц æнæнымæц æфтиæгтæ. Фæлæ мæнгард у капиталы дуне... Иухатт йæ къах скъуырдта Мортеш, фæцудыдта æмæ, хæрдмæ бирæ азты дæргъы цы асинтæ фæцарæзта, уыдонæй æнæнхъæлæджы бынмæ сæрбихъуырæйттæгæнгæ расхъиудта – аныхъуырдтой йæ йæхицæй дзæвгар тыхджындæр, бонджындæр бизнесментæ. Æмæ фæстæмæ йæ гаччы абадт. Ныххæлæттаг ис йæ бирæ фæллой. Абон ма йæм цы æнæбары муртæ аззад, уыдонæй йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны, ничердæм уал ын æххæссынц.

Уæддæр уыдæттыл нæу йæ катай. Абон æндæр сагъæсæй дзаг у йæ зæрдæ. Нал æй æндавы Калифорнийы хур. Йæ цæстысындз фестад Амырык, суанг ма йæ цоты цотмæ дæр æцæгæлоны цæстæй акаст. Йæ зæрдæ ам нал ис, уæлдайдæр йæ фырт æмæ йæ бинойнаджы амæлæты фæстæ. Исты амæлттæй ма куы аирвæзид Уæрæсемæ, йæ чысыл Ирыстонмæ. Ам куы амæла, мыййаг, уый адæргæй йыл бон æхсæв нал кæны, æхсæв та – бон. Фондз азы размæ йе 'фсымæрæй йæ фыццаг фыстæгæн дзуапп куы райста, уæдæй фæстæмæ та йыл бынтондæр базыртæ базад. Æмæ хæдзармæ нал цæуы. Зилы... Дзуры телефонтæй. Фыссы алы рæттæм... Домы... Лæгъстæ кæны... Æнæрæнцойæ архайы бар райсыныл, фæлæ никæдæм хъуысы, никæдæм хæццæ кæны, никæмæ хъары Мортешы уды рыст. Уалынмæ йæ хъæрвæдис бахæццæ Амырычы Коммунистон партийы Сæйраг комитеты бæрнон кусджытæй иумæ. Уый стыр зæрдиагæй бацархайдта æнæбон зæронды фæстаг фæндон, фæстаг курдиат сæххæст кæныныл.

Мортеш сывæллонау скуыдта, йæ зырзыргæнаг æнгуылдзтæй йæ хус былтæм схаста Уæрæсемæ ацæуыны гæххæтт æмæ йын адджын ба ныккодта.

Бинонтæ ныронг худæнбылæй кастысты сæ дадайы митæм. «Нæ

зæронд йæ сæрæй фæцух, æвæццæгæн», – нæ сусæг кодтой сæ хъуыды. Фæлæ ныр куы бамбæрстой, хынджылæг кæй нæ кæны, уый, уæд ын æмхуызонæй райдыдтой къуылымпыгæнæн ныхæстæ: «Цы сæрра дæ зæрондæй? Кæдæм ма цæуыс? Искуы фæндагыл амæлдзынæ». Мортеш фидар лæууыд йæхи фæндыл: «Уадз æмæ амæлон. Мæ мард ма куы фæхæццæ уа мæ райгуырæн бæстæмæ, уæд мæнæн уый дæр æгъгъæд у. Æндæр мæ хъæугæ дæр ницыуал кæны».

Афтæ Мортеш йæ лæдзæджы æнцæйтты схаста йæ уд Ирыстонмæ. Æрмæстдæр ма хæхтæ баззадысты сæхи хуызæнæй, кæддæр сæ хæрз æвзонг лæппуйæ куыд ныууагъта, афтæмæй. Æндæр, цыма цавæрдæр аргъæутты бæстæмæ бахауд, уыйау цæхæртæ скалдта Ирыстон. Фæзындис дзы ног хъæутæ. Йæ сæйраг горæт дæр бындуронæй аивта. Дæрдтыл ныззылдис.

Йæ зонгæтæй ма удæгасæй сæййæфта æрмæстдæр йæ иунæг æфсымæры. Фæлæ йæм стыр диссаг фæкасти, сыхагæй-хионæй йыл адæм куыд цин кодтой, куыд æй сбуц кодтой æмæ йыл куыд аудыдтой, уый. Мæйы æрдæгмæ йæ уд йæ мидæг æрцыдис. Фæлæ уæддæр йæ зæронды азтæ, йæ низæфхæрд буар сæ кæнон кодтой, æмæ Мортеш æруатон ис. Йе 'фсымæры лæппу, зындгонд дохтыр Батырбег ма фæцархайдта бæргæ йæ цард ма йын фæдæргъвæтиндæр кæныныл, фæлæ йын нал бантысти. Банцад йæ фæлмæст, йæ рыст зæрдæ зæрондæн. Фæлæ уæддæр тыхстхуыз нæ уыди йæ цæсгом. Йе 'нцъылд былтыл баззади мидбылхудт.

Ныр зиан уæлмæрдтæм ахæсдзысты, зæгъгæ, уыцы афон йе 'фсымæры лæппуйы бинойнаг Сæниат æмæ сæ сыхæгтæй иу ацæргæ сылгоймаг раластой дыууæ егъау чумæданы æмæ сæ чырыны раз æрæвæрдтой.

– Адон йемæ æрбаласта, – бамбарын кодта Сæниат зианмæ æрцæуæг адæмæн, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Йæ цæст-иу сыл ахаста, фæлæ мын никуы ницы загъта сæ байгом кæныны тыххæй. Æвæццæгæн, сæ мидæг цы ис, уыдонæй, мæгуырæг, йæ зæрдæ ницæмæй рухс кодта. Абон уæ куыд фæнды, афтæ сын бакæнут.

– Фенын сæ хъæуы. Уæдтама сызгъæринæй седзаг сты, – дзырдтой иутæ.

– Ау, æмæ сæ кæд сызгъæринтæ ис кæнæ æндæр исты зынаргъ

дзаумæттæ, уæд сæм йæхæдæг афтæ кастаид, куыд нæ сæ бакодтаид?! Уæдæмæ йын сæ йемæ бавæрут æнæ бакæнгæйæ, – ныхмæ лæууыдысты иннæтæ.

Ныхас стынг. Фæстагмæ уæддæр дзырд дзырдыл абадт, æмæ фылдæры фæндонмæ гæсгæ Сæниат фегом кодта чумæдантæ. Дыууæ сылгоймаджы хъавгæ исын райдыдтой амæй-ай ихсыддæр, хурмæивддæр хæдæттæ, хæлæфтæ, къабатæ, хъуырбæттæнтæ, галстуктæ æмæ æндæр алыхуызон дзаумæттæ. Æххæст ист нæма фесты, афтæмæй, кæй систой, уыдоны дæр фæстæмæ ныккалдтой чумæданты. Æрцауыгътой сыл уæззау гуыдыртæ æмæ сæ ингæны бавæрдтой Мортешы фарсмæ...

*1979 аз*

# ЦÆЙ ÆМÆ ТА АХУДÆМ!

*Дзеуайы миниатюрæтæй*

## ЦÆГÆР СÆР

– Уæллæй, Дзеуа, дæ сæр æгæр раджы ныккоса, – бафиппайдта иуахæмы Датуа.

– Уæдæ, æппæтæй æххæст дæн. Хорздзинадмæ ма мæ уый хъуыди, – Датуайы ныхасмæ райдыдта дзурын Дзеуа.

– Цæй, цы дæхи хæрыс? Цæгæрсæр æрмæст ды нæ, фæлæ гъæйтмардзæ лæгтæ дæр вæййынц – ныфс æвæрæгау ын загъта Датуа.

– Бæллæх дæр уый мидæг ис, æмæ æз гъæйтт-мардзæ кæй нæ дæн. Бæгуылæг куы уаин, уæд, мæ сæрыл цы æнæбары хъуынтæ ис, уыдон дæр азгъæлæнт. Фæлæ ма ацы гæвзыккæй ноджы лæгуынсæр дæр у, уый дыууæ хатты бæллæх у, – катай зæрдæйæ йæ ныхас балхынцъ кодта Дзеуа.

## УÆД ТА ДÆМ ФЫЛДÆР АБАДДЗЫНÆН

Æвæццæгæн, æмæ ахæм зиан, ахæм циндзинад нæ уыд хъæубæсты, æмæ-иу Дзеуа дыууæ кæнæ суанг æртæ бадты ма ракæна фынгыл. Йæ фыдгуыбыны тыххæй йæм мæсты кодтой, æргом дæр-иу ын бауайдзæф кодтой, фæлæ уæддæр йæ ахуыр нæ хæлдта. Абон дæр та рæбинаг бадт йæ сыхæгты хæрнæджы дыккаг хатт æркодта.

Дзеуа фыццаг бадт куы кодта, уæд дзы уырдыгыстæг чи уыд, ныр

дæр та уый лæвууыд – зиан кæуыл æрцыд, уыдоны æрвадæлтæй æвзонг, къæйныхдзырд лæппу. Рæгъ куы рацæуы æмæ та гаджидау Дзеуамæ куы ‘рхæццæ вæййы, уæд та йæм лæппу йæ хъусы дзурæгау сабыргай бадзуры: «Ма фæхæрам у, Дзеуа, фæлæ уыцы сидт фыццаг бадты бануæзтай» – æмæ та йын сыкъа йæ сæрты дæлдæр иннæмæ авæры. Афтæ алы сидтæн дæр.

Фæстагмæ Дзеуа йæ маст нал баурæдта, фæгæпп ласта фынгæй æмæ фæцæуыныл.

– Фæлæуу-ма, дæ хорзæхæй, кæдæм фестадтæ, ырма ныр куы ‘рбадтыстæм, – йæ фæстæ схор-хор кодтой адæм, хъуыддаг цæй мидæг ис, уымæн ницы зонгæйæ.

– Дзеуа, раздæх, кæдæм тагъд кæныс? – худæнбылæй дзырдта йæ фæстæ рауайæг уырдыгыстæг дæр.

– Нæ-ннæ, фыццаг бадты ныры хыгъдæн дæр абадтæн. Мæнæ та уыл ног зиан куы ‘рцæуа, уæд та уæм абаддзынæн, – дуарæй ма мæстыйæ радзырдта Дзеуа.

## УЫЙ ÆНДÆР ХЪУЫДДАГ У

Кæддæр Дзеуа уазæгуаты бахауд иу хъазахъхъагмæ. Фысым тынг бацин кодта фæндаггоныл. Уайтагъд ын фынгыл авæрдтой стыр хъæдын къусы дзаг фæлмæн дзидза, цыма раст Дзеуайы фыдгуыбын зонгæ кодтой. Уазæг рæвдз-рæвдз февнæлдта хæрынмæ. Æрæджиау, æфсæдынхъус куы баци, уæд фысыммæ дзуры:

– Мæ хæлар, цыма бæхы дзидза у, афтæ мæм кæсы, æмæ мын æй уæд раздæр куыннæ загътай? Мах дины уый не ‘мбæлы.

– Хæргæ кæн, хæргæ, мæ зынаргъ уазæг. Дзидза бæхы дзидза у æцæгæйдæр, фæлæ бæх чырыстон лæгæй æлхæд уыд, – æрхатыдта æмæ йын бамбарын кодта фысым.

– А-а, уый æндæр хъуыддаг у, – загъта Дзеуа æмæ та систа егъау дзидзайы къуылдых.

## ХИНÆЙДЗАГ ДЗУАПП

Дзеуа-иу йæхæдæг исты куы куыста, уæд-иу цæст нæ хæцыд йæ фезмæлдыл. Гъе фæлæ йæ зоны, ай иумæйаг хъуыддаг у, уæд-иу алы ‘фсæнттæй йæхи сайдта куыстæй. Мæнæ та ныр дæр, кæмæдæр фæззæгмæ хорыл нартхор рувгæйæ, «мæ сæр риссы», зæгъгæ, сæфсон

кодта йе 'мбæлттæн æмæ бæлæсты бынмæ аууонмæ йæхи байста. Хур раджы акъул, уæддæр Дзеуа зынæг нæй. Нал фæлæууыд Датуа æмæ йæм фæхъæр кодта:

– Цы фæдæ, Дзеуа? Рацу акус, кæд ма нын исты бантысид. Хур фæцæуы, уый нæ уыныс?

– Датуа, æмæ æз куы акусон, уæд йæ цыд бауромдзæн? – бæлæсты бынæй райхъуыст Дзеуайы ныхас.

## УÆД ДЫ ТА ДОХТЫР СУЫДАИС

Дзеуа ленк кæнын кæй нæ зыдта, уымæ гæсгæ-иу йæхи найгæйæ донæн агуырдта йæ тæнджытæ. Фæлæ мæнæ ацы хатт йæхæдæг дæр дзæбæх нæ бамбæрста, арф зилæнæн йæ тæккæ астæу куыдæй смидæг ис, уый. Ныр йæ гæндзæхтæ тилы, хъæр кæны, сиды æххуысмæ. Уайтагъд æм фæфæдис сты адæм æмæ йæ былмæ раппæрстой. Йæ уд йæ мидæг куы 'рцыд, уæд Дзеуамæ йæ ирвæзынгæнджытæй иу уайдзæфгæнæгау бадзырдта:

– Дзеуа, дæ Хуыцауы тыххæй, худинаг дын нæу, дынджыр доны раз куы цæрыс, уæд нырмæ ленк кæнын ма сахуыр у?!

– Уый «разы цæрынæй» куы уаид, Гуыбе, уæд ды та хъуыстгонд дохтыры цур цæрыс æмæ дохтыр суыдаис. Фæлæ дургæнæг уыдтæ æмæ дургæнæгæй баззадтæ, – уæззау улæфгæйæ йын дзуапп радта Дзеуа.

## УÆДМÆ ДÆМ ÆНХЪÆЛМÆ КÆЦÆЙ КÆСДЗЫНÆН?

Дзеуа ахæм лæг уыд, æмæ-иу гыццыл ницæй тыххæй дæр загъд ракъахта. Кæс та ма йæм ныр дæр, Хуыцауы ницæуыл тынг æвзæртæ бакъахта йе 'мхъæуккаг Садуллæйæн.

– Ныртæккæ дын дæ къубал стондзынæн, – фыр мæстæй йын бакодта асæй хæрз къаннæг Садуллæ.

– Оххай-гъе! Уанцон нæу, – загъта йын хъазæнæмхасæнты Дзеуа. – Цалынмæ ды уæхимæ цæуай, асин хæссай æмæ йæ мæнмæ мæ къубал тонынмæ æвæрай, уæдмæ дæм æз дæр æнхъæлмæ кæцæй кæсдзынæн?!

## МÆ СÆРÆН ЙÆ ФЫЛДÆР КОСА У

Дзеуа Калачы хилдасæны йæ сæр къопдаст акодта.

– Цас у аргъ? – фæрсы хилдасæджы.

– Дыууæ сомы.

– Уæдæ дын мæнæ сом æмæ мыл дæ зæрдæ ма фæхудæд, аргъæн дын æрмæст йе ‘рдæг кæй фидын, уый тыххæй. Дæ зæрдæ де ‘вдисæн, мæ сæрæн йæ фылдæр хай коса у, – загъта Дзеуа æмæ йæм сом балæвæрдта.

## АУ, ДАТУАЙЫ СÆРЫ АРГЪ КÆНЫС МÆ СÆРÆН?

Ацы хатт та Дзеуа Датуаимæ бацыд хилдасæнмæ. Сæ сæртæ сын хилдасæг адаста, уæдæ цы, æмæ йын Датуа радта, куыд æмбæлд афтæ, дыууæ сомы. Дзеуа та – цыппар сомы.

– Æфсымæр, сæр адасæггаг дыууæ сомы йеддæмæ нæу, ды та мæм уæд цыппар сомы цæмæн дæттыс? – фæурæдта хилдасæг Дзеуайы æмæ йæм дæтты фæстæмæ дыууæ сомы.

– Нæ-ннæ, дæ мадыстæн дæр æмæ мæ фыдыстæн дæр, нæ сæ райсдзынæн. Стæй ма дарддæр куы дзурай, уæд дæм фæхæрам уыдзынæн. Зонын æй, сæр дасæггаг дыууæ сомы кæй у, фæлæ ды мæ сæрæн Датуайы сæры аргъ куыд кæныс?! – нал бакуымдта æхца Дзеуа.

## ИСКÆМÆ ФÆКÆСЫН ДÆР ХОРЗ У, ФÆЛÆ…

Иу фæззыгон райсом картоф æфснайыны рæстæг Датуайы ус хъаст кодта Дзеуайæн:

– Дæ хуытæ нын нæ картофæй ницыуал ныууагътой, иууылдæр æй сфæйлыдтой.

– Æнаккæгтæ, мæнгæй нæ бакæнынц, хуыйæн хуыйы цæсгом ис. Æндæр уал фыццаг дæхи картоф скъах. Искæмæ фæкæсын дæр хорз у, фæлæ нæхион къахыны фыдæй сæфгæ куы кæны, – йæхи хылгæнæг скодта Дзеуа æмæ сæм ныртхъиræн кодта: – Фæлæуут, мæ къухтæм та уæ хъæуы. Æз та уын золочъийæ уе рæгътæ сисдзынæн!

## НЫР УЫДЗÆН

Иубон ныхасы бадæг адæмæн йæ хъаст ракодта Датуа:

– Мæ фæрæт мын чидæр адавта. Уый ахæм диссаджы фæрæт уыд, æмæ ахæм никæмæ уыд æмæ нæ уыдзæн.

– Ныр уыдзæн, – æнæмæт хуызæй йæ ныхас баппæрста Дзеуа.

## КАРТÆФТÆ БАСЫГЪДЫСТЫ

Гуырдзыстоны аргъуантæй иуы сугсæттæгæй куыста Дзеуайы фыд Мозо æмæ дины хабæрттæй дæр цæуылдæрты ацахуыр. Сæхимæ цы бон æрбаздæхт, уымæй гыццыл раздæр фæци арæзт Зруджы Мады Майрæмы аргъуан. Фæлæ дзы чи куыстаид, ахæмæй никæй ардтой. Гъемæ йæ хъул сах абадти Мозойæн, æвæстиатæй йæ райстой сауджыны бынатмæ.

Фыццаг бон куы рахызт адæмы размæ йæ сау фæлысты, уæд сын ивазгæ хъæлæсæй бамбарын кодта, цы сæ кæнын хъæуы, уый:

– Æз куыд кæнон, афтæ-иу кæнут. Æз куыд дзурон, афтæ-иу дзурут.

Йæ ныхас кæронмæ нæма ахæццæ, афтæ йæ фындзыл ауади хуыдуггæнæн сыгъды тæф. Фæстæмæ фæзылд æмæ дзуры диакъонмæ:

– Картæфтæ басыгъдысты...

– Картæфтæ басыгъдысты, – ныййазæлыд йæ фæстæ кувæг адæмы хъæлæс.

– Сымахмæ нæ дзырдтон, – адæмы ‘рдæм разилгæйæ загъта Мозо.

– Сымахмæ нæ дзырдтон, – æмхъæр та ныккодтой уыдон дæр.

– Оу, мæнæ фысвос! – рамæсты сауджын.

– Оу, мæнæ фысвос, – аргъуаны къултæ та ныццарыдтой адæмы тыхджын хъæрæй.

## УЫЙ ГÆДЫ НЫХАС У

Иуахæмы Дзеуа æмæ йæ сыхаг Бачче бацыдысты Тибы суармæ. Хорз дзы куы бануæзтой, уæд Бачче дзуры Дзеуамæ:

– Тынг пайда йæ хонынц ацы суар, уæлдайдæр йæ уыргтæй рынчын чи у, уыдонæн. Суанг, дам сын сæ дуртæ дæр батайын кæны.

– Уый гæды ныхас у, – нæ бауæндыд Дзеуа. – Уый афтæ куы уаид, уæд фыццагдæр, дæлæ йæ быны цы дуртæ ис, уыдон батаиккой.

## ЦАЛЫНМÆ КАРК ФЫЦА

Дзеуа йæ усæн йæхи буц кодта. Рынчын дæн, зæгъгæ, йæхи ауагъта кæлæфы галау æмæ оффытæ кæны.

– Нæ хъусыс, нæ лæг, дзæбæхдæрæн цы ахæрдзынæ? Карк дын æрбаргæвдон æви уæлибæхтæ ракæнон? – дзуры йæм ус.

– Уæлибæхтæ ракæн æмæ уал уыдонæй ахæрон, цалынмæ карк фыца, уæдмæ, – æфсоны хъæрзгæйæ дзуапп радта Дзеуа.

КОКОЙТЫ Эльзæ

# ХУРЫ ХУРЗÆРИН РÆУ ТЫН

## ГЫЦЦЫЛ ЛÆППУЙЫ БÆЛЛИЦ

Хъазыбеджы баба –
Æфсæддон тæхæг,
Æрыздæхти йæ балцæй сæ хъæумæ.
Йæ гыццыл фырт кодта
Йæ фыдмæ хæлæг,
Фæндыд æй хæдтæхæг ыскъæрын.
Йæ баба йæм дзуры:
– Ды ма кæн æнкъард,
О, бауæнд! Ырма мын чысыл дæ.
Æрлæудзæни райсом
Дæуæн дæр дæ рад,
Уыдзæн дын хæдтæхæг «æфсымæр»!
Уæд байрад Хъазыбеджы цæсгом,
Ныххудт,
Йæ фыды цæстытæм ныккасти.
Йæ фыд ын æркодта
Йæ сæрыл йæ худ,
Хъазыбег йæ рухс сæнтты
Тахти!..



* * *

Хуры хурзæрин рæу тын
Бæласы сыфтæртыл хъазы.
Уæртæ дидины къуырфы
Мыдыбындз мыдадз нуазы.

Уæртæ дзæгъындзæг, кæс-ма,
Бады хъæддаг балы цонгыл.
Бал фыр рæгъæдæй ныссау,
Маргъ æм йе ʻмбал мæргъты хоны.

Тæрхъус къутæры рæбын
Ссардта ставд æрыскъæфтæ.
‘Хцонæн базмæлы йæ был,
Бахуды фыр æфсæстæй!..

## АВДÆНЫ ЗАРÆГ

*(Гоцъийæн)*

Ды мæ цин дæ, ды мæ хур-зынг,
Хъавгæ дын дæ авдæн узын.
Тагъд мын астыр уай,
А-ло-лай!



Макуы фегад кæн дæ мады,
У рæстæндаг царды уады.
Тагъд мын астыр уай,
А-ло-лай!

Кæд ысуай бæззон фырт мадæн,
Ном хæссай дæ Иры кадæн,
Амонд уæд – мæ хай!
А-ло-лай!

Стыр Хуыцауæн дзурын бузныг!
Хъавгæ дын дæ авдæн узын.
Басгуых мын фыртæн
Д‘ адæмæн!..
А-ло-лай!

## МЫДЫБЫНДЗ

Хуры рухс зæлдаг тынтæй
Байдзаг бæстæ иууыл.
Дидинджыты ирд сыфтæй
Урс æртæх æрттивы.

Мыдыбындз, кæс, зул-мултæ
Дидинмæ фæтæхы –
Фаг уыдзæн уым бур мыдадз
Райсомы æртæхы.

…Ферттивынц йæ цæстытæ
Ныр йæхицæй райдзæн.
Хорз бафсæст йæ бур гуыбын
Уыцы бур мыдадзæй!



## ГЫЦЦЫЛ ЛÆППУЙЫ ХЪУЫДЫТÆ

Мигъты барцы бамбæхст мæй,
Цымæ бацис уым фынæй.
Зæхмæ не 'рвиты йæ тынтæй,
Ныр цы пайда ис йæ фынтæй?!.

Тыргъы баст Корис рæйы,
Æхсæв ын æнкъард вæййы.
Бон ыл аивгъуыйы тагъд,
У мæйдар æхсæв фыддаргъ!

Кæд тæрсгæ кæны Корис,
Гъе уæддæр йæ мæт кæй ис?
Уазал ын вæййы бæгуы
Уым, йæ куыдздоны къуымы.

Балхæнын ын хъæуы гобан,
Науæд уазал куыдздон – гом арв!
Балхæндзынæн ын хъæццул дæр, –
Нал ын уыдзæн уазал мур дæр!..

## ХУР ЗОНЫ РӔВДАУЫН

Бур хур арвы риуыл тулы,
Бур хур дунетæн – сæ мад.
Ницæмæн ис барæн хурыл,
Бур хур цард дæттæг у, цард.

Хуры тынтæ нын нæ хъыгтæ
Риуæй асурынц æваст!
Цыма мады хъарм æнгуылдзтæ,
Цыма мады бахудт раст!



## ЗЫМӔГОН

Уары мит æмæ йын нал ис,
Нал æрлæуд!
Мит-хъæццулы бын нуæрстæй
Растад хъæд.

Тымыгъ абухы, нынниуы –
Тъæнджы мæй.
Бамбæхстысты арф ран иууыл
Саг, сырдæй!..

Фæлдахын фæлвары тулдзы
Уаддымгæ!
Фæлæ йæ нæ дары махæн,
Нæ, рыгмæ!

Уæлæ арвыл мигъты ‘хсæнæй
Разынд мæй!
Хохаг хъæу фæллад, фæлмастæй
У фынæй!

## ÆВЗЫГЪД ЛÆППУ

У нырма фыццагкъласон
Сыхæгты лæппу Сандыр.
Фæлæ къахфындзтыл куыд кафы,
Стæй куыд хорз цæгъды фæндыр!

Армхæстæй йæ ничи ‘мбулы
Йе ‘мцахъхъæн лæпнутæй, зон.
Бацахста, дам, фыццаг бынат
Горæтаг ерысты знон.

Мæргъты ‘взагæй дæр ныууасы,
Зарынмæ дæр тынг у рæвдз.
Ды йын «цу-ма» зæгъ æрмæстдæр, –
Хуымы дын æрцахсдзæн уæрцц!

Тынг зæрдæргъæвд ахуырмæ дæр, –
У хуыздæрты ‘хсæн нымад.
Феппæлы дзы ахуыргæнæг,
Тынг ныббуц вæййы йæ мад!

Уарзынц æй нæ хъæуы бирæ,
Алкæмæн дæр – уд ‘мæ дзæцц.
Ахсы сапонæй йæ цæсгом,
Йе скъоламæ згъоры рæвдз!



## ЗЫМÆГОН РАВГ

Карз зымæг йæ тыхы бацыд,
Уары мит!
Хъусты айзæлы тызмæгæй
Знæт æхситт!

Абухы, нынниуы тымыгъ,
Здыхсы уад.
Налдæр ын фæнык ис æмæ…
Налдæр арт!

Хохаг хъæу гуыбыр, æнкъардæй
Дары цæст,
Мит фæлдзæгъдæнтæй куыд кæлы,
Бæстæ – ‘ргъæвст.

Ам та – мардзæ!.. Тымыгъ калдзæн
Уазал зынг!
Таудзæн зæрдæтыл æрхæндæг
Æмæ хъыг!

## ФÆЗЗЫГОН РАЙСОМ

Фæззæджы рагъыл
Урс халас басыд.
Арвы цъæх риуæй
Армыдзаг нал зынд.



Мигътæ нымбæрстой
Арв æмæ зæххы.
Уаддымгæ знæтæй
Растад йæ бæхыл!

Мæргъты хъæрахстæй
Арвы риу байдзаг.
Нал арынц фæндаг
Хъарм бæстæм! Мардзæ!..

Исы сæ дымгæ
Карзæй йæ разæй.
Згъæлы сæ пакъуы
Уæлдæфы базмæ!

## ÆХХОРМАГ РУВАС

Нана дары
Нæ Силæмы азымы.
Рувас, дам нын

Нæ кæрчытæм бахъуызыд.
Ахаста сæ нарддæры.
Сахуыр уыдзæн ардæм ныр!..
Ау?!
Куыд нæ хаты Нана,
Рувас ‘ххормагæй
Куыд уа?!.
Цас у Силæм азымаг?
Цы хæрдзæни а зымæг
Рувас?



## УРС ЗЫМÆДЖЫ РУХС

Фæцис та сæрд, æмæ та фæззæг,
Кæс, гомæй равдыста йæхи.
Ныууад йæхимидæг цъæх кæрдæг,
Лæдæрсы мигъты уазал хид.

Кæс, бабадт хъал дымгæ йæ бæхыл,
Дзæбæх æрбалвæста йæ рон.
Æмæ сæурайсомы æртæхыл
Фæкафыдис зæрдæфæндон!

Фæтахтысты зæллангзæл мæргътæ,
Фæцух сæ хъæлдзæг зардæй хъус.
Æмæ та тагъд нæ хæхты рæгътæй
Ыстдзæнис урс зымæджы рухс!

## ГЫЩЦЫЛ ЛÆППУ ÆМÆ ЙÆ КЪÆБЫЛА

Махæн ис чысыл къæбыла,
Тынг бирæ йæ уарзын.
Хорз куы бафсæды æхсырæй,
Райдайы уæд хъазын.

Тагъд уый фосимæ цæудзæнис
Фыййауæн æмбалæн!

Сæрды бонты мах нæ фосы
Стыр уæлвæзты дарæм.

У цæхæрцæст, стæй егъаугуыр, –
Бакастæй æмбулы!
Хъæдæй нал уæнддзæнис бирæгъ
Мах фосмæ лæбурын!



## ХЪУЛОН УÆРЦЦ

Уафы зæлдаг тынтæ
Арвыл зынг хур.
Даргъзæнг зыхъхъырдæндаг
Мæнæу фæбур.

Хохаг зæхкусæг
Æфснайы йæ мус.
Хъулон уæрццы «былдыхъхъ»,
Ацахсы хъус.

Тагъд ныр ам зиууæттæ
'Ркæрддзысты хуым.
Гъеуæд кæм уыдзæн
Йæ цæрæн, йæ къуым?!.

Уыцы рæсугъд уæрццыл
Чи кæны мæт,
Тулдзæн йæ русыл
Йæ хъарм цæссыг уæд.



...Наймæ цæттæ у
Уым мæнæуы хуым.
Нал ис нæ уæрццæн ныр
Хибары къуым!

## ГЫЦЦЫЛ НЫВГӔНӔГ

Гыццыл Гоцъи уарзы
Аразын хæдзæрттæ.
Снывкæны, кæм федтай,
Амæй-ай хуыздæртæ.



Байрайы йæ зæрдæ,
Хид сæрфы йæ дыстæй.
Цæстытæ æрттивынц
Ног «куысты» æнтыстæй.

О, нырма гыццыл у,
Фæлæ йыл фæбæрæг,
Сомбон дзы кæй рацæудзæн
'Нæмæнгæй нывгæнæг.

## НӔ ГӔДЫ

Нæ урс Гино, нæ гæды,
Мыст ахсын æй нæ фæнды!
Зивæггæнаг магуса
Тыргъы дæр цы бакуса?!
Мыстытæ – фыдуаг, уæндон!
Ногахст цыхтæн та ызнон
Бахсыдтой дзæбæх йæ фæрстæ.
Айгæрстой дзы стæй фæндæгтæ
Уæд сæ урс-урсид дæндæгтæй.
Нана дзуры гæдымæ:
– Ахæм гæды мах нæ хъæуы!
Кæс, дæ тъæпп фæцæудзæн хъæды.
Базондзынæ гъеуæд 'нæмæнг
Аххосджын кæй дæ дæхæдæг!



# ЦАРДÆЙ ИСТ ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Кæд дæ царды амондджын уæвын фæнды, уæд дæ ивгъуыды хабæрттæ мауал къах.

* * *

Дæ царды хуыздæрæй цы уыди, уыдон арæхдæр мыс, цæмæй дæм фæстæмæ здæхой.

* * *

Ахсджиаг у, дæ фарсмæ тыхурæд куы никæй кæнай. Кæд ис дæ фарсмæ хорз адæм – Хуыцауæн бузныг зæгъ æмæ цин кæн. Дæ фарсмæ ничи ис – дæ фæллад уадз æмæ дæ цардыл хъуыды кæн. Царды дæ кæимæ хъæуа, уыимæ дæ хъысмæт йæхæдæг фембæлын кæндзæн ногæй.

* * *

Раджы уа, æрæджы – адæймаг бамбардзæн: фесафын, фæхицæн кæнын æнцон у, фæстæмæ раздахынæн фылдæрхатт гæнæн нал вæййы.

* * *

Дæ бинонтæ, тынг хæстæг æмæ дын зынаргъ, адджын чи у, уыдон æнæниз куы уой, уæд уый у цардамонд. Хæдзары сабыр, æнцад, æнæ хъæлæба, уæд зæрдæ дæр – æнцой, æнæмаст.

* * *

Царды бирæ фæндæгтæ ис: ис фæндаг, кæцы ацæуын фæхъæуы иунæгæй. Вæййы рæстæг, уысм, кæцы ран фæхъæуы æрлæууын, стъæлф æрæвæрын. Сæвзæры ахæм уавæр, æмæ кæмæндæрты хæрзбон зæгъынæй дарддæр гæнæн нал вæййы. Фæстæмæ раздахын кæмæн нал æмбæлы, ахæм адæмыл куынæ æмбæлай, уæд хуыздæр.

* * *

Хорз дын кæм уа, ахæм бынат агурын æнæсæрфат ми у. Алы ран дæр адæймаг хъуамæ арæхса ахæм «хорз» бынат аразынмæ, сфæлдисынмæ.

* * *

Ныртæккæ ахæм æнамонд рæстæг скодта, æмæ дын комкоммæ иу дзурдзæн, фæсауузонмæ та – бынтон æндæр.

*МАМИАТЫ Таймураз*

# ДЗИГОЙЫ ФÆНДÆГТЫЛ БАЛЦ

*Уац*

Адæймаджы цард, чидæртæ йæ куыд нымайынц, скаст æмæ ныккаст, зæгъгæ, афтæ бынтон цыбыр дæр нæу. Не Сфæлдисæг нæ алкæмæн дæр цы рæстæг радта, уый йын йæ ныхыл ныффыста, уынгæ æмæ зонгæ та йæ Йæхицæй дарддæр ничи кæны. Фæлæ, йæ лæвæрд рæстæгæн аргъ кæнын чи нæ зоны, уымæн æй æмгъуыдæй раздæр дæр айсы…

Царды ахæм æмæ бирæ æндæр уагæвæрдтæ чысыл Тузар арæх хъуыста йæ фыд Алыксандр æмæ йæ фыдыфсымæр Григолæй дæр. Абон Тузар йæхæдæг дæр йæ царды уæлбылæй бынмæ фæлгæсы. Йæ 80 азы дæргъвæтин фæндагыл йæхимидæг йæ цæст ахаста, арф ныуулæфыд æмæ йæхицæн загъта: «Хуыцауæн табу! Мæ царды даргъ фæндагыл кæуыл æмбæлдтæн, се 'ппæтæн дæр хорздзинадæй дарддæр никæд ницы ракодтон».

Æмæ та мæнæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, сабийæ таурæгътæм хъусын куыд бирæ уарзта, уый. Цæмæндæр ын йæ зæрдæйы уидæгтæ тынгдæр агайдта Дзуццаты Дзигойы таурæгъ. Ирон æвзыгъд фæсивæд галуæрдæтты æмæ бæхуæрдæтты дард Мæздæгмæ «сырх мæнæу» ласынмæ куыд цыдысты, уый йæ цымыдис кодта. Йæ мидхъуыдыты-иу арæх атахт уыцы дард Мæздæгмæ. Дзиго ныфс æмæ лæгдзинад кæм æвдыста, фæлæ æнамонд сæфт кæм фæкодта, уыцы бынæттыл-иу æрзылд, фæлæ та-иу йæ бæллицты æвджид баззад. Йæхимæ цæттæ лæг касти. Уæвгæ цæуылнæ? Суг сæттынмæ арæхсти, йæ гыццыл цæвæгимæ – æцæг хосдзау, уæдæ бæх ифтындзынмæ – сыхы лæппутæй æвзыгъддæр. Æцæг уæрдоны рæтæнагъдыл рагъгæрзы хуымæтæг, фæлæ «хинæйдзаг» æлхынцъытæ бахъуыды кæнын дзæвгар рæстæг йæ бон нæ уыд. Фæлæ дзы ныр Григол йæ хорз зонгæ-æрдхорд Гришæйы раз куы раппæлыд, бæх ифтындзынмæ иттæг хорз арæхсы, зæгъгæ, уæд ыл цыма базыртæ базад. Кæрты йæ куыстытæ куы фесты, уæд хæдзары фæмидæг. Дыууæ Гришæйы (уырыссаг Гришæ Григолы дæр Гришæ хуыдта) бадынц, ныхæстæ кæнынц. Сæ ныхасы сын Мæздæджы кой куы айхъуыста, уæд æппæтæй дæр хъустæ фестад, фæлæ сын ницыуал бамбæрста.

Æрмæст ын дыккаг бон Григол куы загъта, дæ бæхмæ базил,

иннæбон Мæздæгмæ цæуæм «сырх мæнæу» ласынмæ, ды та сæйраг бæхтæрæг уыдзынæ, зæгъгæ, уæд цæугæ нæ, тæхæгау кодта фыр цинæй. Бæхдоны фæмидæг, Мальчикы (афтæ хуынд сæ бæх) доны былмæ ракодта æмæ йæ дзæбæх ныннадта.

Фæстаг æхсæв йæ хуыссæг фæлыгъд, йæ хъуыдытæ йæ Мæздæджы атагъайы уæрæх быдырты фæрахæсс-бахæсс кодтой.

Райсомæй Гришæ дæр фæзынд. Григолы ныхæстæй зыдта Тузар, уырыссаг лæг кæй у, уæздан æмæ хорз адæймаг. Хъалонты агент уыд, ома адæмæй æмбырд кодта æхца æмæ ма ноджы цыдæртæ, фæлæ цæмæн æмæ кæмæн, уымæн лæппу ницы зыдта. Сæхимæ-иу Григолимæ арæх бадт, уый та сын уырдыг лæууыд, æмæ йæ хионыл нымайын байдыдта. Уæлдайдæр ын иухатт гыццыл базы хуызæн къафеттæ куы æрбахаста, уæд.

Дыууæ хистæры сæхи Хуыцауыл бафæдзæхстой æмæ рараст сты сæ дард, фæлæ фæрныг фæндагыл бæркаддæттæг Мæздæгмæ.

Тузар уæрдоны разæй бадæн фæйнæгыл нымæт айтыдта æмæ бæхы рохтыл æцæг лæгау æрхæцыди.

Дзæвгар рауадысты, афтæ сызгъæрин хур йæ сырх был сдардта хохы чъылдымæй кæмдæр арвгæрон. Тузар бахъæлдзæг – иуæй, хуры тынтæ йæ цæсгомыл хъазыдысты, иннæмæй, мæргъты уæздан зард зæрдæ хъыдзы кодта.

Григол ма Дзуццаты Дзигойы зарæг куы базарыд, уæд се ‘ппæт иумæ зæрдæйы дуар гом кодтой, æмæ Мæздæджы Терчы былы уынд Тузарæн бынтон æнæнхъæлæджы рауад. Григолы афарста: «Уыцы Дзиго чи уыдис, æмæ йæ Терчы дон цæмæн фæласта?» Æнкъард таурæгъ, бæлвырддæрæй та æцæг хабар, радзырдта Григол: «Дзиго уыд хъæдгæройнаг сæрæн лæппу. Мæнæ мах хуызæн йæ хъæуккæгтимæ рацыд Мæздæгмæ мæнæу ласынмæ. Уæлæ Терк тынг кæм гуылф кæны, Быраны был æй хонынц, уыцы ран æмгæртты ‘хсæн ныхас рауад, ома Терчы иннæ фарсмæ чи баленк кæна, уымæн – сызгъæрин иу сом. Зарæджы ныхæстæ дæр афтæ сты: «Хъæлдзæг фæсивæд Быраны былмæ / Быраны былмæ ныххæццæ вæййынц. / Æмгæрттæй чидæр афтæ бадзуры: / «Чи баленк кæна Терчы фалемæ, / Уымæн ратдзынæн сызгъæрин иу сом». Дзигойæн Хъæдгæроны уыдис сусæг уарзон, куырдуаты бадæг Хъараты Женя. Уый йыл скодта ацы зарæг. Адæмы раз æй фыццагдæр йæхæдæг азарыд чындзæхсæвы.

Сæ зæрдæмæ тынг фæцыд, æмæ йæ адæмон зарæджы хуызы зарынц абон дæр».

Афтæ ныхæстæгæнгæ базармæ бахæццæ сты. Тузар уæрдоны бадæн фæйнæгыл слæууыд æмæ кæсы – адæм æмызмæлд кæнынц. Ахæм стыр базар никуы федта, æмæ йæм бæгуыдæр диссаг касти. Ацы адæм кæд иуулдæр «сырх мæнæу» æлхæнæг сты, уæд дзы фыстæ æмæ хъуццытæ та цæмæн ис, стæй хъыбылтæ дæр?! Фæндыд æй, адæм æмызмæлд кæм кодтой, уырдæм хæстæгдæр бацæуын, фæлæ, иуæй, уæндгæ нæ кодта, иннæмæй, Григолы фæдзæхст йæ зæрдыл лæууыд: «Хъусыс, Гæбул! Макуыдæм ацу дæ уæрдоны цурæй, цигайнæгтæ дын дæ бæх адавдзысты».

Бады Тузар, æнхъæлмæ кæсы. Уæрдоны хордзен ацагуырдта, дзулы карст æмæ цыхты къæртт систа. Ахæм адджын хæрд кодта, цыма йæ хус къæбæр мыды тылд уыди. Григол цы таурæгъ дзырдта, уый йæ зæрдыл æрлæууыд: «Цæвиттон, иу зæронд лæгæн уыдис бынтон магусайæ цæлуарзаг æртæ фырты. Зæронд лæг куы мард, уæд сын ныффæдзæхста: «Хъусут, мæ хъæбултæ! Мæнæй уын пайда нал ис, фæлæ сымах къæбæр æнæ мыд макуы бахæрут!» Фыд амард, магусатæ та цалдæр боны æххормагæй бадынц, фæлæ мыд кæм самал чындæуа, уымæн ницы зонынц. Афтид къæбæр мыды хæрд адджынæн бакодтой. Бамбæрстой сæ рæдыд, сæ фыды фæдзæхсты мидис, æмæ кусын райдыдтой, цард дæр сын бантыст».

Цымæ уыцы таурæгъ цавæр æмбаргæ лæг æрымысыд? Ууыл хъуыды кæнгæйæ та лæппу уæрдоны сæрæй фæлгæсы. Афтæ æнхъæл уыд, адæм иуулдæр иронау дзурынц, кæнæ ма Гришæйау уырыссагау дæр, фæлæ ам бирæ æндæр æвзæгтыл ныхас дæр хъуыста, æмæ йæм диссаг каст.

Уæдмæ Григолитæ фæзындысты æмæ бæхты иумæ мæнæуы голджыты цурмæ баздæхтой. Бавгæдтой сæ уæрдæтты, иу бæрзонд рихиджын лæг дæр ма сын аххуыс кодта.

…Цæуынц фæстæмæ сæ фæндагыл ныр цалдæр сахаты. Фембæлд сыл æрмæст иу бæлццон, Григол æй хъазахъхъаг салдат схуыдта. Изæрырдæм бæрзонд нæухох, хохаг гакъон-макъон фæндæгтимæ къуылдымы тъæпæны баурæдтой. Бæхты суæгъд кодтой, Тузар сын сæ хызынты сысджы æркодта, се ʻфцæджытыл сын сæ бафтыдта. Йæхæдæг нымæтыл уæлгоммæ хуыссы æмæ арвы æнæкæрон тыгъдадмæ кæсынæй не ʻфсæды. Ахъавыд стъалыты кæцыдæр хицæн къорд анымайынмæ,

фæлæ та йын-иу уайтагъд схæццæ сты. Уалынмæ адджын фынты уацары бахаудта. Цыма цавæрдæр æнахуыр уæлдæфон науы бады æмæ йæ йæхæдæг скъæры. Сæхи хъæуы сæрты йæ куыд сарæзта, афтæ йе 'мбæлттæ сæ худтæ тилгæ йæ размæ разгъордтой. Уæлæсыхæй Дзыдзыл дæр – семæ. Иууылдæр цин кодтой, сæ худын уæларвмæ хъуыст, Дзыдзыл та æрхæндæг æмæ мæсты каст кодта. Хæлæджы ахæсты бахауд, уымæн æмæ йæ мæйы размæ Тузар сæ бæрæгбоны абырста. Лæппутæм Тузар йæ къух тылдта, хæлæггæнæгмæ ма хъæр дæр кодта, фæлæ уый уæззау къахдзæфтæй сæ хæдзармæ фæраст.

Иу зылд ма æркæнон нæ хъæуы сæрты куыд загъта «тæхæг», афтæ йын йæ нау цавæрдæр æбæрæг тых нынкъуыста. Кæттаджы, ома нымæты кæроныл ма фæхæцыд æмæ фехъал. Кæсы, æмæ йын Григол йæ цонгыл хæцы, бæхты æрбалас æмæ нæ фæндаг дарæм, зæгъгæ.

Йæ бæхты дысон кæм ныууагъта, уыцы бынат райардта, фæлæ – сæ кой дæр нæй, æмæ æвиппайды ратыхст. Фæлæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, Григол æй куыд ахуыр кодта, уый. Бæхты агургæйæ, уæлдайдæр æхсæвыгон, пайда кæнын хъæуы зæххы хъустæй. Уæд ма Тузар дис дæр кодта, зæххæн та цавæр хъустæ хъуамæ уа, зæгъгæ.

Зæххыл дæлгоммæ ахуыссыд, йæ галиу хъус фæлмæн кæрдæгмæ нылхъывта, фæлæ ницы уынæр ахсы. Иннæрдæм ауад, хъусы та, æмæ – цыдæр уынæр. Дзæвгар ауад, æмæ мæнæ лæнкгонды – сæ бæхтæ. Дзылæрттæ сыл баппæрста æмæ рараст. Аифтыгътой сæ, Хуыцауыл сæхи бафæдзæхстой æмæ рараст сты.

Григол куыд загъта, афтæмæй ма хурæй баззад фондз бæндæны, уæдмæ фæцыдысты. Тымбыл хурæн бæндæнтæй барæн куыд ис, уый Тузар кæм бамбæрста, æмæ, Григолы зардмæ хъусгæйæ, хъуыдыты ацыд.

Уалынмæ – сæхи хъæугæрон! Тузар, уæрдоны мæнæуы сæр бадгæйæ, сæрбæрзондæй фæлгæсы, тъæпæн фæзы йе 'мгæрттæ къорийæ куыд хъазынц, уымæ. Уæрдоны фæдыл ныххал сты, цæмæйдæрты фæрсынц. Райсом сын балцы хабæрттæ иууылдæр бæстон ракæндзæн, мацы дзы айрох уæд, æндæр…

Уыйадыл чысыл Тузары дард æмæ, фыны дæр кæмæ бæллыд, уыцы балц ахицæн. Йæ зæронды бонты дæр адджын мысинагæн баззад йæ зæрдæйы, æмæ та йæ уайтагъд йæ сывæллоны бонтæм ахæссы. Цæй хорз у цард, раст лæгæй йыл куы рацæуай, уæд!




*Ацы аз ирон литературæйы пехуымпар Джусойты Нафийыл 100 азы кæй æххæст кæны, уымæ гæсгæ журналы редакцийы расидтыстæм Нафийы аз. Чингуыты рауагъдад «Ир»-имæ гом кæнæм сæрмагонд рубрикæ «Балц ирон аив дзырды дунемæ». Уæ размæ хаст цæудзысты, ныронг мыхуыры чи нæма уыд, йæ уыцы критикон уацтæ.*

*Фыссæджы сфæлдыстадон бынтæ бабæстон кæнгæйæ, абон рауагъдад «Ир» мыхуырмæ бацæттæ кодта æмæ рауагъта йæ уацмысты 50 томы. Дарддæр куыст цæуы иннæ 10 томыл дæр.*

*НАФИ*

# ПОЭТÆН МÆРДЫРОХ НÆЙ

*Уац*

Нæ курдиатджын поэт Дзуццаты Хадзы-Муратыл абон цæуид 70 азы. Ныр йæ тæккæ лæгыл уаид, фæлæ йын ахæм фадат нæ радта йæ хъысмæт. Хорз уыд уæддæр, æмæ Хаджи (афтæ йæ хуыдтам мах – йæ хæстæг æмгæрттæ æмæ хистæртæ) раджы райдыдта фыссын дæр æмæ мыхуыр кæнын дæр. Йæ ахуыры aзтæ дæр арвыста аив литературæйыл сагъæсты, аивдзинады миниуджытæ бæлвырд базонынылфыдæбоны, стæй дунейы иунæг ахæм ахуыргæнæн скъолайы – Горькийы номыл Литературон институты Мæскуыйы.

Хаджи йе стихфыст уацмыстæ мыхуыр кæнын райдыдта 1948 азы. Æз дзы дæс азы хистæр уыдтæн дыууæ мæйы цухæй, фæлæ æз дæр бирæ раздæр нæ бацыдтæн литературон зиумæ – фыццаг хатт Фысджыты цæдисмæ бацыдтæн 1945-æм азы декабры. Уæд Фысджыты цæдис æмæ журнал «Фидиуæг»-ы редакци иу уаты уыдысты Облæххæсткомы хæдзары, ныртæккæ «Органный зал» кæй хонынц, уый фæстæ асингæрон иу ахстонгонды. Уый уымæн зæгъын, æмæ, кæд азтæй æз дзæвгар хистæр уыдтæн, уæддæр цыма иумæ бацыдыстæм литературон куыстмæ, афтæ æнкъардтам нæхи, æмæ нын æмгариуæг кæнын зын нæ уыди. Æцæг, фыццаг арæх не 'мбæлдыстæм, нæдæр æввахс зонгæ уыдыстæм. Уый хъæуы цард æмæ уым ахуыр кодта, æз та горæты, ахуыр та фæсаууонмæ кодтон институты. Æз фæдæн каст 1949 азы, æмæ ацыдтæн ахуырмæ Ленинградмæ. Уый фæци каст астæук-

каг скъола 1952 азы ӕмӕ ацыд ахуырмӕ Мӕскуымӕ. Мӕскуыйы ма йемӕ ахуыр кодта Гаглойты Валодя. Уыимӕ рагӕй зонгӕ уыдыстӕм (уый мӕ ӕрмӕст дыууӕ азы кӕстӕр уыд, ӕмӕ хӕларӕй цардыстӕм). Кӕрӕдзийыл ӕмбӕлыны фадат нын ӕрмӕст каникулты уыд, фӕлӕ фыстӕджыты фӕрцы кӕрӕдзийӕн дзырдтам нӕ царды хабӕрттӕ, нӕ зӕрдӕты сагъӕстӕ. Раст уыцы рӕстӕг фӕзонгӕ стӕм Хаджиимӕ дӕр, райдыдтам кӕрӕдзийӕн нӕ хъуыдытӕ дзурын фыстӕджыты дӕр ӕмӕ лӕгӕй-лӕгмӕ ныхасы дӕр. Ныхӕстӕй зӕрдыл ницыуал лӕууы, фӕлӕ фыст ныхасӕн йӕ гакк йӕ уӕлӕ ис: йӕ фӕзынды заманы цы уыд, уымӕй баззайы ӕнустӕм. Йӕ ферох кӕнын дӕ тынг куы фӕнда, уӕддӕр дӕ цӕсты раз лӕудзӕн ӕмӕ дын йӕ цаудӕй дӕ цӕст къахдзӕн, йӕ аив ӕмӕ растӕй та дӕ зӕрдӕ хурварс баддзӕн.

Хаджи мӕм фыццаг фыстӕг куы арвыста Ленинградмӕ, уӕд ыл ӕрмӕст 18 азы цыди, йӕ тӕккӕ 'взонгыл уыди. Фӕлӕ уӕддӕр арӕхст хъуыды кӕнынмӕ литературӕйы вазыгджын фарстатыл, стӕй адӕймаджы зӕрдӕйы уаг ӕмӕ зондахастыл. Йӕ фыстӕджытӕ уымӕй сты цымыдисаг абон дӕр.

Поэтӕн йӕ фыстӕджытӕ дӕр йӕ зӕрдӕйы скъуыддзӕгтӕ сты. Уыдон дӕр йӕ уацмыстау рӕгъмӕ хӕссинаг сты, фыццаг та – ӕвӕринаг. Уый уымӕн зӕгъын, ӕмӕ фыстӕджытӕ поэт йӕ цӕргӕйӕ нӕ мыхуыр кӕны, стӕй сӕ мыхуырӕн дӕр нӕ фӕфыссы. Дуг ивы, фыстӕджытӕ фесӕфынц, ӕрмӕст ма дзы цагъды уӕлдӕйттау чысыл цыдӕртӕ аззайы... Гъе фӕлӕ уыдон дӕр рӕгъмӕ никуы хастам: ӕрмӕст Къостайы фыстӕджытӕ сты мыхуыргонд (чи дзы нӕ фесӕфт, уыдон) йӕ уацмысты ӕмбырдгонды. Цалдӕр мыхуыргонд ӕрцыд Секъа, Елбыздыхъо ӕмӕ Цомахъы фыстӕджытӕй дӕр. Афтӕмӕй ӕрмӕст Цомахъы фыстӕджытӕй ӕнӕ мыхуырӕй лӕууынц иу-фондзыссӕдзӕй фылдӕр.

Хаджийы фыстӕджытӕй мӕм ныртӕккӕ ис фараст. Уыдон уал рӕгъмӕ хӕссын. Искуы ма дзы мӕ чингуытӕ ӕмӕ къухфыстыты 'хсӕн, ӕвӕццӕгӕн, уыдзӕн, ӕмӕ, уыдон дӕр куы разыной, уӕд сӕ ратдзынӕн мыхуырмӕ. Ныртӕккӕ ма мӕ армы сты Хаджийы фыстӕджытӕй иуцалдӕр Гафезмӕ ӕмӕ Плиты Грисмӕ. Уыдон дӕр уыдзысты мыхуыры. Хаджийы фыстӕджытӕ иннӕ ирон фысджытӕм ныр ма адресаттӕм сты, ӕмӕ сӕ нӕ зонын.

Хаджийы сфӕлдыстад дардыл дзуринаг у. Хаджи курдиатджын ӕмӕ стыр куыстхъом лӕг уыди. Бирӕ сарӕзта нӕ поэзийы, критикӕ-

йы, литературæзонынады, афтæ прозæйы дæр æмæ тæлмацы аивады дæр. Уыдон дардыл дзуринаг фæзынд сты, æмæ сыл нырма бирæ дзурджытæ уыдзæн. Хъуыддаг афтæ у, æмæ фыссæг дæр хуымæтæджы адæймаг у, Плиты Грисы загъдау, «зæххон мæлинаг» лæгтæй у, фæлæ ма уымæй уæлдай, мæрдырох кæмæн нæй, ахæм адæймаг дæр у. Йæ фыстыты аивдæр, зондджындæр, адæймагуарзондæр хай баззайы æнустæм адæмы зæрдæйы, вæййы иууыл хуыздæр мысинагау, æмæ йæ кой фæкæнынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Ахæм уацмыстæ – æнустæм мысинаг! – дзæвгар ис Хадзы-Мураты сфæлдыстады, æмæ нæм сæ кой уыдзæн ныр дæр æмæ ырæй фæстæмæ дæр. Æз уал ныр мæнæ йæ фыстæджытæй дыууæ хæссын чиныгкæсджыты размæ. Стæй ам нæ уыдзыстæм: нырма Хадзы-Муратыл дзурæн бонтæ фæсте сты.

## ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ

*Дорогой Нафи.*

*Письмо, которое я получил от Вас, меня чрезвычайно обрадовало. Я никогда не думал, что Вы так просто, по-дружески чутко, как к своему младшему брату, относитесь ко мне. Ваш откровенный разговор, Ваши советы восприняты мною всем сердцем, и благодарю Вас за них.*

*Нафи, я знаю, что Вы в каждом письме к Володе спрашивали обо мне, о моей учебе и творческой работе. Меня это сильно волновало, хотел написать Вам письмо, но не осмеливался. Я – парень застенчивый. Может быть, это – плохая черта в характере человека, но что поделаешь... И, притом, мы с Вами никогда не дружили, вследствие чего я не находил в себе столько смелости, чтобы написать Вам письмо, рассказать о своей творческой работе, о своих взглядах на некоторые вопросы литературы и искусства. Теперь, с этого письма, я думаю, завяжется между нами крепкая дружба, постоянная переписка, во многом способствующая моему творческому росту. Я всегда буду считаться с Вашим мнением о моих стихах, ибо в Вашем лице я имею единственного человека (в Юго-Осетии), справедливо указывающего на мои слабости и сильные стороны. Из всех оценок, даваемых некоторыми нашими поэтами моим стихам, Ваши оценки являлись единственно верными, отвечающими моим душевным потребностям.*

*Учась в Литинституте, я написал ряд стихотворений. Одно из*

*них посылаю Вам. Я ничего не могу говорить о своих стихах, кроме плохого. Æмдзæвгæ куы фыссын, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма уымæй хуыздæр дунейыл нæ уыдзæн. Иу къуырийы бæрц рацæуы, æмæ йæ нал фæуарзын. Своей слабой стороной я считаю недостаточное знание осетинского языка, его грамматики и словарного состава. Думаю, что языковых погрешностей не лишен и мой «Диктант».*

*Нафи, куыд фыссут, афтæмæй уæ базонын фæнды, уырысы фысджытæй мын чи æххуыс кæны, уый. Раст уын куы зæгъон, уæд – æппындæр ничи. Ырма нæ курсы поэттæн сæрмагонд семинар æмæ къухдариуæггæнæг нæй. Амæй размæ иуцалдæр хатты хайад райстон Евгений Долматовскийы семинары. Дарддæр куыд уыдзæн, уый тыххæй уæм ныффысдзынæн.*

*Если Вам интересно знать о моей учебе, то могу написать коечто. Сейчас, как известно, зимние сессии в разгаре. Я к новому году успешно сдал все зачеты, а в настоящее время сдаю экзамены. На «отлично» сдал логику, народное творчество, языкознание. Остался еще один экзамен по античной литературе.*

*Здоровье мое превосходное. За время пребывания в Москве я так поправился, что не узнаете. К моему счастью, живу в самом институте, а то бы давно простудился. Общежитие находится за чертой города (30 км), а я одет плохо, хожу в одной только поношенной телогрейке. Живу почти на одну стипендию, отец иногда присылает деньги. Союз писателей не помогает ни одной черной копейкой, не печатают мои стихи. Но пусть... Пусть Реваз и Иван халтурят своими дрянными стихами и воздвигают себе царские дворцы! Я как-нибудь преодолею препятствия, стоящие на пути, и добьюсь своей цели – закончить институт.*

*Нафи, я на этом заканчиваю. В следующий раз напишу больше. До свиданья. Будьте здоровы и счастливы!*

*Ваш Хаджи-Мурат*

Фиппаинæгтæ. Фыстæгыл йæ ныффыссыны рæстæг нæу нысангонд, фæлæ конвертыл цы штамп ис, уымæй бæрæг у йæ æрвысты рæстæг: 1953 азы январы 15-æм бон.

Фыстæджы ис уæды ирон фысджыты кой: Валодя – Гаглойты Владимир, уый дæр уæд Литинституты ахуыр кодта Мæскуыйы; Реуаз æмæ Иван – Асаты Реуаз, уæд Хуссар Ирыстоны фысджыты

организацийы сæрдар уыдис; Цхуырбаты Иван, уый дæр уæд нæ фысджыты организацийы куыста, ныр цæры Мæскуыйы. Фыстæг æрвыст у Ленинградмæ, æз уæд уым ахуыр кодтон аспирантурæйы. Хадзы-Мурат йæ фыстæджы æрæрвыста æмдзæвгæ «Диктант». Кæд нæ рæдийын, уæд мыхуыргонд нæ уыди.

* * *

*Салам, Нафи!*

*Ды фыстæджы Светловы кой кæныс, æмæ мæм Светловы юмор куы уаид, уæд дæм гъæйтт-мардзæ худæг зонддзын фыстæг ныффыссин, йæ кæсын дын æхсызгон уаид, фæлæ, гъа, цы бакæнон – æрдз мын уыцы иугъæдон, æгъуыз, «серьезон» натурæ схай кодта æмæ, мæ нывы конды цы фæцис, уымæй дарддæр мæ бон ницы у. Дæ зæрдæ тынг кæуыл тыхсы (ирон литературæйы 100 азы юбилей), уымæй ницыма бæрæг ис – Цæгат сæ дзыхтæ ныххуыдтой, махонтæ дæр æнцад бадынц, ницы сæ хъустыл хæцынц.*

*2-æм октябры ауагътам Поэзийы бон (æвæццæгæн, иронау стыр дамгъæйæ Поэзи фыссын хъæуы, бон нæ, фæлæ). Облæххæсткомы залы уыд. Адæм дзы бирæ нæ уыд – адæм афтæ фесæфтысты, æмæ дзы алкæмæн йæхи гуыл йеддæмæ цымыдисаг ницыуал у, – фæлæ уæддæр мæгуырау нæ уыд. Æцæг у, æмдзæвгæтæ дзы, мæнæ-мæнæ раппæлинаг чи уа, ахæмтæ иу-дыууæйы йеддæмæ ничи бакаст. Æвæццæгæн ма амæй фæстæмæ куы аразæм ахæм бонтæ, уæд сæ хуыздæр организаци кæнын бахъæудзæн – хъуамæ поэт поэты хуызæн уа, æмдзæвгæ та – æмдзæвгæйы хуызæн! Стæй сæ уадзын та хъæуы 2-æм октябры нæ, фæлæ 15-мы – Къостайы райгуырæн бон. Гуырдзы дæр афтæ бакодтой – 25 сентябры йæ уадзынц, Руставели, дам, уæд райгуырд.*

*Дзугайы-фырт дæ фæстæ Гаграмæ адымдта, Хацыры-фырт дæр отпусчы ис, æмæ мын Бестауы-фырт мæ фыццаг скодта Датикъойы радзырд – средакци, дам æй кæн! Ныххæххытæ, нылхъывдтытæ йæ кодтон, æмæ дзы 25 фарсæй 15 фарсы баззад. Ды, уацмыстыл куыд бирæ кусын хъæуы, уый тыххæй фыссыс, æмæ, æцæгдæр ,æгæр цъус сыл кусæм, æгæр æбæрн цæстæй кæсæм нæ дзымандытæм. Нæ зонын, Датикъо цы зæгъдзæн, чи зоны мæм хæрам дæр фæуа. Мæхимæ гæсгæ йын æз хæрзиуæг сарæзтон, йæ уацмыс ын гæзæмæ фæхуыздæр кодтон. Æниу æй ныр ахæмтæм кæм равдæлдзæн – йе ‘рдхорд, йæ*

*хъаймæт æфсымæр Резо йын æрыздæхт йæ дард балцæй æмæ, кæд «Одиссейы» не 'рласта йемæ, уæддæр йæхи сæр дзæбæхæй æрхæццæ.*

*Знон Деболайы дæр ауыдтон, Ӕлхъæцайы-фырты, «хаст декабрист» чи у, куыннæ йæ зоныс! Чидæр, дам æй йæ дæлкусджытæй Дзаумæ аласта, нырма йемæ нæ аныхæстæ кодтон.*

*Цæгат Ир сæ премитæ дæттынмæ æрхæстæг сты, «Рæстдзинад» ныммыхуыр кодта Дарчиты Гибылы уац Цырыхоны поэмæйы (цæй, поэмæ йæ схонæм!) тыххæй. Ӕппæлы дзы. Раст, поэмæ йæхæдæг куыд иумæйаг тутт у, афтæ у Гибылы уац дæр. Диссаг æмæ мæм хъыг кæсы ахæм инфантилон литературон атмосферæ. Арæби, афтæ фесæфтыстæм, æмæ, цахæмдæр ницæйаг уацмысæн раст аргъ скæнæм, уый нæ бон нæу? Бавдæлдтæн æмæ ныффыстон контруац. Арвыстон æй абон – кæд æй мыхуыр нæ ныккæной, уæд æй зонгæ уæддæр кæнæнт, зæгъгæ, чиныгкæсджытæ се 'ппæт къуыттытæ æмæ куырмытæ не сты.*

*Мæ уац куы ныффыстон, уæд бакастæн Плисецкая Майяйы ныхæстæ: «Хуже всего, когда нет открытого спора, когда никто не заинтересован знать правду. Такая среда – рай для карьеристов и всякого рода духовных ничтожеств. Я не знаю ничего отвратительнее холодного сознательного карьериста». Цас нæм дзы ис махмæ уыцы «удæй ницæйæгтæй», æмæ сæ мыггаг кæд сыскъуыйдзæн?!*

*Институт, куыд æй ныууагътай, афтæ у. Иу ногдзинад дзы ис – сцалцæг æй кодтой, къултæ байсæрстой, кæм цъæхæй, кæм урсæй. Не 'мкусджытæй йæ удæн тас никæмæн у (нырма!), æнæуый та дæхæдæг зоныс, цæрын куыд хъæуы, уый сын Уастырджи дæр нæ бацамондзæн (ома сæ тæбæгъы дон къул кæнын никуы бауадздзысты).*

*Къниаз Тъехон Баграт æрыздæхт Цæгатæй, уыд Зеленчукы, тынг йæ зæрдæмæ фæцыд. Мæ зæрдæйæ, кæмдæр йæ топонимикон нæмттæ иууылдæр ирон сты. Дон, дам, дзы цæуы – Иркиз, ома ирон чызг. Цы ма дæ хъæуы æндæр, поэзи нæу, æви цы! Ӕвæццæгæн, искуы уыцырдæм куы ацæуиккам, уæд фæсмон нæ фæкæниккам. Кузнецов дæр йемæ уыдис, къахынмæ банысан кодтой дæсгай алайнаг сахартæ.*

*Нафи, Грисæй ницы базыдтон. Ме 'гуыдзæгдзинад дын дзурын, телефонæй дæр æм нæ бадзырдтон. Хъайсынæй дæр ницыма райстон. Нæ национ æрвад кæй у, уый тыххæй Поэзийы боны дзырдтон, æмдзæвгæтæ дæр асыйаг циклæй бакастæн.*

*Ахæмтæ сты нæ хабæрттæ. Мæ поэмæгонд фыст фæци. Арф ран*

*æй нывæрдтон, æруазал уа, стæй та йæм ногæй æрыздæхдзынæн, кусын ма йыл бахъæуздзæн. Нырма йæм мæ цæст февналын нæ уарзы, фæлæ йæм мæ зæрдæ куы фæхъæбæр уа, уæд дзы хæххытæ уыдзæн. Ныффыстон ма æмдзæвгæтæ дæр – иу-ссæдзæй фылдæр.*

*Бинонтæ-йедтæ иууылдæр дзæбæх сты. Салæмттæ дын æрвитынц. Фæрсынц дæ институт, фысджытæ. Хъодалаты Герсан мын чысыл раздæр дæр дæ кой кодта. Рынчындонæй рацыд, йæ куырмтъанг ын слыг кодтой. Нугзар дæр дæ цалдæр хатты бафарста, нæма, дам, æрцыд, зæгъгæ. Цыдæр хæсджын дæ у æмæ ууыл тыхсы.*

*Цæй, фенынмæ! Сæрæгасæй нæм æрыздæх!*

*Хадзы-Мурат. 5.10.65 аз*

*Къонверт Гæбæриан Никъойæ райстон, йæ цæрæнбонтæ бирæ!*

Фиппаинæгтæ. Фыстæг æрвыст у Цхинвалæй Ялтæмæ, Фысджыты кусæн хæдзармæ, – æз уæд уым уыдтæн иу мæйы бæрц. Фыстæджы ис ирон фысджыты кой: Датикъо – Джиоты Дауит, йæ «хъаймæт æфсымæр», Резо – Цоциты Резо, Æлхъацаты Дебола – æцæгдæр «хаст декабрист» уыди. Куы йæ ссæрибар кодтой, уæддæр реабилитацийы фæстæ баззад Таймыры æрдæгсакъадахыл цæргæйæ, йæ мæлæт дæр æрцыд уым. Хæлар уыд Хуссар Ирыстоны фысджытимæ. Йæ мад Томиан уыди диссаджы рæсугъд зæрдæйы хицау. Дебола йæ афтæ бирæ уарзта, æмæ, куы фæзиан, уæд уый дæр Ирыстонмæ нал æрцыд… Дарчиты Гибыл – Дарчиты Дауыты хуыдтой фысджытæ хъазæн номæй – Гибыл. Йе ‘ппæлæн уацы ныхмæ Хадзы æцæг ныффыста уац Цырыхаты Михалы (Цырыхон) поэмæйы фæдыл. Уац мыхуыры дæр рацыд, фæлæ поэмæйæн уæддæр лæвæрд æрцыд Къостайы номыл преми. Уый обкомы номæй лæвæрд цыд, æмæ уым та Михал нымад лæг уыд. Преми райсынæн та фаг уыд ахæм авторитет хицæутты цæсты, уацмысы идейон-эстетикон миниуджытæ бирæ ницы мардтой. Грис, Хъодалаты Герсан, Бахъаты Нугзар – ирон фысджытæ. Тъехты Баграт æмæ Кузнецов – археологтæ, Баграт уæд куыста Зонадон-иртасæн институты немæ, Кузнецов та – Цæгат Ирыстоны Зонадон-иртасæн институты. Гæбæриан Никъо (Никъала) – уæд дæр æмæ ныр дæр кусы Зонадон-иртасæн институты хайады хистæрæй. Хъайсын – Кулиев, стыр асийаг поэт.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***13 декабры*** Мæскуыйы Культурæйы уæрæсейаг фонды бæстыхайы уыд, журнал «Мах дуг»-ы литературон конкурсы фæлгæты цы чиныг уагъд æрцыд «Фыстæг Къостамæ», уый презентаци. Чиныгмæ хаст æрцыдысты уæлахиздзауты фыстæджытæ. Мадзалы архайдтой Мæскуыйы цæрæг ирæттæ æмæ уазджытæ Ирыстонæй.

► ***25–26 декабры*** Ирон театры уыд Цæголты Василийы роман «Хæхбæстæй минæвæрттæ»-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы премьерæ. Режиссер – Уалыты Гиви, уæлæдарæсы нывгæнæг – Уалыты Ларисæ, нывгæнæг-сценограф – Гарри Гуммель. Сценарийы автор – Михаил Левитин. Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Цæриаты Валери. Спектакль æвæрд æрцыд Уæрæсеимæ баиуы 250 азы боны кадæн.

► ***26 декабры*** Цæгат Ирыстоны республикæйы Сæргълæуууæг Сергей Меняйло РЦИ-Аланийы адæмон артисты номæй схорзæхджын кодта Ирон академион театры аивадон разамонæг Уалыты Гивийы.

► ***1 январы*** йæ цардæй ахицæн УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ Дзбойты Зоя.

► ***15 январы*** Уæрæсейы мыхуыры боны кадæн РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæджы æрвылазон премитæ райстой: Хъалæгаты Надеждæ, Джыккайты Заремæ, Балаты Ритæ, Хъайтыхъты Кристинæ, Къæбысты Аннæ, Къæбулты Иринæ, Хæдарцаты Лидæ, Дриаты Аквсентий, Инга Мамедова, Дойаты Вероникæ, Баскаты Эльзæ, Кочиты Альбинæ, Хъотаты Аленæ, Калманты Зæлинæ, Калоты Дзерассæ, Лалыты Дианæ, Фæрниаты Зауыр.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 1. 2025 г.
Подписано в печать 17.01.2025 г. Выход в свет: 31.01.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 800 экз. Заказ № 20. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы

Цъарыл цы къам ис уый æмæ «Мах дуг»-ы равдыст»-ы къамтæ
ист сты Интернетæй. Къамисджытæ: Букуылты Андрей, Радæ Садыгова,
Гасситы Михаил, Дзодзыккаты Марат.

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

* * *

***Мæцъы бæндæнау тъæнджы мæй ныддаргъ и,***
***Ныссабыр æрдз, цыма фынæй кæны.***
***Йæ тынты кæрцы батыхта йæ зымæг***
***Æмæ йын рагон таурæгътæ кæны.***

***Кæлынц уæларвæй миты урс къуыпатæ,***
***Гæлæбутау цыма пæр-пæр кæнынц.***
***Цыма сты уыдон цины уацхæсджытæ***
***Уæларвон зæдтæй, афтæ мæм кæсынц.***

***Нæ заз бæлас лæууы фæлыстæй къуымы,***
***Кæлы фæйнæрдæм чъиуназы хæрздæф.***
***Йæ алыхуызон хъазæнтæ æрттивынц,***
***Цыдæр æнахуыр рухс кæнынц æхсæв.***

***Куы фенын æз мæ рудзынгыл хæднывтæ,***
***Æхцондзинад уæд банкъары мæ уд.***
***Цавæр дæсны нывгæнæг сæ ыскодта,***
***Фæдис кæнын æз, афтæ тынг рæсугъд?!***

***Куыд хорз ысты зымæгон урс æхсæвтæ,***
***Куы адары бæмбæгау бæстæ урс.***
***Дæ хъарм уаты дадайы фарсмæ бадгæ***
***Цымыдисæй нæртон таурæгътæм хъус.***

***Зымæгон бон, кæлынц къуыпатæ арвæй,***
***Сывæллонау сыл цин кæны мæ уд.***
***Тæхуды, 'мæ лæджы цард дæр куы уаид***
***Хæмпус митау æнæлаз 'мæ рæсугъд!..***




Индекс 73247

12+